Әбдимурат АТАЖАНОВ



# ҚАЙТЫП КЕЛИЎ

(*Гүрриңлер*)

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
1996

www.ziyouz.com kutubxonasi

**Атажанов Ә. Қайтып келиў:** *Гүррињлер*
— Нөкис: Қарақалпақстан, 1996 116 б.
Балалар ҳәм жас өспиримлер әдебиятлары бөлими.

Жазыўшы Ә. Атажановтың бул топламына бир қатар гүррињлери киргизилген. Топламда бахытлы балалық, туўған жерге сүйиспеншилик жырланып, ана тәбиятты әлпешлеўге жас өспиримлерди шақырады.

A $\frac{4803270201-300}{М-357\ (04)-96}$ 1496

ISBN 5—8272—1646—1

© «Қарақалпақстан» баспасы, 1996

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАЙТЫП КЕЛИУ

*(гүрриң)*

Ана ҳешнәрсеге түсинбеди. Өйткени, күнде азанда стадионға ерте жөнейтуғын баласы бүгин арқайын Асығайын демейди. Ултанында бужыр-бужыр түйиртпеклери бар аяқ кийимине де қыйсайып қарамайды. Қайта қасынан тез өтип кетеди. Ана сыртынан бақлады: баласы қапа, мәниси жоқ. Ийнине илдирип кететуғын жасыл сумкасында кәт астына ылақтырып таслапты. Ақырында, екеўи сыртқы қапы аўзында дусласты. Бала қапталынан шалт өтип кетпекши болды. Ана жеңинен тартып ирикти.

— Тоқтап тур, — деди буйырып. — Тоқта!

— Неўе?

Бүгин негедур «Неўе, апа?»—деп айтпады. О неси? Ҳаў, сонда анасына өкпелеп жүрме? Не ушын? Керек затының барлығын әперип қойыпты. Китабы, дәптери тайын. Топ керек деди, таўып әкелип берди. Үстиндеги спорт формасы да таза. Жилиншигине орайтуғын пайтаба киби қалың нәрсени де қәтере салып тапқаны қайда? Олай болса неси кемис? Неге қапа? Я болмаса әкеси урысты ма? Урысқанын көрген жоқ. әкесиниң кешеден бери кеўили хош. Үш-төрт айлап шойырылып жатырған машинасын бир ҳәпте бурын оңлатып алды. Ҳәзир шапқы аттай-алыс районларға ҳарлап қатнап тур. Көлденең табысы да мол қусаған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Егер де қалтасына аз қуйылганда қашшан тоңқылдап мийди тесер еди. Баласы неге қана? Стадионға неге бармай қалды? Ойын ойнап болған ба? Олай деп айтқан жоқ еди гой . . . Азанда басқа балалардың кетип баратырғанын көрди. Күнде қайырылып кететуғын балалар, бүгин иркилген жоқ. Еспазар қайда деп те сорамады. Неге олар сорамайды. Үйге неге қайырылып кетпейди.

— Не қылып жүрсең? — деди баласына.

Хеш.

— Ойынға бармайсаң ба?

—Жақ.

— Неге?

Бала бетин терис бурды. Көк көзин алып қашты. Суйир ийеги дирилдегендей сезилди анаға. Жүзин неге алып қашады?

— Муғаллим менси урыстың ба? (Ана тренерди муғалим деп атайтуғын еди). — Айтқанын қылмадың ба?

—Жақ. Урысқан жоқпан ... Өзим.

— Жасыр ма? — Ана тиклениш қарады. — Сезбей жүр дейсең бе? Сеземен. Урысып қалғансаң.

— Олай емес . . . Мен . . . Өзи . . .

— Неге сен? Неге өзи? Туснндирип айтсеш!

Соның арасында даладан машинаның гүрилдиси еситилди. Изинше темир дәрўазаның киши қапысы шаңғырлап ашылды.

— Неге оқырайысып турсыз? — деди сырттан келген киси. Ол баланың әкеси еди. — Не болып қалды? Ким кимди жеңе алмай атыр — Ол пақсаға бет бурып турған баланы өзине қаратты. — Не гәп? Айтсеш! Кимнен болды?

— Не?

— Апаңнан ба, сеннен бе деп атырман?

— Хешқайсымыздан болған жоқ — деди ана. — Мен буған неге ойынға қатнамайсаң деп атырман. Бул болса дурыслы жуўап бермейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әке екеўиниң шекинисип турғанының мәнисине енди түсинди.

— Ҳе-е, еле ойынға бармай қалды ма? Ҳаў! — Ол мыйық тартты. — Мен үйден Пеле шықты деп мақтанып жүрсем. Не қылғаның?! Ойнап болғаның ба? Ойнап . . . Неге үндемейсең? Неге? Я болмаса балалар басқа қалаға ойынға жөнеп, тренер сени жалғыз таслап кетти ме?

Ҳақыйқатында әке ортаншы баласының футболға қатнап, жарыслардағы ойынларын гүзетип жүр еди. Алыс қалаларға изине ерип кетпесе де, ел ишиндеги ойынларынан қалмайды. Ўақыт табады . . . Өзиниң пәмлеўинше, баласының аяқ алысы жаман емес. Егер де қорғаўшы болсын, ҳүжимши болсын командаға пайда келтиреди. Ойынларын көрди. Топ аяғына жабысып қалады. Қатарынан бир-еки ойыншыны ниймәлел алдап өте алады. Анабирде тренери де мақтады. «Еспазар жақсы ойнайды. Майданда өзин еркин тутып биледи. Жуўырғыш. Бирақ». Тренер негедур «бирақ»тан кейинги пикирин айтпады.

— Жақ . . . Мени . . . — деп миңгирледи бала.

— Ал, сени . . . Сөйтип . . .

Бала және терис бурылды. Көзине жас үйирилди. Усыннан алдарқатпаса өкирип жылап жибережақ.

— Қой, қой балам, — деди ана. — Топ ойнамағанда өлемисең?! Қайта сабаныңды оқы. Үйде тынышыңа отыр. Ертели-кеш тынымың жоқ. Мен болсам аяғыңды сындырып аласаң ба? — деп үйде бир қысым болып отыраман. Мени аясаң ойнағанды қой. Жетер енди.

— Апасы, гәп ойынды туўарғанда болып турған жоқ, — деди әке. — Мәселе басқа нәрсе де қусайды. Қәне, өзиң айта ғой балам. Не болды?

— Ҳешнәрсе.

— Неге ҳешнәрсе. Айтайын ба? Айтайын ба? — Әке қызып сөйледи. Неге әкеңди алдайжақсаң?

— Билмейсең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Билемен. Ишинде болмасам да билемен. Сениң неге өкпелегениңди қашшан түсиндим. — Әке күлди. — Айтайын ба, апасы. Айтайын ба?

— Айта ғой партылдақ. Айт.

— Тап мына балаң әкесине тартқан ямаса маған. Өзимшил. Қызғаншақ. Өзин жақсы көреди.

— Ағасы, жаңа дурыс айттың. Бурынлары маған жеңислик бермейтуғын едиң.

— Ҳәзир тәслим боламан апасы. Ақыры, үйде өзимшиллик жарассада, дүзде келиспейди. Футбол да болса пүткиллей басқаша. Ол көпшилик ойнайтуғын ойын. Биреудиң өзимшиллиги барлығын бузып кетеди.

Бала ойланып қалды. Ырасында да әкесиниң дусмаллап айтқанлары шынлыққа жақын еди. Ол қайдан биледи? Көрген жоқ. Өзи айтпады.

. . . Бул ең соңғы ойын еди. Теңбе-тең ойнап, бир очкоға ийе болса — қала чемпионы. Биришилик қолда. Финалда ойнайын деп атырған қарсылас команда да талайларды опық жегизген. Ҳүжимге шебер. Жақсы қорғана биледи. Ақыры, сақадай сайланған командалар арасынан финалға шыққанынша бар. Тренер де ол команданың бирқанша ойыншыларын көрди. Қорғаўшы, ҳүжимшилериниң тәсиллерин үйренди. Нәтийжеде өзиниң командасы ойыншыларына оларға қарсы қалай ойнаў лазымлығын үйретти. Кимди-ким бағады, кимди-ким қорғайды, әне солай етип, барлығын ақ қағазға сызғандай етип анық түсиндирди. Бул сапар жеке ойынды қойың, көпшилик бир болып ойнаў керек деди.

— Бул шешиўши ойын, — деди ол ҳәр балаға нықлап. — Майданда өз бетиңизше ойын көрсетпейсиз. Дара ойынға жол жоқ. Топ аяғыңызға тийгеннен ашық турған ойыншыға жеткересиз. Бир секунд иркпей. Гирттай иркилсең топтан айрылып қаласыз. Топсыз ойын-ойын емес. Уқтыңлар ма?

Ойын басланды. Қарсылас команда биринши таймда басым келди. Узын қара бала аяғына топ иликсе,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қуйындай уйтқып кетеди екен. Ҳәп-заматта дәрўаза қарсысына барып қалады. Қорғаўшылар шыргүбелек таўланып, алдында албырап қала береди. Әўмет деген усы болса керек, ол баланың тепкен тобы бирese дәрўаза маңлайшасына тийип қайтты, бирese тордың қапталына дүкти. Әйтеўир, биринши таймда есап ашылмады. Есназар бир-еки ирет топты қуўалап барып дәрўазаға жақынлағаны менен қорғаўшылардан утылып қалды. Бир ирет тепкен тобын дәрўазаман муш пенен урып қайтарды.

Тәнеписте тренер күтпеген өзгерис енгизди. Есназар орнына басқа баланы қойды. Оған қорғаўшы боласаң деди. Тренердиң бундағы мақсети — ҳүжимшини қорғаўшыдан тасаланқырап алдарқатыў еди. Ортадан топ алған Есназардың дәрўазаға шекем қуйрық-жалын шалдырмастан жетип баратуғынына исенеди. Қорғаўшылар оннан енди онша қәўипсинбейди. Нәтийжеде ярым қорғаўшы және ҳүжимши хызметин атқарған Есназардың майданда еркин жүрип, ҳүжимди нәтийжели питкериўине имканият жаратылады.

Есназар тренер ойына түсинбеди. Бирден гүрт етип ашыўланды.

— Онда ойнамайман, — деди қызараңлап. — Керек емес. Мен ярым қорғаўшы емеспен. Оған уқыбым жоқ.

Түсиндирип турмаға ўақыт тар. Тренер де пикиринен қайтпады.

— Ойнайсаң. Ҳүжимшисең деп маңлайыңа жазып қойған жоқ. Мениң буйырған жеримде ойнайсаң. Жағдай соны талап етип тур.

— Ойнамайман!

Есназар шеттеги терекке илдирилген сумкасына қарай бир бүйирлеп кетти. Тренер шақырмады. Бала жалынады деп ойлады. Шыны намысы келген еди. Мен кетип қалсам команда сөзсиз утылады деп пәмледи.

Тренердиң оны үгитлеп, ойнаўға көндирмеге ўақыты



www.ziyouz.com kutubxonasi

жоқ еди. Өйткени, ортадағы судья ойыншыларды ойынға шақырып атыр.

— Қайдан билесең? — деди бала азғантай ўақыттан кейин. — Өзиңше сырттан болжап турсаң?

— Болжайын-болжамайын сеники дурыс емес. Көпшиликтен шетлеп қайда барасаң. Керисинше көпшиликтен кеширим сора. Команданы ең қыйын ўақытта таслап кеткениң өтирик пе? Менсиз сөзсиз утылады деп кеттиң. Өзиңди басқалардан артық санадың. Солай ма?

— Менсиз утылған жоқ ғой. Қайтама утыпты.

— Дурыс, утылмаған ... Ал, сен кетип қалмағаныңда тезирек утқан болар еди. Бир емес, еки топ өткерер еди.

— Мен топ өткерген жоқпан ғой. Мен топ урмақшы едим. Тренер түсинбеди.

— Сениң өткериўиң шәрт емес. Абырай шерик болатуғынын түсин. Сен бир нәрсеге түсинбегенсен. Футбол — көпшиликтиң ойыны. Көпшилик жәм болғанда ғана табыс қолға киреди. Болмаса жоқ.

Бала үндемей қалды. Ана екеўиниң гәпинен ҳешнәрсе уқпаса да, баласының ешейин нәрсеге өкпелеп ойынды таслап кеткенин түсинди.

— Енди балам не қыласаң? — деди ана әсте. — Ойынды қоясаң ба? Бәрибир басыңа пайдасы жоқ. Және тағы жөнсизлигиң билинип қалды.

— Қоймайды! — Әке гәпти кести. — Қоймайды. Қайтып барады. Балам нағыз футболшы боламан десең, жалғыз өзиңди ойламайсаң. Көпшиликке бағынасаң. Ар-намысқа тең тырысасаң. Тренердиң айтқанын сөзсиз орынлайсаң. Түсиндиң бе енди?!

— Түсиндим.

— Барасаң ба?

— Барсам барайын.

... Ойыннан кейин көгалда дем алып жатырған балалар машинадан түскен Есназарды көре сала:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әне қайтып келди. Қайтып. Киятыр киятыр, — деп шуўласты. — Келгени жақсы болды.

Тренер Есназарға қарай жүрди.

— Қайтып келетуғыныңды билетуғын едим, — деди ол баланың арқасынан қағып. — Айыбыңды бәрибир түсинетуғыныңды билдим.

Есназар тренерге күлимсиреп қарады да, көгалда жамбаслап жатырған командалас досларына қарай жуўырып кетти.

## ҚАРЛЫҒАШ ПАЛАПАНЫ

*гүрриң*

Жаздың соңындай эптап күнлери болады, мисли қайнаған суў аспаннан тамшылап турғандай сезиледи адамға. Ҳаўа жетиспейди, ал терден териңдей ийлениp былбырап қаласаң. Усындай да маңлайыңды желпип өтер самал есе қойғанда қәнекей, қайтама ғаздың қаўырсының елп еттиргендей желде емге табылмайды. Дала, оның баўырындағы жайсаң жасыл шөплер, көз қумарын тойдырған гүллер, аўыл арасындағы әўдийген тығыз таллар өзи менен өзи болып, шақаларын силкип, жапырақларын жылўалы сылдырлатпайды. Мүлгип турады. Аўыл арасында да бийжөн жүрген жан көринбейди. Тили салаңлаған көпеклер изинен шыбының ертип, салмаға қалай болса солай түседи де, салқын суўға баўырын басып жатып алады. Тынымсыз таўықларға шекем көк шөпликке тастай батып, суўдай сиңип сес шығармайды. Қулласы, түстеги мыс қайнаған ыссыда тезек домалатқан қоңызды да, гүлден-гүлге елпилдеп қонған гүбелекти де, төбесинде жуп «антенна» сы былғаңлаған суў өгизди де, ыбыр-жыбыр қумырысқаларды да ушыратпақ қыйын.

Соңынан күн аўып, күнниң қәҳәри қайтып, отлы ҳәўир басылайын дегеннен жәнликлер, гүбелеклер кең



www.ziyouz.com kutubxonasi

далада сайранлап жүреди. Адамлар жумысқа асығады. Әсиресе, шаңқай түсте бақанға қонақлап, болмаса уясын салған жерге тынбастан кирип-шығып жүрген қарлығашлар, енди көкке тикке көтерилип ушып шашыранды ақ бултлардың бержағында ақсүпке қадаған қара сәденлерден айнымастан зууылдап ушып жүреди.

Усы күни, аўа, жаздың ортасында аспанды булт қәпелимде қаплап алды да, изинше тасырлап жамғыр жапты. Тамшылары мәштен де ири еди. Қуйды, қуйды.

Бай-буў, бала жаңа ғана егислик үстинде топар-топар болып ушып жүрген шымшықлар ҳәп-заматта зымғайып болды, байғус пышықлар жамғырдың күпә күндизги тасырлысынан шоршынып мыяўлап зытқып панаға тығылды, таўықлар қанатын жайып жуўырысып кетеклерине сүңгиди.

Қарлығашлар да жамғырдан бас саўғалаған еди.

Аяқ басқанда гүрпилдеп бетиңе шашырайтуғын орпаң топырақлы арба жолға тамшы тырс-тырс тамып атыр. Ал, тамшы түскен жер ғуллы-ғулықтың уясындай дөңгелентип ойылады да, дөгерегине майда шаңғыт гүрп-гүрп шашылады.

Бизлер бул гезде аўылдың киндиги — байтерек киби ақталдың астында ойынды ырас қыздырып атыр едик. Жамғырдың пейлинен қорқып, мыяўласқан пышықлардан да озып үйли-үйимизге тарқастық.

Жамғыр қалайынша бирден тасырлап қуйса, тап солайынша демде ләм-мим тынды. Соншама узақ жолда мол-молақай суўды ҳеш жерде заяламай аўылға жеткерип, усыкәрада тығынын алып хызметин алжасықсыз атқарған бултлар көзди ашып жумғанша аспанның туў анаў шетине ылағып өтә шықты. Қуяш жарқырап нур шашты. Жамғырдан кейин айлана-дөгерек кир шалмаған шар айна киби жарқырап дөнип-дөнип турды. Жамғыр жаңа ғана үсти-үстине қуйса, енди жасыл жапырақлардан мөлдир тамшылар жерге сынаптай сыпқанап түсип атыр еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Даланың гөззаллығына әзелден қумар қарлығашлар тағы тынық көк гүмбезли көгилдир аспанға ушып кирип, диң аспанда қыйғырысып ойнап журди.

Жолымыз болған бизлер тағы далаға ылақтай шапқыласып шықтық. Шынында бизлер дегенимиз: мен, достым Дүйсен екеўимиз жамғыр тынғаннан кейин бир-биримизди қыйналмастан таўып алған едик.

Аўыл ортасындағы ийрелеңлеген арба жолдың еки бойына түйнекли палаты тығыз өскен еди. Екеўимиз арба жолдың ортасындағы сап-сары батпақты шимиркенбестен кешип келе бердик. Нийетимиз — бәҳәрде қупыя еккен дақылларымызға тезден жетип барып, жамғырдың әламатынан соң ҳалы не кешкенин билип қайтпақтан ибарат.

Шынында да балалық дегенди қоя бер сирә! Бәҳәрде екеўимиз ойламаған жасырын бир ис басладық. Аўылдың шетиндеги салманың еки бойына егин екпекти шештик. Үйден қаўын, асқабақ, палаўқабақ, суўқабақтың шопағын урлап алдық. Соннан еле жылымаған муздай суўды киндигимизге шекем кешип жүрип шанақ дүзеттик. Оның ҳәрқайсысына үш-төрт түйирден тухым таслап, шуқымай ашып жеп кетпесин деп тухымды жасырған бос топыраққа бес бармағымыздың изин қалдырдық. Бул ата-аналарымыздан үйренгенимиз еди. Сол дақылларымыздан қапылған күнде күнине бир мәрте хабар алып қайтамыз. Ҳәзир күндегидей емеспиз, дым асығып баратырмыз, алды-артымызға қарамаймыз. Аўылдан былайырақ шыға берген жерде Дүйсен тосаттан тоқтады да:

— Ҳаў, ананы қара! Палапан не урлап баратыр! Болмаса бир қәдирли зат таўып алған ба? — деп таңланып бақырды.

«Палапан» я шымшықтың, я ғарғаның болмаса өпепектиң палапаны емес, ал өзлеримиз қатарлы кишкене бала. Ҳаслында «палапан» — адамлар, ырасынан келгенде, өзиңдей балалар таққан оның лақабы. Байқас



www.ziyouz.com kutubxonasi

етсең, адамға лақап әйтеўирден-әйтеўир жөнсиз тағыла бермейди екен. Себеби, болмаса журтқа ат тағыў аңсат емес.

Шынында оның ырас аты Сарыбай. Сарыбай дегенше сары, әсиресе, иплис сары қасы ушып кетейин деп турады. Және тағы бәҳәрде ҳәммеден алдын ерни жарылып, қызыл қан болып жүреди. Сөйтсе де, «Палапан» — деген ат сарылығы көзде тутылып, тағылған жоқ. Оның жөни басқа.

Ол мынадай болды. Жаз шығып, қуслар палапан шығарған гезде оның адам бендеге жақпайтуғын, тек өзи рәҳәтленипислейтуғын «кәри» басланады. Дәслеп уялардағы шымшық-кептер мәйеклерин сырықтың ушына шөп-шар, пәрлерге қосып орап жерге түсирип мылжа-мылжа етеди, оннан кейин еле қызыл қанат нәренжан палапанларға аш бөридей тийиседи. Басқа балалардың оны қатты жек көриўиниң себеби, жаңа-жаңа анасының қасында қанатын бир-еки ҳәлсиз қағып ушыўды үйренип жүрген палапанды ғып еттирип гутқынлап алады да, шийттей жиңишке қызыл аяғына сабақ байлап далада өрден-ыққа сүйреп жүреди.

Бийшара палапанға оның тирилей азап бергенине бизлердиң ғәзебимиз қайнайды. Бирақ, бирдейине оның менен қызыл муш болып төбелесе бермейсең, соның ушын ишимиз қайнап турса да, оған жатып алып жалынамыз.

— Жора, жан жора деймен! Оны өлтирип қоясаң, босатып жибер. Жибере қойса, жан жора! Бола ма? Жан жора! Жора деймен-аў!

Ол керисинше бизлердиң жығырданымызды қайнатып, жаны шығайын деп турған, жетилмеген қанатлары қайрылып қалған палапанды шөп демей, дөң демей жөн алды қарабарақ узын-шубай сүйреп дызылдатып қашады. Бундай да бизлер изинен қуўмаймыз. Өйткени, ол оннан сайын өшегиседи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол усылайынша мурттайынан темир қанат палапанға өш болды, сөйтип оны «Палапан» деп атап кеттик. Әне, сол «Палапан» ның бизлерди көре сала зытып баратырғанына қарағанда, және бир палапанның қыршын жанын қыяжақ! Басқа ҳеш нәрсе емес! Болмаса неге бизлерден тайсалып қашады.

Изинен қуўып жеттик.

— Етегиндеги не, тоқта?!

Ол жалаңаяқ, жалаңбас еди. Дөңгелек жаға бөз көйлегиниң етеги жоқары жыйналып түрилген. Оны бир жерге түйип қысымлап тур. Ол бизлерге өшпенли қарады. Қулағырдан көре сала қашып кетпегенине өкинип тур. Енди қашып қутылмақшы болды.

— Ҳешнәрсе жоқ. Етегимди батпақ болмасын деп түрип алдым.

— Көйлегиң бе? Бәрибир көрсет!

— Яқ! — Ол енди шыннан келди. — Өзим таптым ба — өзимдики. Сизлерге не?

Дүйсен оның етегиндеги не зат екенин көрип қалған қусайды. Қәпелимде шаян шаққан янлы бақырып жиберди.

— Қарлығаштың палапаны ғой.

— Ырас па?

— Ырас! Палаты арасынан таўып алдым. Жамғыр да қалыпты.

— Оны неислейсең? — дедим мен дирилдеп қорқып.

— Ушырып жибересең бе?

— Өнеге? — деди ол уртын томпайтып. — Ойнайман.

Екеўимиз суўық демимизди алдық. Оның минезин әзелден билемиз. Қорқытқаннан нәтийже шықпайды. Бәрибир қарлығаштың палапанын сүйреп ойнайды. Усыннан бас салып төбелессек, палапанды қысып өлтирип тынады. Солай екен, оны дәслеп алдастырып, соңынан көзин қызатуғын, онда да өзинде жоқ затқа палапанды аўмастырып алыў керек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Палапан жора, — дедим мен оған ашыўланбастан, жекиринбестен. — Бул қарлығаштың палапаны, шымшықтики емес, абайла. Ғаррылар қарлығаштың палапанын өлтирмең, жаман болады, дейди. Соны билсең, қәне бизлер қарап турайық, сен ушырып жибер. Яқшы ма? Яқшы десе!?

— Айта береди! — деди ол ҳешнәрсеседен қорықпайтуғынын аңлатып. — Ҳештеме болмайды. Зорға таўып алғанда, жиберип не, ҳаў-ў!

Дүйсен мушын түйди. Оның неге шақланғанын сезе қойдым. Шаққан шығанағынан түрттим. «Қысып ба, ҳәзир өзим жөнлестиремен» дегеним еди бул.

— Ал, жақсы онда Палапан жора, таўып алыпсаң ол дурыс. Оны не затқа аўмастырасаң?

— Жақсы зат болса... мәйли. Маған ойынға жараса болды, — деди ол еле питпеген қара қотыр жалағын жалап.

— Ондай зат?... — Дүйсен екиленип турды да, соңынан бирден:

— Палақпанға не? — деди.

— Ўәй-ўәй, қойса, өзим де бар.

— Ўақ-ўақ, өзиңде бар екен-аў билмеппиз жора. Онда, онда, енди бар гой, кеше ағам тоқып берген шылт жаңа сақпанға ше?

— Өзимде бир емес үшеўи бар. Еле жүўери писken жоқ.

Дүйсен басын қасыды.

— Ал, қорғасынлы сақаға... Пай, пай шәббелерди мурттай ушыратуғын. Зилқаратас. Лопайдың өзи, лопайдың...

— Өзиң билесең, мен асық ойнамайман. Қойса, мазақламай, — деди Палапан ашшы қуяштан терлеп, — Кетемен. Тәўир зат болса алмаслай қояйын десем, сизлер де бир... Тамашасыз...

Екеўимиз де пыссыйып қалдық. Қолымызда оның көзи қызатуғын зат жоқ. Қарлығаш палапаны болса,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ойыншық болажақ. Не ислеў керек? Қандай шара көрпледи. Дурыс, егерде мен паңқылдап атылатуғын ойыншық пистолетимди айтсам, ол бирден көнеди. Палапанды жан деп береди. Өзим қатарлы аўылдың соншама балаларын соның себебинен аўзыма қаратып, бир дегеннен айтқаныма көндирип жүрип, сол қәдирли затымнан қас қағымда айрылып қалсам, қыйналмай қойтемен, қыйналаман!

— Ал, жаңағы айтқанлардың барлығын қосып берсек ше? — дедим мен оған. — Жан жора, кирпик қаққанша молайып қаласаң!

— Маған усыншама ыбырсық заттың не кереги бар. Оннанша ойнаўға жарағандайын айтың. Сонда алмаслайман, болмаса жоқ.

Гүсиникли болды. Ол тегараң затқа буқпайды, көнбейди.

— Олай болса, — дедим мен ишим күйип турса да шыдап. — Мениң пистолетиме ше?

— Қаладан әкелгениң бе? Ол маған исенимсиз қарады. Мени ойнап айтып тур деп ойласа керек. — Қалай көзиң қыйып палапанға алмаслайсаң. Бир көрип берийин деп жалынғанда, услатпай атыр едиң. Усы шының ба? Бәрибир инанбайман! Ырастан да қыйналмайсаң ба?

Оның айтып турғаны ырас еди. Пистолетти Дүйсеннен бөтен балаға услатпайтуғын едим. Палапан «Жоражан, пистолетиңди бир услап көрейинши, өзи қалай атылады? Көрсетсе?» — деп жалынғанда мен менменлик етип панайыма жақынлатпадым. Мине, ол соны бетиме басып тур. Оның үстине ишимнен қатты қыйналып та турман. Бирақ, ишки сезимлерим, палапанға аянышым бәриннен басымырақ келди.

— Жора, шын сөзим. Бурын не болса сол болды. Оған өкпелеп қәйтесең! Сирә қыйналмайман! Мақулма онда?!

— Өтирик айтасаң! Исенбеймен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Шын сөзим.
— Алдайсаң.

— Алдамайды! — Дүйсенниң бетине қан жуўырып, жүзи қулпырды. — Алдаса гүўаға мен барман ғой.

— Бәрибир исенбеймен! Ал, онда ўәде берсем бола ма? Мәселен, қайтып алған адам...

— Ҳәй жүдә, ўәдеде турған не бар. Ҳәзир ўәде бересең, ертең умытасаң. Сизлер түўе өзим де сондайман.

— Қойса, Палапан жора, — деди Дүйсен. — Қәне, екеўиңиз ўәделесип қол алысың. Биреўиңиз палапанды, екиншиңиз — пистолетти басма-бас бересиз. Қайтып алыў қадаған. Мен қолларыңызды кесемен. Мақул ма? Усыннан кимде-ким ўәдесин шайса, мысалы ол тасбақа, яғ-ә, бул болмайды, шаянға айналсын, я болмаса байғўлыға.

— Ҳаў, енди исенесең бе? Келистик пе?

— Яқшы-аў, коймадыңлар ғо. Палапан өзиме де керек еди. Кел енди болмады, бирақ...

Екеўимиздиң жүрегимиз суўылдады, тағы айный жақпа деп қорықтық.

— Пистолет алақаныма түспесе, сизлерге палапан жоқ. Былайынша қолма-қол алмаслаймыз.

— Қәлеўиң болсын. Ал, енди жуўырдық. Пистолет үйде! Кеттик!

Қарлығаштың ҳәлсиреген палапаны қолымызға тийди. Ол ҳешнәрсеге турмайтуғын қарлығаш палапанын аўыл балаларының аўзының суўын ағызып, көзин қыздырған пистолетке көзи қыйып аўмастырған аўыш бизлерге ишинен таңланып және тез қарамды батырмасам қәпелимде қыялланып ўәдесинен таяр деп қәўиплеңип, батпақты бетине шашыратып кешип қустай ушып баратыр.

Қарлығаш палапаны нөсер астында қалып қойып, гүзеге түскен тышқандай ҳалдан тайыпты. Ол Дүйсенниң кең жазылған жалпақ алақанында. Сол байғустың



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалшылдап тоңып қалғанын аңғарған яңлы Қуяшта бурынғыша ҳәўирин жайып, қайтадан шалт қыздыра баслады. Ыссылық бой-бойына жайылып тараған палапан ҳәрўақ-ҳәрўақ ҳәлсиз силкинеди.

Бизлер күн нуры мол түскен ашықлықта палапанның үстиндеги ығалды қурғатып бир саат шамасы отырдық. Палапанның ығалы кепкен қаралтым пәрлери жылтылдап, енди тез ушып кеткиси келгендей қанатын қағып, омыраўын көтерди. Жаўдыраған көзи тап-таза көкке ҳәўеслениип телмиреди.

— Ал жора, енди ушырып жиберейик. Уясын өзи таўып алар, — деди Дүйсен. — Анасы да шыр-пыр болып излеп жүрген шығар.

Палапан әўеле оның алақанынан «ҳәўиип» деп көтерилип ушқанында сырық бойы бәлентледи де, бирақ, қанаты талса керек, тағы бир шекелеп ызғарға жалпылдап қулады. Оны және шерек саат алақанда күнге ысытып отырдық.

Бул сапары палапан дәслепкидей мүдирмеди, қанатын шалт қағып, кем-кем көк гүмбезин бағдарлап бәлентлей берди.

Екеўимиз қосыла:

— Ура! Ура! Жарайсаң! Жарайсаң! Еркин уш! Уяңды таўып ал! — деп қышқырыстық.

Әжел тырнағынан қутылған палапан бир шамадан соң аўыл арасындағы терекликтиң арасына сиңди.

Көкте басқа қарлығашлар қыйқыўласып сайранлап жүр еди. Екеўимиз жаңағы палапанның өз топарына сөзсиз қосылатуғынына исенип қуўанысып, жап бойына жасырып еккен дақылларымызға қарай тартып кеттик.

Жамғырдан кейинги даланың таза ҳаўасы кеўлимиздиң ҳаллас урғызар еди.

# ЖАҒАЛ ЕШКИ, АҚТЫРНАҚ ҲӘМ САҒАЛ

*гүрриң*

Бул егинлердиң алды писип, орып жыйналып атырған, күндиз жыллы, түни салқын гүз күнлериниң бири еди. Бизиң үй, я болмаса үш хожалық сыртқы есигинен кирип-шығатуғын гөне жай аўылдың ең шетинде. Күншығары ойлы-бәлент ыраш, оның жанбаўыры, төбесин ҳәр түби қайнақтай бир пәтте шығатуғын сөкли жантақ қапланған. Арқа менен күнбатысындағы атызларда жасымық, мәтқайыр, бой жүўери еле орылмай тур. Тикке алдында ямаса қубласында түбилдириктен айнымаған дөңгелек ой бар. Усы терең ойды кимлер, қашан қазған—оны аўылда мен билемен дейтуғын адам жоқ. Жасларын айтпағанның өзинде, жасарын жасаған ғаррыларға шекем билмеймен деп басларын шайқайды.

Бизиң үйдиң түбинен насос салма ағады. Тамашасы сол, үйдиң алдында насос салма қос шақапқа бөлинеди. Бир шақабынан ең арқадағы, екиншисинен қум етегиндеги егинлер суў ишеди.

Аўылда күн көрип отырғаннан кейин азымшық мөлдегимизге қосымша қорамыз да үш-төрт түйир қой-жанлығымыз бар. Оларды түнде ылашық пенен ыраш ортасындағы шатқораға қамаймыз. Солардың арасында жалғыз ешкимиз айрықша, маңлайға тиккен ҳасыл тухым малымыз. Ҳасыл малды қолдан жаздырмастан тарса қатып отырғанымыздың мәниси, жарықлық ғәрип бизлерди аяйма ямаса туўысынан солай ма, жыл сайын жаздырмастан егиз туўады. Сирә жалқы туўып көрген емес. Егиз туўғанына қарамастан, оғыры сүтли, бир сыйырдан зыят болса зыят, кем сүт бермейди. Оннан қалса, маңлайдағы малымыз ишиндеги өжети де, ғайбары да сол. Өристен қайтқанда аўыл итлеринен сескенбестен басқаларын изине ертип қораны таўып



www.ziyouz.com kutubxonasi

келеди. Бизлер алдына шығып бүлинбеймиз. Түнде бөтенлери оның айлана-дөгерегинде тыныш жатады.

Үйдеги бар затларды бастан тәрийиплегеннен кейин, Ақтырнақ туўралы айтпасам гәпим олқы бола ма деп қорқаман. Соны есапқа алып, ийтимиз туўралы да бир-еки аўыз айтып кетейин.

Бизлер ийтимиз бар деп мақтансақ, адамлар оны елеге шейин ийт емес, күшик деп күйдиреди-аў! Себеби, еле жерге жабысып қалған шунатайдай бәле. Әдетте, аўыл адамлары бундай муртеше ийтти, онда да түнлерде қораға урған малды қуўып, адам көрсе азар-безер болып шабаланып үрмейтуғын ийтти ийт екен деп есапламайды. Олардың түсинигинше ийт ири, болмаса қәдимги көпекке усаған маңбас, үргенде даўысы ларсылдап шығатуғын болыўы керек! Ал, бизиң Ақтырнағымыз бунын тескериси. Мурттай. Адамға өршеленип үрмейди, халын билип басқа үйдиң малларын қулағырға шекем қуўып салмайды. Ақыры, сәл жерде теўип жиберсе, туяқтың ушы тийсе де сеспей қатады-ғой.

Әжағам оны қаладан әкелди. Пышықтың баласындай кишкене ўағында сонындай сулыў еди дейсең, қарап тура бересең. Алабел, жүнлери қайта-қайта жуўғандай жалт-жулт етеди. Тырнақлары аппақ. Көзлери қап-қара, тынық. Бели үзилейин деп турған жиңишке болғанына қарамастан, туяна, шаққан жәие түсимпаз. Қулласы, ийтаяқтан жуўынды ишип, әўпилдеп үргеннен өзгени билмейтуғын аўылдың сабалақ жүнли ийтлеринен пүткиллей өзгеше еди.

Бизлердиң ниййетимиз пуш болды. Усыннан Ақтырнақ өсип жетисе, шынжыр үзип тындырмайтуғын айбатлы қасқыр ийт болып шығар деп ойлаған един. Жүни өссе де, бойы өспеди. Қайтама күн артынан күн өткен сайын күшик гезиндеги көз тоймас түри жойылды, жүни өсип үрпейип, әсиресе, тумсығындағы өсик жүнлер арасынан көзлери зорға көринип туратуғын болды. Буған ишимиз жылымады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыс түсип, күн суўытқаннан Ақтырнағымыз үйге тығылды. Оған анам шашы тик турып, қарсы болса да, бизлер оны алдап-суўлап көндирдик. Ақыры, Ақтырнақты әжағам екеўимиз тепе-тең жақсы көретуғын един. Себеби, кишкентай болса да ийтимиз ўақты-ўақты қораға кирип, ешки-қойларды тамақлап, таўықты қалай болса солай жалмап кететуғын сағал-пағалды үй панайына жақынлатпайды, солай етип, гүз бенен қыста тыныш уйқылаймыз, малымыздың басы аман, таўығымыз сеп-симес деп ойладық. Әйтеўир, Ақтырнаққа үмитлендик, оның бизлерге садықлығына исендик.

Усы күни түн көзге түртсе көргисиз тастүнек еди. Түн салқын болса да, бизлер еле әне-мине деп ылашықтан жайға биротала көшип шықпаган едик.

Аўыр жатардан аўып баратырған ўақыт. Бизлерше ийтимиз, болмаса адамлар аты жөни жоқ гүржи деп кеткен. Ақтырнақ есик алдында жатып қорадағы малларды қорыў орнына, сыртта қалып қойғанлықтан ишке кирип жатқысы келгендей қаңсылап, ергенекти тырнағанына ояныП кеткен апам әжағама кейиди:

— Жуўернемек, анаў әширепиң ишке кирмекши. Ишке жибере ғой. Бәрибир уйқылатпайды. Өйтпесең, өзиң қасына барып жатып үнине суў қуй. Түн жарпын да ергенекти тырнап бәле бармекен? — Апам еснеди. — Аш болса бир тислем нан тасла...

Соның арасында қорадағы ешкилер дүрсилдеп, ылақлары үсти-үстине маңырағандай болды. Әжағам қараңғыда өрмекшидей ербеңлеп түргелди. Ергенек түбиндеги ебиндей жарыққа мойнын созып тигилди. Көзи жарықта, қулағы тыста еди.

Ақтырнақ және даўысы шиңкилдеп қаңсылады, ергенекти тынбастан тырмалады.

— Апа, апа, — деди әжағам кәпелимде ентигип, — Қорадан дүсирли шығып атыр. Ақтырнақ соған бола тынышсызланып атырған қусайды. Әне, әне тыңлай ғой.

—Жуўернемек, қайдағыны таппа,—деди апам Ақтыр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нақтың даўысынан бөтенди еситпей.— Бүгин бир өзи қалғаннан соң қаңсылап атырған.

Қорадағы қой-ешкилердиң өрден-ыққа шапқылағандағы дүрсилдиси енди аттай анық еситилди. Ақтырнақ ергенекти бурынғыдан бетер өжетленип тырмалады. «Ўәў», «Ўәў»,— деп үрип те алады және қаңсылайды.

— Өйппей, балам, айтқаның ырас қусайды ...— Апам төсектен атылып турды.—Балам, бүргеңе ҳәл де, ҳәл! Өзиң де жуўыр. Қолыңа не илинсе, соны алып сыртқа шық! Қыршын-аў, бүргеннен сағал сескенбейди, өзин қаттырақ бақыра гөр! Ҳәлде, ҳәл! Болмаса сағал баўызлап кетеди, несийбеден айрыламыз.

Әжағам үнсиз есикке қарай умтылды. Апам тез кийине баслады. Әжағам ергенекке жетемен дегенше биреки мәрте сүрнигип жығылды.

— Жүўернемек, еле омақазан атып жүрсең бе? Си миллтир-аў, ийтиңе усап сен де суўжүрексең! Енди қашан қораға жетесең! Шетинен тамақлап кетеди! Жуўырсеш! Шетинен тамақлап кететуғын болды.

Сағал ма, ылақ па, әйтеўир ешкиниң «бә-ә!» — деген ашшы сести қуйқамды жуўлатып жиберди. Апам бурынғыдан бетер күйди-писти.

— Шетинен қырды, жүўернемек, бақырсеш! Бақыр!

Әжағам ергенекти тасырлатып ашты. Ақтырнақ оның изинен ерип еле шиңкилдеп үрип баратыр.

— Ақтырнақ ҳәл, ҳәл, бәс, бәс,— дейди әжағам сыртта.

— Ҳәй! Ҳәй!

Мен орнымнан қарғып турдым. Далаға шықтым. Қора бет тастүнек. Иши улы-дүрсилди. Әжағамның даўысы бир түрли болып шығады.

Ақтырнақ қораны айланып шыргүбелек шаўып жүр. Апам да, өзин қораға урды.

Мен жаңа аңладым. Қой-ешки бир мушқа тығылған. Олардан берregиректе ийтке кейип берген бир мақлуқ шығарға саңлақ табалмай қора ишинде арман-



www.ziyouz.com kutubxonasi

берман секиреди. Әжағам қолындағы таяғын оған дусласып қалғанда «ҳә» деп күшн жеткенше силтейди. Қапылғыр, таяқ жаңағы мақлуққа дарымастан қораның шатына тарсылдап тийеди.

Мен қораның шалша менен қапланған ергенегине арқамды басып турдым. Бундағы ойым, сағал жан айбатта ергенекке урынса, пәт пенен ашылып кетпесин деген еди.

Апам әжағама көмеклести. Иште әжағам, апам, сағал үшеўи шамалары жеткенше шайқасар еди. Бир ўақытта әжағам «ўақ, ўақ!», деп бақырды. Апам «өйппей, қорадан секирди»—деп өкинишли қышқырды. Әне, соннан кейин ғана екеўиниң есине сағал тамақлаған ешки түсти. Маған даўыслады.

— Шыраны жағып әкел!

Ақтырнақ жайдың мушына шекем зытқып үрип барды да, былайырақ барса қараңғылық жутып қоятуғындай қорқып кейнине қаңсылап қайтты.

Мен иштен шыра жағып келгенимде, әжағам қораның түбинде бир бүйирлеп қулаған жағалдың мойнынан қушақлап отыр екен.

— Апа, мине, қарай ғой,—деди ол шыраның жақтысында жеңине, шығанағына, дизесине тамған қанды көрсетип.—Жағалды тамақлап кетипти. Дем алысы жаман—өлип қалатуғын шығар, апа-я!

Сағал заңғар қараңғыда жағалды ғана аңлап және таңлап, соны қатырып тамақлаған екен, болмаса майда ылақларды арқалап кеткенде де ҳеш гәп еди.

Апам қайтадан әжағама кийликти.

— Симилтир, журт қәдимги ешектей ийт сақласа, сен бүргеге жабысып алдың. Сондағы пайдасы усы ма? Қайда сол бүрге, теўип ғана өлтирейин. Өйппей, қәне, ол жерге жабысқан нәрсе!

Ақтырнақ өз айыбын сезинди ме, я болмаса апамның ашыўынан айбынды ма, қәпелимде зымғайып болды. Әжағам апам менен ерегиспеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Апа, бәрибир жағал енди келе болмайды. Баўызлап аламыз ба?

Бул ўақытта сырттағы тасырлы, даўыстан оянған қоңсылар да жыйналып қалған еди.

— Ҳә, не болды, кише?

— Аманлық па?

— Қорада не ислеп атырсыз?—деп олар да шаўқым салды.

Апам оларға не болып не қойғанын еки аўыз сөз бенен түсиндирди.

— Тамақлапты.

— Сағал дейсең бе?

— Қәне?

Оң жақтағы ири даўыслы қоңсымыз жағалдың тамағын сыйпалап көрди де:

— Ўай-ў, кише, сағал оңғылық қылмапты. Жағалың қолдан кеткен екен, әттегене-ай. Үй-ишиңди асқатыққа жалшытып отыр еди. Шығасы затқа илаж бар ма? Енди баўызлап алмасақ болмайды. Шап, пышақ әкел,—деди өзинше гүрсинип.—Тез ҳадаллап алсақ, ертең күндиз деңгенеге үлестире қоясаң. Базар сорпаға шекем көп күн бар.

Апам елеге шекем жағалға ҳештене болмас деп қоңсылардың гәпине исенбей турған қусайды.

— Қәйним, бул жағал балаларымның сонша жылдан берли ырысқы-несийбеси, аўызындағы асы еди. Маңлайымыздағы ҳасыл малымыз да усы. Жылда егиз туўып жүр еди. Онданша тамағына кийиз күйдирип басып, жыллы-таңып тасласақ жазылып кетпеспекен? —деди. — Қудайым-ай балаларымның аўызындағы асты...

— Пай кише сен де бир,—деп оның сөзин шорта бөлди екинши қоңсымыз сыңсылап.—Сағал тамақлаған малдың аман қалғанын еситтиң бе? Қыйналған менен орнына келмейди. Онданша ҳадаллап алайық. Өзим-ақ пышақ әкелейин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қулласы, сағал тамақлаған жағалды сойып алдық, Бирақ, Ақтырнақ үш-төрт күнге шекем көринбей кетти. Оның жойылғанына апам қуўанып «алды-артына бурыш-пияз» десе, әжағам екеўимиздиң ишкен асымыз бойымызға тарамады.

Бесинши күн дегенде Ақтырнақ кешқурын қайтып келди. Үсти-басына шөп-шар ерип, азып, әпшери қашып кеткен еди. Апам екеўимиздиң оған едирейисип таңланып қарап турғанымызды байқап:

— Бийшара-әй, мынаў бүргеде жағалдың өлимин қайғырып қурып қалыпты ғой. Бийшара-әй, ийтте болса бизлерге жанашыр екен. Балаларым, алдына нан таслап, ийтаяғына тамақ қуйың,—деди.

Екеўимиз қабатласа үйге қарай жуўырыстық.

## ӨШ

*гүрриң*

Буны ертек ямаса турмыста шын болған қайғылы ўақыя деп тән алып инанса да, болмаса ондай болмайды деп инанбаса да болады. Егер шынлықты айтсам, мениң өзим де ҳәм инанаман ҳәм инанбайман. Соған қарамастан еситкен қулақ та жазық жоқ, маған биреўлер айтып берди, кеўилин жықпастан тыңладым және есимде сақлаўға тырыстым, енди тыңлар қулақ табылса бастан баянлап бермеге жалықпайман. Қәне, енди тап солай ис тутқаным мақул болар.

Ерте, ерте, ертеде ме, ешки қуйрығы келтеде ме, ямаса бизлер жасап атырған ўақытта ма, қай ўақытта болса сол ўақытта болсын, қулласы усы ўақыяны басынан кеширген бир адам жасапты. Қәдимги қарапайым аўыл адамларына усап егин египти, мал бағыпты, балалы-шағалы екен.

Усы жылы олар жасаған аўылда негедур жылан көбейип кетипти. Биреўлер бул жылан жылы деп жыл



www.ziyouz.com kutubxonasi

қайтарса, басқалары жылға қарап турған ҳешнәрсе жоқ, гей жыллары тап усындай болып жылан тумлытустан жыйналып быгып кетеди,—депти.

Соннан бир күни үй-иши қара үйде түслик шайды жыйналысып ишип отырады. Ҳешқайсысының кеўилинде ҳешнәрсе жоқ. Бир ўақытта жапсар бетте, жуп жыланның бириниң изинен бири дизилисип есикке қарай кетип баратырғанын көрип қалады. Әдеттегише бала-шаға жүреклери суўылдасып қорқысып, үй отағасына:

Өйппей, ағасы, жылан үйге кирип кетипти. Енди күнимиз қалай кешеди? Қайтып келместей қылсеш.—депти. Соннан ол бала-шағасының сөзине бола, ошақ түбиндеги әтөшкирди көтерип ала сала жыланларға сермеп умтылады. Үлкени силтенген жарақтан қашып қутылады да, кишкенеси әтөшкир шүйтөбесине мықлап тийгеннен кейин шыйратылып түсип, сол жерде сол заматында жан тапсырады.

Әне, сол әтөшкир әжелине жеткен жылан анасының изине ерип жүрген баласы екен.

Туўған перзентинен ойда жоқта айрылып қалып жүрек-баўыры қан болған ана жылан, сол күннен баслап жаўыз адамнан өш алмақ жолына түседи. Қара үй айналасын кеше-күндиз торып, үй ийесиниң ҳәрбир атқан қәдемин аңлыйды. Оны үй еркеги де сезеди. Өйткени, егерде үйде жалғыздан-жалғыз қала қойса, ана жыланның босаға түбинде омыраўын көтерип, мойнын ишке созып, өзине өшпенли қарап турғанларын байқайды. Соннан кейин көлигин суўғармаға суўатқа барсын, от-шөп орсын, жер суўғарсын, гәрез ана жылан изинен өкшелеп қуўып жүретуғын болады.

Бул жарық дүньяда шийрин жан кимге болмасын қымбат. Бир күн болса да тири жүрип жасағысы келеди. Жыланның өш алмақ мақсетинде изинен қалмай жүргенин байқаған киси, енди неде болса туўры кел-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тен әжелден бир әмеллеп қутылмақтың жолын излестиреди.

Күнлерден бир күн кешке таман қара үйде бир өзи шай ишип отырады. Бала-шағалары сыртта малларды жайғастырыў менен ҳәлек еди. Қәпелимде оның бойын қорқыныш бийлеп, өзинен-өзи албырайды, кесеге қуятуғын шайды қолы қалтырап сыртына төгип ала береди. Ергенек бетке қарайды, көзге түсер ҳүрейли зат жоқ. Батып баратырған қуяштың қызғыш шыпағы ергенек жақлаўында ала-қызғыш дөнип жалтылдап тур. Қара үйдиң бүйирлери даланың жарығы түспегенликтен, гүңгирт тартып баратыр. Улыўма, бул ўақыт жақты менен қараңғының айқасып, жақтыны қараңғылық жутып турған мәҳәли екен.

Ол тас төбесине қарайды. Ақыры, бирнәрсе солкәрада тысырлағандай болады. Япырмай бала, тысырлап атырған не екен? Болмаса түңликке шымшық қонып, кийизди шоқып атыр ма? Негизинде сезими алдамапты. Әлҳәббиз! Түри суўық сур жылан шаңараққа өрмелеп шығып, өзине өшпенли қарап тур дейсең, оның сол заматта жаны шығып кете жазлайды. Көзин жумып ашады. Жылан өзине атылайын деп тур. Ол өзинше налыйды. «Аллажаным-ай, мени неге дегбирден састырып, жолдан шығара қойдың. Қолыма неге күйип кеткир, жанып кеткир әтешкирди иликтирдиң. Әтешкирди көтерген қолым неге сол ўақытта сынып түспеди. Неге? Ҳаў, ҳаў, жанларым-аў, ол байғустың да бедениңен бина болған баласын изине ертип, бул дүнья тамашасын көрип, палынан татып, өмириниң ақыйрына шекем жасаўына ҳақы бар еди ғой. Сондай бахытқа ийе еди ғой. Мен неге оны усындай бахыттан бир өмир айырдым?! Неге?! Мен енди оған бәрибир өлген перзентин тирилтип бере алмайман! Қолымнан келмейди! Солай екен, оның меннен перзенти ушын өши алмаға, алғанда да мениң жанымды қыйып, перзент қанына отырғызбаға ҳақы бар. Енди не қыламан? Бас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

пукил басымды әжелге қыяман ба, я болмаса бир әмелин таўып басымды аман қорғап қаламан ба?—Ол гөбеге көзи әлле-пәлле болып қарайды. Оҳ, жыланның жер жуттыратуғын өткир көзлерин айтса! Өзин туппа-туўры қараўылға алып, көкирек аўызына мирдиң оғы киби атылайын деп тур! Тап усыннан төбесине қайнақай түссе, ол жанын жәҳәннемге жибереди-дә, ал сонда өзиниң қолынан не келеди. Ана әтешкирди алмаға үлгертпейди. Жақ, жақ, бүйтип өли болып жасағанша, я тири, болмаса биротала өли қатарына қосылған абзал. Олай болса, жылан қолында қаза тапқанша, журт аўмастырып бой тасалап, басқа жақта басқа журтта, мына жыланның аяғы жетпейтуғын жерде қалған өмирин өткерген бәринен артық. Тап солай ислеймен. Усы таңнан аман шықсам болды, аззаннан баслап ҳешнәрсеге қарамастан көшемен де кетемен «Әжелден аўлақ жүрген жақсы, бир күнде болса тиришиликке не жетеди бул дүньяда?!».

Ертеңине мүликлери менен дәскелерин ешек арбаға бастырып артады да, қой-жанлығын көш изинен айдап мәканын таслап көшип кетеди.

Ел асады, қыр асады, ақырында елден ерек, журттан бөлек қум арасына қара үйин нетигеди.

Байғустың бул жерде де уйқысы шала болады. Өзинен-өзи ҳаўлығып, қорқыныш торында шырмалады жүреди?

Бул таң ағарып атып киятырған ўақыт екен. Қара үйдиң өйер-бүйерине жақты түсип, аламыши сағым дирилдеп ойнап турады. Әсиресе, есик аўызына түскен аппақ сәўле және бир жарық күнниң туўып киятырғанын аңлатып, қорқыныш қушағындағы бендеге тиришиликтен хабар береди. Ол үй ишине анталап түсип турған жақтыға ҳәўеси артып, атар таңның ләззетине бийҳуш болып бир майдан болса да барлық алағадалықты умытып рәҳәтленип жатады.

Ҳай-ҳай, атар таңның айқулақ киби гөззаллығы



www.ziyouz.com kutubxonasi

менен даланың аппақ сәўлеге шомылған сулыў жамалын-ай! Ол бирден төсектен атып турып, тап бала гезиндегидей далаға шапқылап шығып, көк шөпти жапырып басып, желге жарысып жуўырғысы, азанғы тынық таза ҳаўадан мийри қанғанша симирип-симирип жутқысы келип кетеди. Әттең, әттең, сол ўақытта күтпегенде жаңағы толқын атқан жүреги силкинип кейин тартып, тулабедени жуўылдап қалтырап, өзинен-өзи ҳаўлығып сала береди. Япырмай-ә, бул нениң әламаты. Қорқыныш па, қуўаныш па, бахыт па, бахытсызлық па? Бул не өзи? Не? Ол әйналасына көзи тасырайып қарайды. Бир дастыққа бас қойған қостары азанғы аяздан тоңып па, я болмаса сийнесин көрпеге орап бүркеп жатпақ әзелден бойына сиңген пеше ме, қулласы, көрпени басына шекем тартып үйип алған. Қолтығындағы баласы менен қызы тасырайып ашық қалыпты, ал ең кишкене—генже баласы түс көрип атырған қусайды, «Қойса, қойса, кет арман. Жоллы! Жоллы! Бермеймен!» — деп сөйленип қолларын былғап-былғап жибереди.

Байғустың жүреги зырқылдап сала береди. Аманлықта өзине не болғанын билмейди. Қорқыныш енди бой-бойына жайылып, ақырында ийеги де дирилдеп, тиси тисине тийип сақылдайды. Бул не өзи? Неге қорқады? Ҳаў, бала, оншама қорқа бергендей ҳешнәрсе жоқ ғой. Әне, әне, аппақ таң, арыў таң атып киятыр. Жақтысы мол, бирақ, жым-жыртлығы басым арыў таң.

Оған енди аппақ таңнан басқа өзи ҳүрейли және өкпесин сығып, жанын көзине көрсеткен өли жым-жыртлық жақпайды. Оннанша мынаў әжайып әлемниң тасырлы дүрсилдиге, шаўқым сүренге, ғыйда-ғыйыс даўысқа толып-тасып кеткен жақсы еди. Атар таң жақсы да, мынаў жым-жыртлығы жанды езгени жаман екен.

Әне, әне, өзин қорқыныш арғымағында шаптырған жым-жыртлық тосыннан бузылды. Үстине қара кийиз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

түнлик басылған төбедеги шаңарақтан сытырлы билинди. Ол мисли қабыршағы қуўраған геўек ағашты кемирип атырған қурттың жыбырлысына усаған еди.

Ғытыр-ғытыр, шытыр-шытыр. Я болмаса далада жел көтерилип, көк шөп арасындағы қуўрақларының шытырлап сынып атырғаны ма? Бирақ, далада жел жоқ, қайтама маўжырап жым-жырт турыпты.

Дала бурынғыдан бетер жақтыланып, ергенек саңлағынан алыс-алыслардағы қум төбелери, оның қабағындағы аппақ сағымлар уйлығысып турып алды. Қарсы маңлайдағы қорада ешки-ылақлар, қой-қозылар еле қумға баўырын төсеп арқайын жатырыпты.

Ол соннан төбедеги шытырлыға қулағын тосып, ошақ қасындағы билезиги тығыз қысылған әтөшкирге ҳәм төменленип ҳәм жеркенип көз таслайды.

Ол басын жулқып көтерип әл-ҳаўаға, анығырағы төбеге қорқып қарайды. Япырмай-ә, көшкен журтта қалып қойды деп жүрген қандары, жыланның анасы шаңарақта шыйратылып турған екен. Күйиктен көзине қан толған жылан! Ол өзине не болғанын билмейди! Гөне журтта қалып қойды деген жыланы, мине, енди шаңарағында өзине атылайын деп турыпты. Әжелден қашып қутылыўға болмайды деген гәп усындайдан шыққан қусайды-аў!

Ол еле уйқылап атырған перзентлерине қарайды. Олар ҳешнәрседен бийхабар, езиўинен суў ағып уйқылап атырыпты. Әкесиниң өли менен тири аралығындағы мүшкил ҳалынан бийхабар. Жубайының да пәрўайы-пәнсери, ең болмағанда балаларынан бурын сол оянып, әлленетип көзин аша қойғанда қалай да өзине демеў, өзине сүйеў болар еди. Бәрибир, ол бала-шағасын оятқанды мақул көрмейди.

Дала аппақ... Әбден, әбден ағарған. Қара үй иши енди аламыш-аламыш. Барлық зат анық көринип атырыпты. Атқан таңның әлемдей гөззал шырайын айтпайсаң ба? Бул жарық әлемди, мынаў жақты дүньяны



www.ziyouz.com kutubxonasi

көзи қалай қыяды. Жарық пенен түнеклик! Ҳәзир ол өзин тап екеўи аралығында турғанын сезинеди. Аман қалса бул жақты дүньяда жасап жер басып жүреди, өлип кетсе түнекке түсип мәңги, мәңги жансыз қалады.

Ол эташтан қасындағы этөшкирден көз айырмайды. Егер де оған усы төсек те жатып созған қолы жетер болса, онда аман қалады. Қандарын о дүньяға жөнетеди. Жетпесе өзи жөнеп кете береди.

Бала күйинги ҳәрнәрсеге басын байлатқан жылан да қандарының усы пыйғылын сезсе керек, оның алдын алып, созылған қолды кесип тасламақты гөзледи... Қол этөшкирге тийсе, онда өзиниң желкеси қыйылады, баласындай бәленттен пәске шыйратылып түсип, қандарының аяғы астында бүкленип жатады.

Ол геўдесин көтерип, омыраўын жоқары ала бергенде, бир суўық нәрсениң емшеклигине тарсылдап түскенин ғана байқап қалады.

— Ўай-ўай! Өлдим! Өлдим!

Әлбетте, оннан кейин сестен айрылып, тым-тырыс қалады.

Бул ўақыяны маған айтып берген адамның айтыўынша, бала күйинги баўырын өртеген жылан көштеги гүзениң ишине түсип алып, сонша күнлик жол басқан арбада биймәлел келе берипти.

## ЖАСЫЛ ТАЎҒА БАРАМЫЗ

*гүрриң*

Тоқта! Тоқта! тоқта! тоқта!

Шашынан бир тал қалмастан тегис ағарған, қабағы, көзиниң дөгереги удайына исип жүретуғын комиссия баслығы усылайынша бақырды. Оннан қалса бармақлары тырсыйған келте қолларын қанатына пытыра тийген құстай силкип-силкип жиберди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Питти. Тамам. Қол силтенди болды—нама өтпегени, оған жақпағаны. Буны нама шығарып жүрген композиторлардың барлығы бир дегеннен түсиниеди. Оның айтқаны айтқан, дегени деген, бетине басқаны келтирмейди.

Қырықтың қырына минген арық қарапәрең жигиттиң жүреги сол ўақытта-ақ суўылдады. Қыслыққаннан маңлайынан ыссы тер шықты. Пәсте ҳәр туста бөлекленип отырған адамларға бети күйгендей бурылып қарай алмады. Сол төмен буғыўы менен шығар есик бетке теңселип кете берди.

Намасын талқыға салғанда аўыр соққыға ушырағаны бул биринши ирет емес еди. Буннан бурын да қара күйиги шығып қайтты. Сынақтан сүринбей өткен, өтпеген намаларды талқылағанда комиссия баслығы мынаў жас, мынаў ғарры, мынаў атақлы композитор деп бет-жүзине қарамайды.

Ол бул ирет талқылаўға қатнаспаға қорықты. Өйткени, намасын толық атқартпағаны—бир сумлықтың белгиси еди. Олай болса басына тас жабады, баяғы мақтаўларды ендигиден былай түсинде еситпесе, оның да несип етпейди. Оннанша аш қулақтан тыныш қулақ деп қатнаспағаны жақсы, ертерек үйине жетип дем алғаны өзине олжа.

Күн батқан екен. Далаға қараңғы түсипти. Жол төбесиндеги неон шырақларының күшли жарығы машиналар моншақтай дизилип ағылған кең гүзардың өне бойына жетип тур. Далада бәҳәр ийиси аңқыйды. Տереклер бүртик жарып жапырақлаған, гүллер недәўир болып қалған. Бетон менен қапланған салмалардан суў ҳарлап ағып атыр. Қыстың қыраўлы күнлеринде бәлент иморатлар түбиндеги тереклерге түнде қонақлап, ал азанда күн шығып жылытқанға шекем бүрисип отыратуғын ғарғалар күндизги сапарынан еле толық қайтып үлгермеген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қала көшелерин жеңил кийинген жаслар толтырған.

Ол ҳеш затқа кеўил аўдармады. Өзиниң уўайымы өзине жетерли еди. Сонлықтан қаланың күншығар-қубласындағы микрорайонға тынбай қатнайтуғын шылт жаңа автобус былайырақтағы бәндиргиде молырақ тоқтап қалса да, күндегидей асығып тура жуўырмады. Бундайда жалғыздан жалғыз пияда кете бергенди мақул көрди.

Қәбилет деймиз бе, талант деймиз бе, әйтеўир сол секилли йоштың оянбағы жас таңламайды, оның ерте-кеши жоқ екен. Ол жаслайынан саз әсбапларының қай түри болса да шерте алатуғын айрықша уқыпқа ийе болды. Мектепте дөгереклерге қатнасты. Ержете келе отырыспа тойларда журтты аўзына қаратты. Соған қарамастан ўақыты келип нама шығараман, ол концертлерде атқарылады деген қыял он уйқылап турғанда да ойында жоқ еди. Қәпелимде қуйындай уйытқып көкирегинде сеслер жаңлап турды да, изинше намаға айланды. Бир-екеўи мақтаўлар астында қабыл етилди. Өткен жылы еки намасы арнаўлы китапта жарық көрди. Усылардың барлығы өзине исенимин арттырды. Зайыбы өләмата қайыл болмаса да, айлығынан жыйнап мениликке пианино сатып алды. Соннан белап ол жумыста темир шыбықшалардың басын жалын менен курастырып кепсерлесе, үйде пианинода нама шығарып түнлерди уйқысыз атқаратуғын еди.

Басламасы өзин бәлентлерге көтерген өзи сүйген өнердиң өкиншилери еле алдында екен. Бүгин қатарынан екинши ирет соған тап болды.

Күтилмегенде жол шетинде бир машина қалша тоқтады.

— Ҳә, Полат жора, басың салбырап кетипти. Гарбитиң қайнап кетти ме?

Ол заводта бирге ислейтуғын кәсиплеси еди.

— Өзим... Жайша... Ҳәзир оған сөз былай турсын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ызылдаған даўыс жақпай киятыр еди.—Самаллап жүрмен.

— Отыр, үйиңе жеткерип таслайын.

— Кете бер, пияда жүре жақпан.

— Өзиң билесең.

«Оның минезине, әлбетте, (ол комиссия баслығы туўралы айтты) түсинбек аңсат емес. Бирде ақ көкирек баладай, басқа ўақытта қатал минезли. Гейде өзи келип сәлемлессе, екинши көргенинде сәлемиңди алмастан өте шығады. Минези тамаша. Бурынлары болса мени көрген жерде қолтықлап алып, ким көрингенге: «Ағайинлер талантты қәдирлеўимиз керек. Ол қойдың қумалағы емес, ол алтын, ол ғәзийне, байлығымыз. Мына баладан мен билсем нәтийже шығады. Анаў күнги намасын тыңладың ба? Ўай-уў, не деген қудирет. Өмир симфониясы, өмир! Әне, әне кепсерлеўши композитор еле берин бәриңизди шаңға шақалдырып озып кетеди»—деп мақтады. Бүгин болса қолын силтегенде, басыма силтенген қылышпа екен деп қалдым. Япырмай-а, оның дийдинен шықпадым ба? Шықпаған қусайман, маған не бәле көринди?»—деп ойланып келе берди.

Жубайы оның түр-түсине көзи түскеннен әбигерленди.

— Өйп-пей саған не болды? Аўырып киятырсаң ба? бетиңде қан қалмапты ғой!

— Қапылтпа, ҳештеме болған жоқ. Сап-саўман.

— Ҳе-е, билдим, намаң өтпей қалған.—Ол күйеўине аяп қарады. Бул сапар да жақсы көретуғын ағаңа жақпай қалдың ба?

— Апасы-ы, шыны өзиме жақпайды, өзиме. Нәтийжеде өзимнен өзим жеркендим.

— Өтирик айтпа шырағым, билемиз.—Ол ериниң шығанағынан услап келип диванға отырғызды.—Неге жасырасаң, оннанша уўайымлама? Өтпесе өтпесин.

Соған күнимиз қарап турған жоқ. Соннан алған напақа менен бизлерди бақпай-ақ қой. Оншама не?

Жатар бөлмеден шашы желкилдеген кишкене бес жасар қыз жуўырып келди.

— Аға!

— Гүлшат былай тур. Ағаңның мазасын алма. Жумыстан шаршап келди. Бар, бар ойыншықларың менен ойна. Ағаң дем алсын, — деди апасы.

Ол бәрибир әкесиниң бетине бетин үйкеледи де:

— Аппақ қуўыршағым мени шақырып атыр, аға!— деп мәлимледи де диваннан секирип түсти.—Кеттим.

Усыннан кейин үйдеги кеўилсизлик талай күнге созылды. Жаңыл соңғы гезде күйеўиниң пианиноға жантасыўдан қорқып жүргенин абайлады. Оның кеўилин аўлағанлықтан бурынғыдай телевизордың даўысын заңқылдатып шығармады, үйде аяғының ушынан басып табанының сестин шығармастан абайлап жүрди.

Бәрибир Полатқа соңғы күнлерде бир нәрсе жетиспей атырғандай түйиле берди. Жумыста ҳеш гәп, ал үйине келсе төрт дийўал арасына сыймайды, көкиреги кең даланы, таў самалын күсейди. Бир майданда болса тыныш жерде дем алғысы келеди. Бирақ, қаланың аты қала, шаўқымы ада болмайды. Қаланың сыртында кеўил көтерип қайтайын десе, жумысынан жырылыўдың иретин таппайды.

Айлық планды толтырғаннан кейин бурынғыдай баса-бас болмады. Қәдимгидей шемби-екшемби күнлери өзине тийисти. Енди еле ертелеў болса да туўып өскен аўылына барып, таўға шығып шалғынға аўнап бир тынығып қайтпағы керек. Ол усылай шешти.

— Ал апасы, — деди кеште жубайына,—рухсат болса қаладан шығып кетип самаллап қайтаман. Таў басына шығаман. Жаңа билдим, аўылды, таўды сағынған екенмен.

— Әжеп, рухсат.—Ол ериниң жүзиндеги кеўилхошлықты сезип қуўанды. Ал сонда, бир өзиң барасаң ба?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әлбетте. Бәрибир сениң қолың тиймейди. Басқалар еле ерте деп атыр.

Әкесиниң дизесине қонақлап отырған қызы шаңқалап еркеленди.

— Аға, мен де барайын. Яқшы десе, мен тауды көрген жоқпан ғой. Әкете қойса, бола ма аға?

Полат жубайына «енди не ислеймиз?» дегендей күлимсиреп қарады. Ана шыр ете қалды.

— Болмайды қызым. Еле кишкентайсаң.

— Неге кишкентайман, беске шықтым. Бирдейине сөй дейсең?—Гүлшат ернин шүртийтип ашыўланып қалды. — Аға, апама айтса, мен үлкенмен ғой.

— Аўа, үлкенсең.

Енди ана жалынды.

— Аппақ қызым, ақ қызым. Таўдың басына шығаман дегенше шаршап қаласаң. Таў болса гидиман, сен болсаң кишкентайсаң. Ал, бизлер былай етемиз. Ағаң кете берсин, екеўимиз кеште киноға барамыз. Яқшыма ақыллы қызым.

— Яқ, кино көрмеймен. Күнде-күнде кино.

— Кино жақпаса паркке барамыз. Әткеншекте зуўылдап ушамыз. Қаланың үстинде ушып жүремиз.

— Қорқаман.

— Әткеншектен қорықсаң ағаң менен таўға барсаң қорықпайсаң ба?

— Ҳешқандай. Ақыры қасымда ағам бар-дә! Жәпе таўды көрип қайтаман.

— Әне, әне мениң қызым әкеси менен жүрсе қорықпайды. Билесең бе, апасы, мен таў батырыман.—Полат қызына көзин қысты. — Еки батыр таўға барамыз. Апасы сен бас шайқама, яқшы дей бер. Мен билсем, қызымыз екеўимиз жасыл таўдан ҳасыл зат таўып қайтамыз. Соны излеймиз. Солай ма қызым?

— Ешақай, аға мени ертип кетсең, сөзсиз таўып аламыз. Екеўлеп излеймиз ғой, я?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Солай ақыллы қызым. Олай болса сен ҳәзир ертеден уйықла. Азанда күн шықпай атырып түргелемиз.

Гүлшат көзин уўқалап жататуғын бөлмесине кетти. Жаңыл кек етип сөйледи.

— Сен де сөйлейсең-аў! Таўдан алтын таўып қайтарман дейсең бе, жудә! Таўға бараман деп желпилдей бергенше, еки күн дем алыста өтпеген намаңды қайтадан оңла. Егерде өйтпейди екенсең тар жайға сыймаған пианинони сатып жибер.

— Апасы-ы, үйде отыр дейсең, я!—Полат дирилдеп ашыўланды.—Яқ, яқ! Ҳәзир оларға қарамайман. Пианинони да сатпайман. Көк тийин пайда көрмей-ақ қояйын, бәри-бир таўға барып қайтаман. Билсең, ол мениң балалығымның гүўасы... Мени ержеттирген мәкан.

Жаңыл ери менен қызын ертеңине азанда поездға миндирип қайтты.

Гүл шырайлы бәҳәрди, мәўсимлердиң ағласы деген ҳеш ғәлет емес екен. Шынында дүньяны жайнап-жаснатыўшы қүдиретли мәўсим. Гилемдей төселген көк шөп те, қарап көзиң тоймайтуғын гүллер де бәҳәрде көгереди, тереклер де бәҳәрде жасанады, суўлар да бәҳәрде тасыйды. Қулласы, жарықлық бәҳәр ана тәбият пенен адамларға ада болмас қуўанышқа қоса талай тәшўишлер алып келеди.

Олар таў қыснақлары арасындағы тақыядай дөңгеленген ашықлыққа қоныс басқан аўылға автобус пенен жетти. Сол жерде иркилип, шай-суў ишип алды да, қызы екеўи таў басына шығып қайтпаға жолланды.

Аспанды гөзлеген жасыл таўдың етегиндеги алаптағы гүллер бул әлемди сулыў сәнге бөлеп, әтирапты ертектегидей мың қубылтып тур еди. Қып-қызыл болып ашылып турған гүллер ишинде гүбелектей ушып жүрген Гүлшат бир ўақытлары шыршадай таза көкке тигилип жатырған әкесиниң қасына жетип келди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Аға, гүллердиң көбин-ай! Қаладағы гүллер дым азғантай. Буларды көп адам еккен шығар?

Полат қызының садалығына мыйық тартты.

— Аппақ қызым, таўдағы гүллерди бәҳәр егеди, бәҳәр...

— Аға, бәҳәр адам ба? Үйи қай жерде?

— Қызым, бәҳәр ме, бәҳәр.—Полат даланың таза ҳаўасынан көкирегин толтырып симирди. —Саған қалай түсиндирсем екен. Бәрибир түсинбейсең.

— Түсинемен, аға.

— Бәҳәрди адам десе де болады. Себеби, ол тиришилик сағасы. Мына таўлардағы жасыл шөплер менен мынаў теңиздей толқыған гүллердиң анасы. Улыўма алғанда сақый мәўсим, жомарт мәўсим. Мәўсимлерди мектепке барғанда сабақлықта өтеди. Болмаса өзим-ақ айтып берейин, қызым. Бир жыл деймиз. Оның төрт мәўсими бар. Мине, тәбият оянып, гүл қулпырған күнлерди бәҳәр деп атайды. Солай етип, екеўимиз бәҳәрде таў етегинде жүрмиз. Оннан кейин жаз. Күн ысытады, мийўелер мийўелейди.

— Оны билемен. Күн ыссы болса көйлекшең жүресең.

— Оның изинен гүз келеди. Гүзде егинлер писеди. Бирақ, гүз ақырында шөплер солып сарғайып қуўрап қалады. Жаўын-шашыны көп болады. Гүз изинен қыс қуўалайды. Күн қатты суўытады. Қар жаўады. Қар көп күнлерге шекем ериместен үйин-үйин болып жатады.

— Аға, оны билемен. Үйдиң алдында үйилип жатырған қар ше?

— Аўа, қызым. Сол қыстың қары еди. Енди түсинген шығарсаң. Солай етип, мына шырайлы гүллерди бәҳәр деген мийнеткеш аған еккен.

— Ҳе, түсиндим аға. Бәҳәр қандай жақсы-я, аға. Қаладағыдан көп гүл еккен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Гүлшат қапталынан ушып өткен көк гүбелекти қуўалап кетти.

Екеўи ертеңине түстен кейин тағы жолға атланды.

Гөнелеў автобустан асығыс түсти де, жүрип кетейин деп турған поездға зорға илести.

Гүлшат еки қапталындағы минарланған таў шоққыларына айнадан қарап киятыр. Поезд гә қос жартас арасынан зыңғып өтсе, гә бурқып аққан таў дәрьясын жағалап киятыр. Қараңғы түсип, аспан да жулдызлар көрине баслады. Гейде таў етеклеринде шалғыны бел бүўарға жететуғын тегис даланлық шығып қалады. Және таў басланады.

Купелердеги шырақ жанды. Дала қараңғы еди. Әтирапты тамашалаған қыз бирден ағасына тигилип қарады да:

— Аға, аға бул жақта неге жулдызлар ип-ири, неге?—деп саўал берди.

Өзи менен өзи ойлаң отырған Полат тастүнек айнаға умтылды. Ырасында да көк төриндеги жулдызлар бадырақтай болып жайнап тур еди. Ол қызына: «Балам-аў, жулдызлар барлық жерде бирдей. Бир жерде ири, бир жерде гирттай болмайды» деп түсиндирмекши болды да, нәрестениң соншама қызықлы тәсирден тасып турған кеўилин қайтарып аларман деп пикиринен қайтты. Оның үстине бул жаққа қайтар алдындағы үйдеги әңгиме есине түсип, жуўап орнына соны айтты.

— Аппақ қызым, алдыңғы күни апаңа таўдан ҳасыл зат таўып қайтамыз дедим бе, дедим. Мен таўды көрип балалығымның излери қалған соқпағымды көрип қайтсам, сен таў аспанының жулдызлары ири екенлигин аңғарып қайттың. Әне буны олжалы қайтқан жолаўшылар дейди. Қызым, қалаға олжалы қайтып киятырмыз.

— Әй-яй, апам көреалмай қалды. Ол да ана ири жулдызларды көргенде ме?...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өкинбе, қызым. Еле бул жаққа жазда талай келемиз. Апаңды да ертип келемиз. Оған сонда тау аспанының ири жулдызларын көрсетесең.

Екеўи үйине толып тасып қайтты. Гүлшат не көрсе соны дәстан етип апасына айтып берди. Көзи уйқыға кеткенше таў, гүллер, жулдызлар ҳаққындағы әңгимеси таўсылмады.

...Полат бүгин жумыстан кеўилли қайтты. Бул ўақытта отыз биринши жайдағы кишкентай балалардың барлығы үй алдындағы майданшада асыр салып ойнап жүр еди. Ол солардың арасында дөңгеленип ойнап жүрген қызын көрсе де, кесент етпейин деп атын айтып шақырмады. Бирақ, солардың жиңишке ҳаўазлары бир жағымлы наманы жүрегине азлап-азлап қуйып атырғандай сезим көкирегинде сайрады. Азаннан баслап аўыр жатарға шекем қаўсырылмайтуғын сыртқы есиктиң алдындағы отырғышта дем алып отырған кемпир менен ғарры сәлемнен кейин оны ирикти.

— Балам, ана қызлардың қосығын тыңламайсаң ба? Бир тамаша қосық. Тыңлап көр!

Ол екеўинин қасына отырды да, кишкентайлардың даўысларына қулағын түрди.

Жасыл таўға барамыз,
Гүллер терип аламыз,
Солардан шашымызға,
Баңтик тағып аламыз. —

деп кишкентай қызлардың кешки тымық гезде айтқан қосығы бул жерге анық жетип турды.

Полат орнынан ырғып турды.

— Таптым, таптым... Жасыл таўға барамыз... Болды. Болды...

— Нени таптың шырағым,—деди кемпир қоңсы жигиттиң бирден өзин умытып қуўанғанына аң-таңы шығып.—Зат жойтыппа едиң?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Аўа, шеше. Нама жойтып едим. Бүгин таптым. Жаңа таптым. Ана кишкентай қызлар таўып берди. Бәрекелла оларға. Рахмет.

Кемпир ғаррысына:

— Мына жигитти жин қаққаннан аман ба?—деди.

Ғарры сақалы селкилдеп мырсылдап күлди.

— Ол баламның нама шығаратуғын әдети бар ғой. Әне, сол... Нама шығарады.

— Ҳе-е, әйтеўирде түнде ана бир аршасының қақпағын көтерип таслап, бүкшеңлеп қолын жуўыртады да отырады-аў!

Асханада кешки аўқаттың майын күйдирип атырған Жаңыл өз қулағына өзи исенбеди. Биреў пианино шертип атыр. Қызы шығар дейин десе, ол әне балалар менен далада ойнап жүр. Әйнектен анық көрип тур. «Ким болды жаным». Ол майым күйип өртенип кетер деди, плитаның қулағын бурап отты өширди де, солай қарай жуўырды. Босағада бирден тоқтады. Ары атламады.

Күйеўи жумыс кийимин шешпестен пианино шертип атыр. Артынан мылтық көширсен де билер емес. Ол әстен-әстен кейин қайтты. «Алаңада етпейин».

— Ал, апасы, таза нама тайын,—деди Полат асханаға жуўырып кирип.—Демниң арасында питкерип таслады.

— Өтирик айтпа,—деди Жаңыл жортаға.—Мен майды күйдирип, жаңа қазанның қақпағын бастым. Ондай да өтирик бола ма?

— Анасы,—деди Полат маңлайындағы тереңсызықжыйрыққа иркилип турған терди жеңиниң ушы менен сыпырып.—Йош келсе шырпы шағаман дегенше-ақ нама шығарып таслайман. Барлығының атасы йош, анасы—илҳам.

— Ал, сен барлығын қайдан таптың?

— Апасы, дурыс сорадың. Жаңа ғана таптым... Ана



www.ziyouz.com kutubxonasi

қызларды көрдиң бе?—Ол жубайын айна алдына шақырды.—Не ислеп атыр?

— Бағанадан берли қосық айтып атыр.

— Қандай қосық?

— Мен сөзлерин анық еситпедим. Бир қатарын ядымда сақлап қалдым. Мысалы «Жасыл тауға барамыз»...

— Әне, әне апасы мениң жаңа бирден шығарған намәмның аты да «Жасыл тауға барамыз». Түсиндиң бе?

— Олай болса жайымыздағы қызларға рахмет айт!

— Әлбетте, әлбетте! Биринши гезекте қызыма көп-көп рахмет айтаман. Биринши болып қызыма, аппағыма. Апасы, солай етип, мениң тауға не ушын барып қайтқанымды түсиндиң бе? Мен сен айтқандай сом алтын емес, ал ушқыр нама, йошлы нама излеп кетип едим.

— Таза наманда қызың сүйип қалған таудың ири жулдызларының да ҳауазы бар ма?

— Бар, бар, апасы. Тау етегиндеги гүллер, жарық жулдызларға шекем бүлбилдей сайрайды.

Бул сапар қызы екеўине гезекти узақ күтпеге туўра келди. Бирақ, ол «қызым, көп күннен берли бир қосықты қайта-қайта қайталап шаршады. Бул жерде де иркилип қалдық. Сынақ пайытында босаңлық етип, және мурным салбырап үйге қайтып кетпесем болар еди» — деп қатты қорықты.

Буларға гезек жетти. Залда бос орын жоқ еди. Өзлерине тигилген қара көзлерден қыз тартынды ма, ортада турған шым қара нәҳән пианиноға жақынлай бергенде қолынан кери қарай тартты.

— Қызым, уялма, — деди оған әсте. Адамларға бир қарап ал да, оннан кейин өзимнен бөтен адам жоқ деп ойла.

Залда жанланыў пайда болды. Биреўлер намасы соңғы гезде өтпей жүрген жигиттиң қызын ертип келгенин бир түрли көрсе, басқалары екеўиниң бир исти



www.ziyouz.com kutubxonasi

тындырмақшы болып турғанын аңлап дыққатлы отырды.

— «Жасыл тауға барамыз». Атқарады — Гүлшат Салықова. Бес жасар.

— Қызы айтады...

—Наманың аты жақсы екен...

Полат қызына ым қақты.

— Аппақ қызым, албырама. Баслайман. Маған қарап тур. Бир, еки, үш...

Полат өзин биротала умытты. Уақыттың буншама тез өткенин де аңламады. Гүрилдеген қол шаппатлаўлар оны есине ендирди.

— Жасыл таўдың авторына рахмет!

Гүлшат жасасын!

Полат комиссия баслығына қарады. Ол қустай талпынып, жүзи нурланып отыр. Үсти-үстине қол шаппатлайды...

Ол жасыл таўдың жиңек желиниң қанатында пәрўаз әйлеп, қызының жумсақ қолын қысымлап залдан шығып кетти.

— Рахмет, аппақ қызым! — Ол қызының ыссы шөректей қызарған бетинен сүйди. — Және жасыл таўға барамыз ба?

— Апамды да ертип кетейик, аға...

— Жаным менен. Бирге барамыз.

Ол бос жай изледи. Себеби, қызы қайта-қайта еснеп тур еди.

— Шаршадың ба?

— Яқ, уйқым келди.

— Ҳәзир.

Кең коридордың төринде ашық турған бөлмеге кирди. Қызын диванға жатқызды. Сонша күнги толғаныстан кейин кеўли қарар тапқанлықтан ба, өзиниң де көзи илинип кетипти. Сыртағы шаўқымнан оянды.

— Кенсерлеўши-композитор қайда?

— Кишкене артисти табың!

— Намаға қосылған нәзик ҳаўазын айтсеш!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ишке ғаўырласқан көпшиликти кешеги сапары жүзи муздай көгерген комиссия баслығы ертип келди.

— Ҳәй бала, таза намаң менен шын жүректен қутлықлайман. Мени қатты қайыл еттиң. Берекет тап! — Ол тартынып турған Полатты қушақлап бетинен сүйди — Рахмет! Бүгинги концерттиң гүлтажы болды. Ал, кишкене артист қайда?

Ол әне, уйқылап атыр.

Комиссия баслығы диванға қарай адымлады. Еки шекеси бләбырап уйқылап атырған қыздың бетинен еңкейип сүйди.

— Нәзик сестиң еле қулағымнан кетпей тур, қызалағым. Илайым, республикамыз искусствосының жарық жулдызы болып жетискейсең. Бүгин «Жасыл таў» менен тусаўың кесилди, соңғылығында елимиздиң атын әлемге таратып, бийик мәртебеге ерисе бер... Тилегимиз орынлансын жолдаслар! Ақыры, жас талантты мойынлаўымыз керек. Таланттың алдында табынайық, буның менен киширейип қалмаймыз.—Ол бир қуты шоколадты қыздың бас ушына қойды.—Бул мениң шийрин қызалағыма саўғам...

Полатты басқалары да қолларынан алып қутлықлады. Адамлар қушағынан жаздырылған Полат комиссия баслығына қарады. Оның көзлеринде жас бар еди. Сонда ол «Бул адам басқаның табысына да баладай қуўанып, көзине жас алады екен-аў, — деп қойды ишинен. — Талантлы адамлардың уллылығы усындай қәсийетлеринде болса керек». Бирақ оны қайта қушақлап, миннетдаршылығын билдирмеге батынбады.

— Досларым, қәне онда. — Комиссия баслығы жыйналғанларға қарады. — Қутлықлаў мәресими питти, енди иске. — Ол адамлар ортасынан шығып, қапыға қарай қәдем таслады. — Қәне, барлығымыз жасыл таўға — залға кеттик. Залдан гүллер теремиз... Жасыл таўдың әдил баҳасын беремиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол туўанадай жерге барып иркилип изине қарады. Қапы қасында турған Полатқа даўыслады.

— Кепсерлеўши, аланлама, келе бер. Қызың ояна· ман дегенше қайтасаң... Саған тез рухсат беремен.

Полат ишке кирип шықты. Комиссия баслығы қолын арқасына салып адамлардың алдында:

— Жасыл таўға барамыз, гүллер-гүллер теремиз, — деп еле қосық айтып баратыр еди.

Полат көпшиликтиң изинен қустай ушты.

## МЕШЕЛДИҢ МӨЛДИР ОЙЫ, САЎДЫҢ САЙЫЗ САНАСЫ

*гүррин*

Бизлер оқыўдан келе сала ишимизден жыллы өткеремиз де, кеште ата-аналарымыздың «хәй бәрекелласына» молығайық деп отынға кетемиз. Усы күни бизлер түстен кейин аўылдан шығып кеткенимизде, айдай аманлық еди. Күн жыллы. Ашық. Дәрьяның жалтыраған ақшыл-көгис музының мурты шағылмастан жатыр. Бирақ, бир-еки күннен берли үстинен қызыл суў жүрип, азанда бети қаймақласып қатып шығады. Гүзде дәрья қайтып, суўы тартылғаннан берли жап-салмалардың ултаны шаңғытып қалған.

Бәҳәр шыққаннан бермаған отынға күнде барамыз. Бир күн бос қалдырған жоқпыз. Ҳәммемизден бес-алты жас үлкен — Шынеке деген отта писип, мийнетте ети қатып қалған бала өңшең кишкене бизлердиң жолбасшымыз. Шай ишип болғаннан кейин қай жерге жыйналамыз, отынға қай жерге барамыз және боян орып қайтамыз ба, жыңғыл, қарабарақ па, усылардың барлығын Шынеке күн бурын ойластырып қояды. Бир күни орақ әкелиң десе, ертеңине я балта, я кетпенди умытпаң деп тапсырады. Өзи үлкен адамдай ғайратлы, отын шапқыш және тағы шапқан отынның басын еки



www.ziyouz.com kutubxonasi

тәрепке қаратып буўмаға шебер. Бизлер бирдейине соған жалынамыз. Өйткени, буўып берсе отын бир жағына аўып түспейди ҳәм арқалап алғаныңда арқаңа салмағы тең түседи. Қулласы, бизлер оның изинен көлеңкедей созылып қалмаймыз.

Сол күни оғыры узақ жақтан отын шапсақ та, негедур күндегиден ертерек қайттық. Бир нәрсени кеўилли сезди ме, Шынеке тосыннан асыға берди. «Тез шабың! Болың! Кетейик! Қостаңлап жүре бермең»—деп тежеп тәкирледи де турды.

Ырасында да оның қыстанғаны, ерте қайтқанымыз әндамлы болған екен. Болмаса Мазай бабаның бийшара қоянлары қусап айдын шалқар суў ортасында атаўлап қалып қояды екенбиз.

Шамамыз жеткенше шаўып арқалап алған отынымыз бара-бара ийнинен басып, узақ жолдан шаршап мантаңлап киятырмыз. Ғаз-қатара дизилип алғаннан кейин алдыңғының отынынан бөтен затты көрмейсең. Қуяштың өмирбағыш нуры жағып атырған жер жумсарып, соқпақлар солқылдап кеткен.

Еки бойын ерманы жыңғыл жапқан ыраш басындағы жол менен жүрип келип ақырында дәрья бойына да жеттик. Әне, усы кәрада түсерлик те, шығарлық та толып атыр. Түсерликте ийиндеги отын еңседен жылысып шүй төбеге ысырылып келип қалса, шығарлықта бөксеге қарай жуўырады. Бир-еки шығарлықтан ҳарып-шаршап өттик . Енди алды бетимизде жаплық быжнап атыр. Бири терең болса, екиншиси ултаны тасырайған сайыз. Бир-еки жылдан берли суў ақпаған, еки бойын сарғыш урық, ултанында шөп ғаўлаған сайыз жапқа таялғанымызда, бизлерди писентли арқайын баслап киятырған Шынеке аржағы тикжарлықтай шарта тоқтады да, бирден ысқырып жиберди.

— Ўай-уў-ууў, балалар, мына суў қайдан түсип жүр? Толып кетипти. Музы болар емес. Әнеқалас, бул не әламат! Енди не қыламыз? Аспаннан аққан демеге



www.ziyouz.com kutubxonasi

жаўын жапқан жоқ. Музы да сақырлап атыр... Не болды екен?

Үйге жетип бара сала арқаланған отынды жерге тартып урамыз деп белимиз майысып шырпынып кыятырған бизлердиң, сол ўақыттағы ҳалымызға маймыл ойнай бергенде де болатуғын еди. Ишеклеримизди суўырылғанша тартық, димар кеткен аяқларымыз ҳарлап аққан суўға кесе қағылған қазық киби қалтырап қоя берди. Оның үстине жолымызды музлы суў басып кеткенине ишимизди ийт жыртқаннан бетер қыйналдық. Тағы батыл болған жапқа суў қайдан түскенине ақылымыз алыспастан ҳайранбыз.

— Не болған? Бағана өткенимизде шаңғытып атыр еди? Қайдан келип қалған?

Шынеке тырмыштан шығып, арқалаған отынды боянлыққа таслады. Бизлер еле арқалап турмыз. Ол ыраш төбесине жуўырып шығып, қубла бетке қарап турып бақырды.

—Ө-ҳа-а, балалар, муз ығыпты. Өрде бир түйир муз қалмапты. Анаў айланбада үйип-үйип муз жатыр.

— Муз тыққанба сонда?

— Аўа-әй... Муз тығыпты... Аяқ бетиндеги суў қайтып қалыпты. Түбинде жатыр.

Бизиң аўыл суў тасып, суў қайтқанда емес, ал муз ыққанда ўақты-ўақты жәбир шегип турады. Буннан үш-төрт жыл бурында аўылды суў басып кете жазлады... «Жаманның аяғы сегиз, бири болмаса бири тийеди» деген гәп шыннан ырас екен. Сол сапар шығанаққа қапыдай-қапыдай, гейпаралары дәрўазадан кем емес және баўыры қап-қара қалың музлар иркилип, суўға сүңгип жоқ болып кете берди де, изинше өрдеги суўдың дөңгейи сүттей тасып көтерилип, ернегин жуўып, ақыр-аяғында аўылдың қубласындағы пәс қашыны алып кетти. Демниң арасында «Шағала ой»ға суў толып, оның етегиндеги бир-еки үй жән-жағынан суў айланып ағып атаўлады қалды. Оның қасындағы сайлар, ойлардың да аўзы-мурнынан келди



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Қудай қарғағанды, пайғамбар ҳасасы менен түртип», жыққынға жармасып жаўын шелеклеп қуйды турды. Соннан кейин аўылды түўел суў басып кететуғын қәўип туўды.

Аўыр жатар болып қалса да елдеги бала-шағадан баслап ҳаялыў еркек, кемпир-ғарры суў алманың алдын тосып қашы шаппаға жумылдырылды. Сол ўақыттағы баслықтың адамларға көрсеткен зорлық-зомбылығы ма, я болмаса оннан бөтен шарасы табылмады ма, әйтеўир, жыққын кеткен жерге қапшықлап топырақ тасытты. Топырақ төгилген жердиң алдында қарыўлы адамлар суўда кешип турып, «Мына жерге төк, ана жерге апар», — деп силтеп, үлкенди де, кишини де бир майдан тындырмады. Төгилген топырақ үстинен суў асырылып ағып, көзди ашқанша ҳешнәрсе қалдырмады. Қараңғыда жылан көз суўдың кән жерге барып қалғанын жылтырап жылысып баратырғанда ғана аңлайтуғын еди адамлар. Ол изинен жән-жаққа тарап ағып жайылып, адамларға бойсына бермеди. Топырақ тасығанлар енди суў кешип шамбырлап жүрди.

Шүй төбеден жаўын қуйып аяқтан суў өтип, кийимлери аўырласқан адамлар биресе дизерлеп, биресе жамбаслап жығылып атыр еди. Сондай болғаннан кейин адамлар енди қалай да тайсалып, бойын қараңғыға урып тасаланды.

Өз-ара тоңқылдасып қарғанған адамлар ойлағандай, баслық жаны жоқ темир, буйрығы оқ жәллад емес, ал аяўшылық сезими жетип атырған, жағдайды түсинген адам екен. Сонлықтан ол тумлы-тустан жол таўып шөп-шар арасынан ийрелеңлеп, жөнеген суўды кешип шаршаған адамларды қыйнай берген менен тилсиз жаў бәри-бир баш бермейтуғынын түсинди де, үсти-басы малпақ-салпақ адамларды үйлерине қайтарып жиберди. Баслық сейисханадағы баққы атлардың бирине ержүрек бир жас жигитти мингизип, дәрьяны биротала сағасынан жаптырып бүлгиншиликтен қуты-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лайын деп аўылға жеткенде, малақайын былғап бақырып киятырған адам мүшкилди жеңиллетти. Себеби, шығанақтан буўған муздың өзи-ақ ығып кеткен екен.

Бизлер усы иретте сол сапардағыдай аўылды суў алып кете қойса, үйлеримизге баратуғын қурғақ аяқ жол табалмай қаламыз ба деп қатты қорқыстық.

Шынеке отынды арқалап алды.

— Мына жап терең емес. Кешип өтемиз. Тәўекел, — деди. — Ортада жығылып қалмаң. Тығылыспаң. Дара-дара өтиң.

Аяқларымызда оңып турған аяқ кийимлеримиз жоқ еди. Сирлиги қыйсайған шерим етиклеримиздиң келте қонышынан асырылып суў қуйылады да шалғаў орағап аяқларымыз сынаптай сыпқанап жүзип кетти. Суўық төбемизге жетти, бармақларымыз жылан шаққан сыяқлы ашып сала берди. Шынеке майысып белги бермегеннен кейин, ишимиз қалтырап қалшылдасақ та, тисти тиске басып шыдадық. Төзимлилик көрсеттик. Өйтпесўге, бөтен шарамыз жоқ еди, ақыры.

Әнеқалас! Ултаны тегис жаптан барлығымыз жығылмай-сүринбестен аман өттик. Суў толған етигимизди шалпылдатып басып киятырмыз. Етиклеримиздиң сөтилген жеринен, жыртығынан суў атлығып шабдырады.

Енди екинши жапқа жетип йирилип тоқтадық. Ол гүзде қазылғанлықтан терең және бәўыры аппақ қалың муз бетине шығып толып тур еди. Сайыз жериниң өзи киндиктен келеди. Қанша қайсар және жүрекли болса-да, Шынеке бул сапар тәўекел жасай алмады. Өзинен бетер шөжедей шүйкилдескен келтебақай бизлерден қәўетерленсе керек. Оннан қалса бир-бирине өтлесип сығасып қалған муздан өтпек те қыйын еди.

— Жоражанлар, — деди Шынеке әдеўир тынысналан кейин. — Аўҳал шатақ. Суў ағып турғанда ҳеш гәп еди. Мына музға ойылсақ — өлигимизди быйыллыққа таўып ала алмайды. Кәне, тырмыштан шығып, отын-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ларды ыраш басына таслаң. Суў қайтқаннан кейин әкетемиз. Өзлеримиз аўылға аман-есен жетсек те болар.

Қарсылықсыз көндик. Көндик деген де гәпре, өзлеримиз де сол турғанда отыннан бетер басымыздан қорқысын едик.

Жап күтә енли, бизлер былай турсын, үлкенлер де секирип өтпеге жүрексинбейди. Сонлықтан жапты жағалай жүрип отырдық та, арқа беттеги үш тармаққа айырылатуғын қысқа жерине жеткенше асықтық. Биринширинен қарғып өтсекте, екиншиси қәўипли, болмаса кишкенелер ушын наятый енли еди. Шыныке ең кишкенелеримизди арқалап өткерди. Үшиншисинде салмаға кеселеп турып алды да, қолтығымыздан көтерип арғы бетке топтай ылақтыра берди.

Ғәрез усы күни пункттиң қарымын жағалап қулағырдан айналып, үйли-үйимизге қас қарайып қараңғы түскенде малпақ-салпақ зорға жеттик. Бизлер қуры қорыққан екенбиз. Аўылды бурынғыдай суў алмапты да, арқа беттеги жап, салма, сай, шуқырларға суў толып, пунктти айналдыра қазылған қарымға да түсипти.

Шығанақтан тыққан муз түнде өзинен-өзи жөнеп кетти. Үш-төрт күннен кейин жаптың суўлары тартылып, ернегине шығып қырлап қалған музлар ерип, айналасы батпақ болып қалды. Пункт пенен дәрья аралығындағы ашықлыққа да жол түсти. Бизлер ыраш басына таслап қайтқан отынымызды барлығымыз түўел жыйналып барып арқалап қайттық.

Ол ўақытта бизлер отын, шөп шабамыз деп шарламаған, бармаған төбе, ой, тақырлық бул әтирапта жоқ шығар деймен. Аяқ жетер жерде не бар, не жоқ, қай жерден жантақ, қай жерден жыңғыл, қай жерден топыраққа жабысқан қарабарақ табылады, қай жердин боян-жантағы тирелип тур, қулласы, өзлеримизге тийисли жумысты бежермеге себи тийетуғын заттың барлығын бес бармағымыздан да артық билетуғын едик. Әсиресе, гүзги салым жигилдик, жийде писken ўақытта



www.ziyouz.com kutubxonasi

дәрья бойындағы шатлықты, жиңилдик өскен қалыңды табанымыз тозғанша аралаймыз. Отынларымызды сол сапар арқалап қайтпаға жөнегенде өз қарамағымыздағы жерлердиң де жағдайын, билип қайғыпақшы болдық. Дәрья қайырындағы жантақ арасында ағарып атырған бийик арқаш бар еди. Соның етегиндеги шуқыр ойға суў түсип, ҳәзир айдын шалқар тәбийий көлге айналыпты. Шалқып атырған суў тапқан үйрек-ғазлар қашшан мәканлап алыпты. Өзлеринше қыйқыў салып атыр. Шегежин үйреклер суўға тез-тезден сүнгип-сүнгип алса, кербаз ғазлар мойны ийретилип арқайын жүзип жүр. Суў шетинде бирқазан өзине жемтик излейди.

Усы келгенде бизлердиң кеўилимизди көтерип қуўантқан нәрсе, көл бетинде қуслардың сайранлап жүргени, мергенлердиң мылтықлары ғарсылдап атылмағаны еди.

Соннан соң еки-үш күнге шейин ол жаққа аўылдан адам бармады. Ҳешким үйрек-ғаз үйир басып атырғанын билмеди.

Бул тынышлық ўақытша ямаса бизлерди қысқа ўақытқа алдарқатқан аманлық екен. Аўылдың мергенлери билип қойыпты. Нәтийжеде алыста атылған мылтық сести гүңиренип еситилетуғын болды. Оннан қалса басқа жақтан да мергенлер келе баслады.

Дүньяда мылтықшы, мерген көп пе деймен? Кимиси шияда, кимиси атлы, ешекли, қаладағылар машиналы ағылып келе баслады. Әсиресе, ҳәрқыйлы машина шуй-шуйине қағысты.

Үйинде пухта таярланып, азық-аўқатын ала келген қалалы мергенлер басқалардан ҳийлени асырып, шетке, айырымлары ортараққа қаңбақ үйин гезе қурып алды. Сол жерде жасырынып жатып, бәленттен бойын таслаған үйреклерди суўға жалпылдатып түсиреди. Суўдан қорықпайды, себеби, жуўан санынан асып кететуғын резина етик кийип алған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеше-күндиз аўылдың жолында тоңқаңлаған машинадан, қарсыма-қарсы атылған мылтық сестинен ақыраяғында адамлар әбден бийзар болды. Қуяшламаға шығып жылынып отырған ғаррылар мылтық атылған сайын титиркенип «Қудайым-ай, мына ойсызлықтан қашан қутылар екенбиз... Мыналардың көзи ҳешнәрсеге тоймайды екен... Адамлар соңғы ўақытта қәсийеттен айрылып, ҳайўанға айналып кетти ме деймен», — деп сол узақтағы ашкөзлерди қарғап отырады. Инсапқа шақырады. Өмиринше биреўди аяп, биреўди жарылқап, қан төгилсе басын шайқап қайғыратуғын сол ғаррылардың нальшларын еситип, кейниннен инсапқа келип мылтығын ылақтырып таслап атырған ҳешким жоқ. Керисинше, енди мергенлер де молайды, мылтықта жийи, тез-тез атылатуғын болды.

Отынға қатнайтуғын жолымызды суў басып кеткеннен кейин, бизлер бул күнлери тыныш таўып арқайынлыққа берилдик. Журттан бурын отыны таўсылып, арқанды белине қабатлап байлап үйме-үй кирип шығатуғын Шынеке де тым-тырыс. Оқыўдан қайтып келгеннен соң үйинен былай-былай шықпайды. Барлығымыз бирге ғаз-үйрек қонған ой бетке барып қайтайық— деп үйине излеп барсақ, ол сыртта өткен жылдан қалған қуўрақ ағашты майдалап атыр екен. Мәниси болыңқырамады. Шамасы, не айтпаға келгенимизди ишимизге кирип шыққандай қашшан билип қойған қусайды.

— Бармайман!— Уртын томпайтып, терис бурылды.

— Мылтық атқанның неси тамаша. Жан қыйылады. Және тағы дүньяда мына нәрсе көп екен деп пәмлеп, бирин қалдырмастан қыра берсе... Бул жаўызлық... Соны да билмейсизлер ме? Егер де ҳәзиргидей көзи көринген затқа жабайыдай жабылып қыра берсе, елеберип бир ўақытларда заўалын береди. Кейпиятына ушырайды. Жоражанлар-аў, усылайынша атып қурта берсе бир ўақытларға барып, өзин түўе қанатларының сулыў сестин де сағынады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлбетте, сол ўақытта оның усы гәплериниң мағанасына түсинбедик. Өзлеримизше: «ҳс көп атып, көп қыра берген жаман болады екен» — дедик те қойдық.

Ол бармаса бармай-ақ қойсын. Ал, бизлердиң ишлеримиз дүбирлеп, хәўесимиз қозып, мылтық атылып атырған беттеги тамашадан бос қалып пәнт жеўден қорықтық. Оның үстине аўыл балалары ушын қысқа жерге болсадағы машинаға минип, айналаны тамашалап барған бул дүньядағы асып түскен тамаша еди.

Соннан топарлясып жолға шыға берегенимизде, қасымыздан иркилместен өтип кеткен машина анадай жерге барып тоқтады. Көкшил брезент пенен қапланған қапысы салта ашылып, шофёрдың қасында отырған муртлаш шойын қара басын шығарып:

— Ҳәй, балалар, үйрек-ғаз түскен суў қайда?— деп бақырды. — Силтеп жибермейсиз бе?

Бизлер ушын оларға қурыдан-қуры жол силтеп көрсетип жибергеннен гөре, машинасына барлығымызды миндирип әкеткени жақсы. Сонда туўыры апарамыз. Бундай да ынжық, симилтирлерге қарағанда шаққан, зақылдап турған шоқ, от баланың асығы алшы, бахыты демде жанып сала береди. Бойы шарға демесең, ойы зийрек, тас арасынан тири шығатуғын шаққан Султан бәримиздиң атымыздан жол сораганларға шәрт қойды.

— Машинаға миндирсең айтамыз... Болмаса...

— О-ҳо, тәмеңиз зор, — деди муртлаш мыйық тартып. — Көп екенсиз... Машина тарталмас деп қорқаман...

— Бизлер көп болсақ, бизлер апаратуғын жерде үйрек оннан да көп. Олжаға батасыз.

Бети қотыр-қотыр шофёр жолдасына «минсин» деген қусайды, муртлаш секирип жерге түсип, қапыны шалқайтып ашты.

— Ал, кәне машинаға марш... Тығылыспаң... Орын жетеди... Ал, иштеги ийттен қорықпаң... Тиймейди. Ҳасыл ийт...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Муртлаш та тамаша-аў, өмири туўып машинаға жаңа табаны тийежақ болып атырғанда, таласпай не қылады? Демниң арасында қапының аўызында бирибиримизди ийтерисип таластық та қалдық. Ойымызша изде қалғанымызды таслап кететуғындай едик.

Ҳәзирги ўақыттағы балалар мениң айтқанларыма қулағын кессең де инанбайды. Бизлер сол сапар машинаға минерде бығырласып қалған едик.

Ийт болғаның-а! Машина ултанында тумсығы томпақ, қызғыш жүни жылтыраған тап өгизшедей ийт жатыр. Аўылдың сабалақ жүнли көпеклери оның қасында пышықтай. Қаншама қорықпа десе де, бир-биримизге тығылысып, ийтке тийип кетпейик деп қорқысып отырдық.

Машина орнынан қозғалып жүрип кеткенде барып өзлеримизге келдик, оқ-буяғымызға еркин қарай басладық. Жаңа танымаған адамларға бөленттен шәрт қойған Султанымыз муртлаштың қасында қолтығына тығылып отыр. Қызғандық-аў, қызғандық. Өйткени, ол маңлай алдындағы және қапының кишкене айнасынан айналаға көз салып, қай жерден өтип баратырғанымызды, қай жерге келгенимизди көрип баратыр. Бизлер болсақ, төбеге жабылған брезенттен бөтенди көрмеймиз. Машиналы келген еки киси басқаларға қарағанда үй бетинде күшли таярланып, және бир-еки қатарды писенге толтырып келипти. Олжа мол деп еситип оқты да молдан алып қайтыпты.

Олар биринши ирет резина етик кийип алды. Қатарларды қабатлап белине байлады.

Қызғыш жүнли ийт ҳаслында ҳасыл екен... Ол қанатлап суўға түскен үйрек-ғазды ортадан болсын, арғы шетинен болсын, жүзип барып әкелип турды.

Соннан қара қуптанға шекем мергенлердиң сыртынан тамашалап, машина қашан берман қарай жүрер екен деп ыраш басындағы жыңғыллықта күтип отырдық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир ўақытта машинаның даўысы шығып, изинше еки көзи парлап жанып, тоңқаңлап берман қарай жүрип келе берди. Бизлер орынларымыздан өрре-өрре турыстық. Жол шетине шықтық.

Және машинаға мингизди. Ырасында да олар олжаға мыйлығынан батыпты. Ортада үйрек-ғаз үйилип атыр.

— Хәй, бәрекелла, — деди муртлаш дизесине қонған Султанның өлпең сары шашынан сыйпап.— Рахмет... Бизлерден гөре сизлер несибели қусайсыз... Машын тола үйрек-ғаз атып алдық.

Самал есип турған ыраш басында отырып тоңып қалыппан. Ыссы пештиң қуўысында азғантай отырғаннан кейин үсти-үстине еснеп, көзим бурилип басым төмен сыпқанай берди. Ақырында уйқылап қалыппан.

Апам мени тамақ писпеге шамаласқанда оятты. Бәри бир, уйқы қысып сол күнги тамақтан жарытып жей алмадым.

Хәммемиз тил бириктирип, ой бетке барғанымызды Шынекеге еситтирмейик деп ўәделестик. Өйткени, оның кеўилине тийип алармыз деп ойладық. Ана күнги гәпине қарағанда абайсызда биреўимиз, «ой, атты-аў, атты. Атқан үйреги бир машын болды» — деп салсақ, ала жипти кесип, бизлер менен қатнасықты бузады, отынға ертип кетпейди. Оның үстине оның жүрегин жаралаймыз деп те ойладық.

Бирақ, биреўдиң аўзына екинши биреў қақпақ бола алмайды екен. Султанымыз машинаға мингенине мақтанаман деп қәпелимде гөжени төгип алды.

— Не? Не дейсең? — деди Шынеке қаслары тикирейип шүңшийип.— Қайда бардық деп атырсаң? Қайда?

Хәммемиз бети бурискен Султанға ғәзепли қарадық. Хәтте, айрымларымыздың мушымыз жүн топ киби тасмийтип түйилген еди.

— Үйрек-ғаз түсип атырған ойға.

— Не көрдиңиз! Не!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди не көргенимиз, тамашаға қалай батқанымызды айтып салмақтан бөтен шарамыз қалмады. «Бәрибир айттырады, қалай болмасын еситип тынады. Не болса сол болсын, айтып тынбақ керек». Айттық!

— Билип едим... Билемен?! — Шынекениң онысызда қап-қара бети түтин киби қаралтым тартып, танаўы едирейип кетти. Қатты ашыўға минди. — Сизлерди адам шығар десе, шетиңизден ҳайўан екенсиз. Ҳеш затты аяп билмейсиз. Ондай сезимнен айрылғансыз... Ал, көрдиңиз, бардыңыз, атқан, қырғанның неси тамаша! Неси жақсы? Айта қойың? Мен айтсам, бул еле жүз беретуғын апаттың тұңғыш бел[illegible] [illegible]. Усылай етип, адам баласы, ҳәр адам бир мылтық көтерип, көзине түскен қусты атып қырып таслай берсе, жер бетинде қус та, аң да, қыбырлаған жан да қалмайды. Атып-атып болғаннан кейин нени атар екен еле сол жаўыз мергенлер... Кесекти, ырашты ма? Әттегене-ай... Әттегене. — Ол басын шайқай берди.

Ол тынбастан көп сөйледи. Бирине түсинсек, екиншисине ақылымыз алыспады. Ол сонда бизлер еситпеген, билмейтуғын қандай да бир тең салмақлылық, аңның, қустың бир түрин қуртсаң, екиншиси де жер бетинен жоқ болатуғынлығы туўралы, нызамлылық, тәбиятқа ҳәрбир адамның ғамхорлық жасаўы кереклиги туўралы айтты. Ал, сонда бизлер арадан бирқанша ўақытлар өткеннен кейин адамлардың нәпсиқаўлығы, санасызлығы, жаўызлығы арқалы жер бетине сыймаған суўдың тартылып, қуслардың көзден бир-бир ушатуғыны туўралы айтқан онын сөзлерин қуры мылжың деп уғып қалған едик. Сонда бизлер суў қуртылып, аң азайып, тоғайда жоқ болама екен деп ҳайран қалдық... Оның айтып атырған гәплери сол ўақытта бизлер ушын өтирик және жинлиниң гәпи еди.

Усыннан кейин ол бизлер менен көп ўақытқа шекем хабарласпай және сөйлеспей жүрди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ертеңине кеште қоңсы үйге кеткен ағам тамақтың гүртиги салынып болғанша қайтпады. Апам ағаңды шақырып қайт деп жиберди.

Ырасымды айтсам, жан қоңсымыз болсадағы, қоңсы үйге өз бетимше сүзип-жарып бара бермеймен. Апам ямаса ағам жумсағанда бараман. Өйткени, биринщиден ол үйде мениң менен бирге ойнайтуғын қатар бала жоқ. Екиншиден, аўа, екиншиден, ол үйдиң мешел ғаррысынан әзирейлиден бетер қорқаман. Ол есик бетте жатады. Кирген бойда тикирейип қарағанда, ғаўлаған жүн арасынан жылтыраған көзлери албыратып таслайды.

Маған мешел ғаррының аўыр мүшкилине көз таслап, оның тастүнек тиришилиги туўралы ойлағанның өзи қыйын еди. Бирден жүрек-баўырыңа қан қуйылады. Қатал тәғдирдиң адамға буншелли зулымлығына налыйсаң. Улыўма, мен кеше-күндиз көзинен қалып, даланың таза ҳаўасын емин-еркин жуталмаған, деми питкенше кәпеске, қамалға гириптар болған бийшара ғаррыға батына қараўдан қорқатуғын едим.

Оны ара-арасында көрип әке-шешемнен «Ага-аў, апа-аў, қоңсы ғаррыға не болған? Ол қалай мешел болып қалған? Жасында кеселге шатылған ба, ямаса мийнеттен мертилип усындай ҳалға жеткен бе?» — деп талай мәрте қайта-қайта сорадым. Олар ҳәр сапары бир сөз бенен: «Билмеймиз. Бендесин қудай қарғаған шығар?» — деп қайдағы бир қудайды гүналап, соған айып тағып жуўап береди. Мен бул гәплерге исенбеймен... Және скеўиниң алакөлеңке жуўабы дым қанаатландырмайды. Оннан басқалар да әке-шешемниң айтқанларын сөзбе-сөз қайталап, қайтама писимди қуртады. Мен сол ўақытта балалық қыялым менен: «Қудай неге қараптан-қарап қарғайды екен... Кишкентайында қудайды иренжиткендей қылмыс-қылық қылған ғой. Болмаса қастын тиге берип жини бар ма? — деп ойлап, буған жуўап табалмастан ойымды оннан ары жалғас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тыраман. — Жа-а-аақ, ҳасла олай емес. Қудайдың, адамлардың қарғысынан өлип қырылып атырған адам жоқ. Және тағы көзге көринбейтуғын қудай. қарғ... дейди-аў! Сонда көринген адам аягы тартылып мешелликке муптала бола берсе, жер бетинде тик бойына жүрген адам қалмайды. Мүмкин емес. Мүмкин емес», — деймен. Қулласы, көрмеген, билмеген сизлерге шылғый өтирик, маған шыннан ырас, сол мешел ғарры жатырған жерге өмирде төсек төселмейди. Төрт мүйеш қазылған шуқырда жатады. Оған көк-көмбек қум төгилип, ўақты-ўақты жаңаланып турылады. Былайынша, жаңағы шуқыр үйи, жылан көз майда шеге төсеги.

Ғарры жаз болсын, қыс болсын, баспақтың шондысынан қырқылып алынған қуйрығын былғап отыр ды. Ол шыбын қорығыш. Және үйдеги кишкенелер айтқанын орынламаса, қойып қалатуғын қуралы.

Қараңғы тар дәлизде турып, саңлағынан ишки жарық сыртқа түсип турған адамлар отырған өжирениң ағаш гөне қапысын өзиме қарай тарттым. Әңгиме қызғаны соншелли, мениң кирип келгенимди кишкенелер сезсе де, үлкенлер аңламады. Ҳәтте, аўызда қараўыллық хызметин атқарған мешел ғарры да қасынан өткенимди билмеди.

Үй ийеси — шийкил сары киси сыңсылап сөйлесе, мешел ғаррының сести салмақлы. Бизиң ағамда ара-тура сөйлейди. Ошақтағы қазан буқылдап қайнап атыр. Босаған шайнеклер еле жыйналмаған.

Мениң иркилип қалғанымды журттан бурын мешел ғарры көрди.

— Ҳаў, шырағым, кел, кел, төрге өт, — деди мийирбанлық пенен. — Қорықпай-ақ қой. Өте бер.

Мен оның бундай гәпти айтып, маған ғамхорлық жасағанын әжептәўир көрдим. Соңлықтан өзимнен-өзим қысынып ғаррыға сәлем бердим де:

— Кеш жарық! — дедим даўысым дирилдеп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бирге болсын! Бәрекелла! Түпәлам! Өт бери, — деп атыр үйдегилер.

Үрпек шаш кишкене қызлар муш-муштан мағап күлимсиреп қарайды.

Әңгиме мен келгеннен кейин де тоқтамады. Мешел ғарры шыбын қорығыш баспақтың сары қуйрығын сыйпалап, ара-арасында алды бетин әсте сыпырып отырып өзинше дилўарланып және қатты-қатты сөйлейди. Оның даўысы ири және қатты тәсирли еди.

— Шырақларым, ҳәмме бул жарық әлемге қонақ. Былайынша келеди кетеди. Қус баласы да, аң баласы да, улыўма тири жан сондай. Ал, бирақ, жер, суў, тоғай, улыўма биз аясында өскен аспан асты мәңги. Жаңағы айтқанларым дүньяға ҳәм адам баласына өмиринше керек затлар. Олар тап усы бүгин керек болса, ғап ертең де, оннан арғы күни де, бизлер о дүньяға жөнеп кеткен соң да керек. Соның ушын да буны мәңги өмир, ал сонда жасаўды тиришилик дейди. Өмир, тиришилик таўсылмайды. Мәңги.

Мешел ғаррының жүдә бир ҳикметли сөзлери жүрегиме майдай жағып, ол сол ирет көзиме әлимсақтан бери бир жерде топ болып жатырған мешел емес, ал кең дүньяның, мынаў ушы-қыйыры жоқ әлемниң ана мушы менен мына мушына барып келген, дүньяны кесе-көлденең гезген жәҳәнгир, өмири талай-талай арпалысларға толған, басқаларға қарағанда көп көрген, жұрттан мол машқаланы басынан өткерген, соплықтан ҳәм дилўар ҳәм данышпан көринди. Гәплерин тыңлаған сайын санам көк жийеги кеңейип, қыялым әлемди шарлап, демниң арасында қуўатым тасып баҳадырға айналып баратырғандай сезиндим. Оны бундай сөзге шешен, ойшыл, келешекти алды бурын көре алғыш деп ойлаған жоқ едим. Ол маған бәрқулла кишкенелерге баспақтың сарғыш қуйрығын силтеп, «ҳә, жүўернемек, ҳә оңбағыр» — деп отыратуғын қатыберез ғарры еди.

— Сизлердиң қалайынша ойлап, қалайынша пикир-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лейтуғыныңызды билмедим-дә, ал мениң жаман ҳәм өзиме усаған мешел ойымша, ана аңшыларға ертеңнен қалмастан шарта тыйым салмақ керек. Қус баласын аттырмаў керек. Қолына асылып емес, ал мылтығын тартып алып ширин арқасына танбақ лазым.

— Ҳаў-ҳаў, аға, — деди сыңсылап сөйлейтуғын сары киси әкесиниң гәпин жөнсиз көрип. — Ол не дегениң? Қуслар — қудайдики, суўда мол. Оның үстине үйрек-ғаздан көз сүрнеди. Толып кеткен... Атқан менен қы-рып таслап атырған жоқ.

— Туўры, туўры, қус — қудайдики, суў да — соники. Оның бержағында өзлеримиздики. Меники, сеники, ана баламдики. Сонда неге жанымыз ашымайды. Сениң гә-пиң орынлы бола қойсын. Атылып кеткен қустың ертең тағы орны толады, толысады. Бирақ, бул бүгинше... Ер-тең оннан жаманына тап болсаң қәйтесең? Бара-бара орны толмаса, бириниң орнына оны атылса, нәсилин жетилистиретуғыны да ныпқырт болса, орнына өзиң балалайсаң ба? Ақырында, қус баласына зар болып, бир көрмеге ҳәўес болмаспекенсиз?

Әне, әне, мешел ғаррының ойы-пикири Шынекени-ки менен үнлес еди. Бириниң аўзына екиншиси түки-рип, пикирин бир жерге буўған сыяқлы. Мен ғаррының гәплерин тыңлап отырып, сол үнлесликти, бир түбир-ликти сездим.

— Нуреке аға, — деди бизиң ағам мениң неге кел-генимди сезгенликтен, гәпти жуўмақластырмақты көз-леп.—Мине, бүгин дүздиң аңын аяп жанынды отқа жағып атырсаң. Күнде-күнде болса ана кишкене бал-лардан баслап мына жорамызға шекем суўды бийорын төге қойса бақырып таслайсаң. Зая қылмаң дейсең? Мениңше жыққын кетип, аяқтағыларды бүлдиретуғын суўдың шеги жоқ. Ҳешқашан таўсылмайды. Сениң пи-кириңше бир ўақытлары таўсылып қалады деген қәўип бар? Я болмаса былайынша үнемлеп үйрениң, зыянла-ған жақсы болмайды деп нәсиятлап атырсаң ба?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Уай-уў, шырағым-қарағым, биринщиден, үнемле, заялама деймен. Екинщиден көп екен деп шаша берсең, тап сол көп нәрсе ўақты-сәти келип таўсылады. Соның ушын да балам, үнемлегениң қәдирлегениң болады, қәдирлесең үнемлейсең. Оның бержағында «жаман айтпай жақсы жоқ» дегенди қайда қоясаң. Жаманлықты баста айтып, кейнинен жақсылық күтип жасамақ та көрегенлик. Сондай-ақ суўға молшылықтың елеберин қытшылығы жоқ деп келте ойлаптан. Суў әспек болады, Әмиўдәрья удайына ҳәзирги ўақыттағыдай толып-тасып тура бермеўи де итимал. Бир заманларда жер-жәҳәнге жайғаспаған суўы тартылып, ултаны шаңғытып жатырғанын көргеннен, әўелбастан суў қәдирине жеткен жақсы емес пе? Мақтумқулы да қалый адам емес. Әмиўдәрья бир күн шөлдек боларсаң деген емес пе? Солай екен, балаларым, ҳәр қандай апаттың, жоқшылықтың, қарабаханалықтың күн бурын алдын алмақтың жолы қолда бар барлық затты: жерди, суўды, аңқусларды, ҳәтте пуўқарағай тоғайларды үнемлеп жумсап, тамтумлап күнге жаратып жасамақ. Өзиңе жалғызы керек бола турып, оны атып қыйратып сала берген жараспайды.

Гәптиң ақыры тап усыманға жеткен ўақытта, үй ийеси менен бизиң ағам жарысып сөйлеп, мешел ғаррыға жеңислик бермеди. Ғарры пақыр да беккем екен. Екеўи оған қыйрадай қыйсайып жатып, ойда жоқты айтып басты қатырасаң-ә, — дегенде де ашыўланған жоқ.

— Әй, әй, шырақларым-қарақларым, «басқа түспей баспақшы болмайды»—деген бар. Жаның көзиңе көринбей денсаўлықтың қәдирин билинбейди. Бунда да тап сондай. Туўры, ҳәзир суў да, дүзниң аңы да молшылық. Қәлегениңизше ата бериң, қәлегениңизше шаша бериң. Бәрибир, қай ўақ бир ўақ, қапылғанда бир заманларда ерин тислеп қаласыз. Қатты өкинесиз. Бирақ, оның ҳешқандай пайдасы болмайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Нуреке аға, — деди бизиң ағам, — суўға дус келмей турып, күн бурын етик шешип не қыламыз? Асықпайық-тә! Оған шекем ким бар, ким жоқ!

— Солайы-солай ғой, — деди үй ийеси сыңсылап. — Зимистан түспестен бурын қабырғаны суўық жерге басып қайғырып, саў басқа саўда сатып алып бүлиниш не бар? Ҳәзир суўдың да, аңның да түби көринип турған жоқ. Барлығы жетерли, мол... Дарқаншылық.

Мешел ғарры:

— Әй, әй пәмиңиз ыштанның аўынан да тар екен, — деди қолындағы бузаўдың қуйрығын былғап қойып. — Ой-өриси сүйемге жетпеген жарымаслар! Сизлерге сөзимди заялап, нәсиятлап... Мешелдиң сөзи де, ойы да, пикири де мешел деп атырсызлар ғой...

Бизиң ағам орнынан турды.

— Ал, яқшы, көп сөйлестик. Анаў-мынаў болса кеширгейли болсын, — деди есик бетке жүрип баратырып. — Жүр балам, кеттик.

Соннан берли арадан қырық жылға жуўық ўақыт өтти. Мешел ғарры, ҳәтте, оның баласы да дүньядан өтти. Кишкенелердиң барлығы әўлийе санаған Шынекеде ертерек қыршынынан қыйылды. Бирақ, мешел ғарры айтқандай, мына бизлер жасап атырған дүнья, әтирап, кеңислик, аспан, жулдызлар сол күйинде қалып қойды. Тиришилик еле даўам етип атыр.

Мәҳәли туўып, ўақыты жетип баяғыда ысылдаған майда қум үстинде күни-түни жатырған сол мешел ғаррының айтқанлары, бүгинги күнде шынлыққа айналды. Болмаса айтқаны келди турды. Ҳәзир енди оның айтқан гәплерин ой елегинен өткерип, сана тәрезисине тартып ағы-қарасын айырсам, ол байғус баласына және бизлерге қолда бар заттың қәдири жоқ, соның ушын әлпешлең, көп болсын, мол болсын, асып-тасып шашылып атырсын, мүмкиншилиги болғанынша үнемлеп, қәдирлеп жумсаң, оннан қалса аясында арқайын жасап атырған ана тәбиятты мәпелең, сүйиң, өйткени ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

өз үйиң, өлең төсегиң, өз бостаның, ол келешегиң ол әрманың, ол бахытың, ол жайнап-жаснап жасар жақты дүньяң деп нәсиятлаған екен. Ҳәм сөз бенен ҳәм нәсият арқалы ескертиў жолы менен ҳәрбиримиздиң қулағымызға сырға таққан екен. Ол ҳәр қәдемде, ҳәр демде, ҳәрқашан бизлерге өз үйимиз, өз ана-жеримизге абайлы болып жасаң инсанлар деген шақырық екен.

Жумыр баслы, қам сүт емген бенде емеспиз бе, ақыры. Сол мешел ғарры гәпиниң терең мағанасын, тымсаллап айтқан нәсиятының көзге түртер қамшы екенлигин, кеш, кеш болғанда қолда бардан биротала айрылып қалғанда барып түсиндик ғой!

Негизинде мешел болған менен байғус ғаррының ойы жүйрик, пейли дурыс екен... Басқалар оның өзин де, сөзинде, ойын да, нәсиятын да мешел деп түсингеннен кейин не пайда?

## ҚЫЗЫЛ ҚОЗЫ

*гүрриң*

Қалалы ағайинимиз гүздиң күнлери бизиң қораға үш қойын қосып кетти.

— Аўыл адамысыз, қосатуғын пада бар. От-шөп жоқ емес. Үйиңиздиң түбинде тирелип тур. Шопан ҳақысын ай сайын төлеп тураман. Мына балаңның қол-аяғы жеңил көринеди. Бизиң қойларға да өзиңдикиндей қарасын. Алалап жүрмесин. Аман болсам мийнетин күйдирмеймен. Туўа қойса төлинен, болмаса кийим-кеншектен қарасаман,—деди апама.

Апам мени аяса керек, дәслеп қыйналды көнбеди. Шопан ҳақы, мениң мийнетим күймейтуғынлығын құлағы шалғаннан кейин ырайынан қайтты.

— Қудайға шүкир, қора пүтин, от-шөп жетерли. Анаў-мынаў нетип кетсе бизлерден көрмесең болғаны. Мал деген батпаққа батып, суўға кетип те өледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өлетуғын мал қоранда турып та өледи. Шығасы затқа шара жоқ. Сизден емес, қудайдан көремиз. Ал, бала күтип бақ. Уәдемнен таймайман,—деп екеўимизди қатарынан исендирди.

Мен оны «семиртип беремен»—деп исендирдим.

Тилегимиз қабыл болды ма, қыста мал туяғы кемиген жоқ. Ағайинимиз сөзин де турды. Шопан ҳақысын ай сайын жеткерип барды. Ара-арасында «кише, мынаў қаланың азғантай базарлығы»—деп ақ суп шаршыға орап анаў-мынаў әкелип таслайды. Апам маған «аўзына салып сорый ғой, шырағым. Сениң мийнетиң көп»—дегенде оның қант, лампасый әкелгенин билемен.

Туўры, маған аўызымның суўын шубыртып жутындыратуғын шийрин затлардан гөре, қалалы балалардың үсти-басындағыдай кийим әкелип бергени жақсы. Әкелип береди деген тәмем зор. Мен бәринен бетер аўы былғаңлаған бөз ыштан орнына қалтасы бар, балағы сыбыт таўар шалбар болса деп әрман етемен. Ҳәзирше апамды сыйлап атырғанлықтан, маған ҳешнәрсе әкелмеди деп өкпелеп, ағайинимиздиң қойларына қырын қараған жоқпан. Бәҳәрде еле ҳешнәрсе егилмеген бос жерлерге сора, шай пәшек, пәшек көгерип шығады. Қойларды падаға қоспастан алдын сол жерлерге азанда ерте жайып аламан.

Апам екеўимиздиң қыстағы мийнетимиз зая кетпеди. Қойларымыз ишиндеги алабел ешкимиз туўды. Ана сүтине бийғам тойған ылағы бул күнде анасына теңлеспесе де, әдеўир жетилип қалды. Бирақ, қойлардың алды қозылағаны менен кейни еле изине қозы ертпей жүр. Ешкиге қарағанда қой жуўас, аш болса да қақылдап маңырай бермейди. Босанайын деп атырғанын да сездирмейди. Солай болғаннан кейин ертели-кеш қорадан хабар алып, көз-қулақ болмасаң, төли аязда тоңлап қатып қалыўы мүмкин.

Ағайинимиз әкелип қораға қамаған үш қойдың ишинен басқаларынан тобығы кишкене қызыл қойды өзим-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ше жақсы көретуғын едим. Ол өйткени, жуўас, кеште қораны адаспастан таўып келеди. Жәниўарда мениң өзин жақсы көретуғынымды сезе ме, алдына шөп таслаған,сайын қолымды жалап, жақынлағаннан еркелеп сүйкенеди.

Соңғы күнлерде сол қойдың айы-күни жақынласты. Апам, түнде қораға тез-тез барып қайтады. Мен оннан қалыспайман.

Усы күни күн аўғаннан самал күшейип, ала-шаңғыт басланды. Шаң көз аштырмайды. Күн көзи көринбей қалды. Самал ҳүўилдеп, қамыслардың ызылдысы қулақты шынлатады.

Бундай былағай күнлери мал басынан қорыққан шопан малларды жайлаўдан ерте алып қайтады. Апамнан бетер мен шыбындай дызғып жүрип, ешки менен қойларды қораға бирим-бирим санап қамадым. Түўел. Бирақ, қызыл қойдың мәниси жоқ, аяғын сылбыр басады. Жата береди. Алдына салған шөптен де тислеп алмады.

— Апа, мына қой аўырып турған жоқ па?—дедим апама.—Ҳеш затқа мейли соқпай тур.

Апам:

— Аш емес, толғатып тур,—деди.—Күнде былағай болып кетти. Түнде абайлы болайық. Төлинен айрылып қалармыз.

Бул сөз маған қатты қамшы болды. Уйқыдан бездим. Самал түнге қарай күндизгиден бетер қутырынып, өңмениңнен өтетуғын дәрежеге жетти. Ҳәр жерде баўыры жалтырап жататуғын ериншек пышықлар терек, тал, там басларына өрмелеп шығып, даўысының жеткенинше мияўласты.

Басыма гөне жүн пальтоны бүркенип, қараңғыда қора беттен айналаман. Аманлық. Қызыл қой қора түбинде қырынлап жатыр. Ешкилер де қулақлары тикирейисип қораның ығына тығылған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Далаға қайта-қайта барып қайтып қатты шаршаппан. Түниниң бир ўағында уйқылап қалдым. Суў ерниммнен дастыққа тамыпты. Жәнe тағы уйқылап атырып түс көргенимди айтпайсаң ба? Түс болғанда да шийрин. Түсимде көргеним оңымда болғанда меннен бахытлы, меннен шадлы бала болмас еди. Қайдан билсе оннан билсин, қойы толғатып атырған мәҳәлде қалалы ағайинимиз самал, шаңға араласып жетип келипти. Қуўанғаннан еки езиўи қулағында. Ҳәтте, меннен бес бетер қуўанып, үлкен болса да қолын шаппатлағанда самал гүўилдисин басып кетеди..

Адам туўсын, мал туўсын шиллехана емес пе? Сонлықтан мал ийеси қуўанып атырған ғой деп онша елеслирмеймен.

Рахмет, рахмет оған. Мен әрманлаған таўар шалбар әкелипти. Пиликтен шығатуғын түтиннен де қара таўардан тигилген. Ыштандай салбыраған аўы жоқ. Балақларын айтсеш, балтырыма жабысып тур. Қос балағында жуп қалтасы бар. Шуңгил. Тап жигирма асықтан артық сыяды.

Кийип көрип атырман. Адам қуўанғанда қатты албырайды екен. Албырағанлықтан беллиги бар екенин де көрмеппен. Аўыш басым шалбарға пилте ышқыр тағылады деп ойлағаным, масқара-аў!

Қызғыш-қоңыр қайысын да қоса әкелипти. Енди сол қайысты шалбардың белине өткерип атырғанымда, түсим бузылды да қалды. Биреў басымды аўырықтай ҳәр жаққа домалатып атыр. Татлы түсти бузған қолды қағып жибердим.

— Жинлимисең? Тур, турсеш,—деди апам.

— Неўе? Не болды соншама?

— Қой туўды. Өзине усаған қып-қызыл қозы. Сулыў ғана.

Басқа ўақытта болғанда жаңа хабарға ушып-ушып қуўанар едим. Тап ҳәзир қайтама ашыўым келди. Өзимше тоңқылдадым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Басқа ўақытта оятқанда не қылады? Асығып бир?

— Не болып қалды?—Апам түсинбей ҳайран.—Неге бултыясаң?

— Түс көрип атыр едим.

— Ал, сонда не болыпты?

— Ағайинимиз шалбар әкелип берген екен. Қайысы да бар... Соны...

— Аўыш. Аўыш ... Түстеги шалбардан,оңындағы қозы жақсы емес пе? Соны күтип бақсаң, ол қәйним шалбарға қоса көйлек те әкелип береди.

Сонда да төсегимде еснеп, басым мантаңлап ҳешнәрсе қосжақпай отырман.

Апам:

— Тур, балам, жаңа туўған қозыны көрип қайт,—деди.—Мал туўғанда қуўанар болар... Бириң еки болған жақсы.

Апамның айтқаны ғәлет емес екен. Қозы айта жүргендей сулыў, қып-қызыл. Анасынан айнымаған. Анасының баўырына тығылып жатыр екен. Ып-ысы тумсығынан сүйдим. «Мен сени күтип бағаман, бола ма?»—дедим жалпақ қулағын көтерип сыбырлап.

Еси-дәртим сол қозы. Кишкентайынан өзиме үйреттим. Анасынан бетер маған баўыр басты. Сүттен шыққаннан кейин биротала изиме ертип жүретуғын болдым.

Екеўимиздиң ерте басланған дослығымыз, әсиресе, жазда нығайды. Қол бос, оқыў жоқ. Еки дос азаннан баслап биргемиз. Балаларға қосылып шомылып, суўда балықтай өрлеп жүзип жүрсем, ол қырғақтағы шеңгеллик арасында диңкилдеп шапқылап ойнап жүреди.

Түстен кейин әзелден әдетимиз бойынша өңшең бала отқа барамыз. Бир-еки баў суў шигин орып алып, арқалап қайтамыз.

Бир сапары бес-алты бала бирге оттан қайттық. Кишкене адамға еки-үш баўда аўыр жүк. Соқпақта үйге тезирек жетейин деп дызғып киятырман. Жолда тынғанша үйге жетип ийнимдеги жүкти түсире жақпан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Боянлық арасындағы соқпақ ийреленлеп келип жүўерилик пенен тутлық ортасындағы ашықлыққа тирелди. Енди былай-былай қараўға болады. Өйткени, қапталыңда ким киятырғанын көресең. Қалың боянлық арасындағыдай емес. Бай-буў, изимде томпаңлап жортып киятырған қозы жоқ. Оған не болған? Өзлигинен жолда отлап қалмайды? Биреў услап қалды деп ойламаға, басқа адам услап алғанда неге маңырамайды? Ақылым ҳайран.

Еңсемнен басқан отты тақыр жерге тартып урдым. Соннан ушпадай ушып жуўырып отырдым, жуўырып отырдым. Ушып баратырман қалың боян арасынан. Мениң бахытыма боянның басын ҳешким байламапты. Болмаса соған тутылып, омақазан атып түсер едим.

Жаңа көрдим. Бийшара қозыны пахта атыздың шетинде бир қара ийт дызғытып қуўып жүр. Көзимнен жас ытқып кетти. Тисимди қайрадым. Усыннан қолымда мылтық болғанда ғарсылдатып атып тасламаға барман.

Жуўыр-ә соннан өкпем өшкенше. Араны қысқартқаннан:

— Жит! Жит! — деп даланы көширип бақырдым.— Жит! Жит дейимен!

Желиккен ийт даўысты тыңлар емес. Әл-аспанға шапшып қашып баратырған қозының бирese ол жағына, биресе бул жағына ҳыңғып шығады. Базда тиси кишкене кетпен қуйрығына батайын-батайын деп қалады.

— Жит! Жит!

Өкпе тусларынан кесе-көлденең тартып жуўырдым.

— Жит! Жит!

Бир ўақытта тап қолтығымның тусына келип қалды. Бул ўақытта қара ийт еле кишкене асқабақтай кетпен қуйрыққа тисин батырған еди. Қозы «м-ә-ә» деп ышқынып бақырды. Мен ийттиң аш белине тептим. Ийт анадай жерге секирип түсти. Маған тисин ақсыйтып ум-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тылып еди. Мен жерде жатырған шыбықты көтере сала қарсы жууырдым. Ийт басын алып қашты.

Қуйрығынан сызатланып қан аққан қозыны көтерип қайттым. Үйге келе сала кийиз күйдирип бастым.

Усы күни кеште қалалы ағайинимиз де келе қалды. Адам сүйсингендей қызыл қозының ийтке таланғанын көрип, қыйналды ма дейсең, қоя бер сирә!

— Тас болмаса қозыдан айрылып қала жазлаппыз. Ендигиден былай изиңе ерткенди қой, бала,—деп маған қабақ шытып.—Мен оны бас малымның бири деп жүрмен. Өз алдына бир төбе. Басқасынан бетер соған бек бол.

«Апаңның май дегени торақ шықты» демей ме? Тап сондай, биз жерде жүрип тон пишсек, ол аспанда талтайып отырып сол тонды қай жерге апарып сатса, нырқы қанша көтерилетуғынын ойластырып қойған екен. Ал, керек болса? Кеште әкелип берген ботинкасына қуўанып едим, енди соны ийттиң етинен бетер жек көрдим. Сандықтың астына күшимниң барынша ылақтырдым.

Ол кеткеннен апама:

— Апа қәйниң сөзинде турмайжақ. Қызыл қозыны көзи қыймайжақ,—деп муңымды шақтым.

— Неге қәўипсинесең? Өз аўзынан бермеймен деди ме? Я болмаса өзиң сорап көрдиң бе?—Апам бетиме қарады.

— Жақ! Гәп шамасы сондай.

— Ондай-пондайды қой!—Апам терис бурылды.— —Өзиниң ўәдеси бар. Умытып баратырса өзим сораймаи. Қозы орнына бизиң семиз саўлықты алар нәтинде. Сени қапа қылмайман...Кишкентайыңыздан үйренисип қалып едиңиз. —Апам басымнан сыйпады.—Қапа бол ма? Бир илажын табаман?!

Гүзде ағайинимиз үш басы алтаў болған малларын қалаға айдап кетпеге келди. Апам екеўи жеке отырып сөйлести. Бир-бирине салқын қарасқанларына қараған-



www.ziyouz.com kutubxonasi

да, еки ортада питим болмаған қусайды. Апам азанда маған:

— Балам, ағаңның қой-қозыларын түўел қорадан шығарыспаға көмеклес,—деди.—Маллар өрместен бурын алып кетсин. Болмаса маңырасып бүлдиреди.

— Нешеўин?—дедим мен өкпем аўзыма тығылып.— Бәрин бе?

— Нешеўин? Нешеўин? — Апам қатты-қатты сөйледи. Даўысы бундай ашшы деп ойлаған жоқ едим. Етим түршигип кетти. — Мың емес қой. Барлығы алтаў емес пе? Ямаса ес-ақылдан айрылдың ба?

— Апа! Апа!

— Қой, қой балам.—Апам мени табанда тойтарып таслады.—Қой деймен енди. «Киси кийими киршил». Киси малы маллық қылмайды. Кесеңди ағартпайды, кийимиңди көгертпейди.

Ағайинимиз күн шықпастан бурын үш қойды бир жипке дизип қосақлап байлап алды. Қызыл қозыны да аналарының жибине узынырақ қылып байлады. Қалған еки қозыны аналарының изинен бос жиберди.

— Ал, бала көрсеткен хызметиң ушын рахмет,—деди ағайинимиз ийнимнен қағып.—Кешир мени... Мал басын түўел әкетежақпан. Қыйналаман. Аңсарың аўғаны дурыс қызыл қозыға. Адам қызыққандай. Мениң де өзиң менен қатар балам бар. Мал ҳақысын төледим. Сениң хызмет ҳақың да өтелди.

— Апам ашық қалған ергенекке сүйенип турып бақырды.

— Баланы алдағаның — келешегиңди алдағаның, қәйним. Не қыламыз, өзиң билесееӊ. Бирақ, көзине күйик қыла бермей қойларыңды тез айдап кет.

— Ҳаў, кише бүйтип пәтленбе? Ағайин адамбыз, көрисип турамыз. Бирақ, меннен зыян көрген жоқсыз. Шопан ҳақы, қант-шай, балаңа кийим-кеншек. Оннан артық не керек? Екеўимиз де зыянда қалмадық. Тәрезиге тартып салыстырсақ, теңбе-тең, кише.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Дурыс, дурыс қәйиним, дунья жағынан екеўимизде зәлел көрмедик. Сен маллы болдың, мен қант-шайға молықтым. Ал, еки ортада муштай бала зәлел көрди. Бизлердиң немизди айтасаң?!

— О неге, кише?

— Екеўимиз де баланы алдадық. Пәк сезимин сындырып, ақ көкирегин қараға батырдық. Үлкенлерге исенимин жоғалттық... Әне, еки үлкен адамның көрген зыяны усылар. Буны бинай өмиринде өтей алмаспыз.

Ағайинимиз үндемеди. Қызарып турған күншығысқа ийегин созып қарап алды да, қосақласқан қойлардың үстинен шыбық жүритти. Арба жолдың аппақ шаңы азанғы тымықта түтинликтен көтерилген түтин киби созылып жоқары созыла берди. Сол шаңғыт арасында қызыл қозы күншығыстың қызыл нуріндай қызғыш дөнип томпаңлап кетип барар еди.

Мен қаралары көринбей кеткенше изинен көзим талғанша қарап қалдым.

## МӨР

*гүрриң*

Бул бурынлары өткен ўақыя еди. Бүгин баянлаўдың утыры келди.

* * *

Бизлер жетинши классты он еки бала питкердик. Жети бала, бес қыз. Оннан ары билимди жоқарылатып, он жыллыққа қатнап оқый қояйық десек биринширден мектеп узақ, екиншиден жолдан бир бүйир аўлақтағы аўылда жатып оқымаға туўра келеди. Ал, оннанша техникумға ҳүжжет тапсырсақ, күндеги оқыйтуғын жерде, жатақханада түбинде. Қалтасына бақыр тийин түсип көрмеген аўыл баласы—бизлерге ямаса техникумға түсип оқығанларға стипендия, болмаса нақ айтқанда жүз қырық манат береди деген нен кейин ушпаға қанатымыз болмай желпилдедик те турдық. Қалада оқыймыз,

www.ziyouz.com kutubxonasi

қалада деймиз жүрегимиз шәўкилдеп сораған адамға.

Бирақ, бул тамақта, кийимде жетиспей атырған урыстан соңғы жыллар еди. Бунық үстине дизеси жалтырап жүре берсин, ҳешким гөне кийимде жүргенине арсынбайды, ал күнделикли кегирдектен өтетуғын қулқын жөни қатты қыйнайды. Жуўанның жиңишкерип, жиңишкениң үзилетуғын, адамлардың аўызы еле көкке жарымаған ямаса гүзде дәни таўсылып, таза дақыл ниспей диңкени қуртып турған мәҳәлде тамақ ушын үстибасты сатып жалаңаш жүрмеге қайыл боласаң. Сол ушын қайсы ата-ана болса да баласының тезирек күнине жарап, қысқа қолын узартып, тамағын тойдырмаға себи тийгенин гөзлер еди.

Апам жалғыз қалып, мениң қалаға оқыўға кетип қалғанымды қәлемеди. Ақыры, ол ушын мен еле ойын баласыман. Оннан қалса аўылда жүрсем ылақ бағаман, қозы бағаман ямаса гүзде адамларға түйек айдасып қырман алысаман. Соннан кейин қапылғанда бес-алты кепшик дән табаман. Апама да ағайинлери, қәйинлери үсир-кеўсен әкелип береди. Солай етип, қаршадайынан қолға илинип, кесеўин узайтайын деп турған баланы қалайынша көзи қыйып қалаға жибереди. Әлбетте, буған қайыл емес.

Апамның сол ойына мына нәрсе қатты қосымша болды. Мен еле уйқылап атыр едим. Апам азанғы шайды ишип атыр. Үйге кимди болса да баслық инисине арқа сүйеп қорқытып үйренип қалған аўылдың бийи келди. Мен оны даўысынан таныдым. Өйткени, ол келген бойда уйқым ашылып кетти, бирақ төсектен атып турмадым Маған уйқылаған адамға усап жатып, екеўиниң гәпин тыңлаған тамаша еди.

Шигин зағарадан бөтен зат жоқ дастурхан басын бундай адам менсинбейди. «Отыр, отыр қәйним»—деп жалынғанға қарамастан я наннан аўыз тиймейди, болмаса төрге өтип дизе бүккени менен демленген шайды толық сырқып ишпейди. Мине, ҳәзир де қырылып-жойы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лып жалбырақлаған байғус апама:

— Шай ишпеймен. Қәне, кише, наннан аўыз тийейин. Хе, хе, солай болсын. Мине, аўыз тийдим,—деп атыр.

Көрпе саңлағынан екеўине сығалап қарап жатырман. Енди апам оның бетине үмит пенен қарады. Азан менен келип отыр, не айтады екен сонда? Демине нан пискен адамның қандай мүтәжин питкеремен... Неге келипти? Әлбетте, апамның көз-қарасларынан усындай сораўларды оқыўға болатуғын еди. Екеўи тым-тырыс отыр. Апам негедур қулақты шыңылдатқан тынышлыққа шыдамады да, дастурханды ғабыр-ғубыр жыйнамақшы болды.

— Жо-жо-ооқ кише!—Ол апамды ирикти.—Тоқтай тур... Еле үлгересең!—Апам қайта орнына отырды.—Мына жаманың...—Ол мен бетке суқ бармағын шошайтты.—Оқыўды питкерди ме?

— Аўа, шырағым... Питкерген болды.

— Енди не қылажақ?

— Билмеймен, шырағым...

— Оқыўға бара ма?

— Билмеймен.

Ол кисиге де апамның гүмилжи пикири ҳаўадай зәрүр қусайды.

— Олай болса.—Ол апамды ҳәм оның ерк-ықтыярын биротала бийлеп алды.—Кише, оны оқытып не қыласаң. Қарны аш болса бәри-бир қайтып келеди. Жарлы оқыў питкерип не жалшытады. Оннанша аўылдың қозы-ылағын баға қойсын. Аўзы-басынды майға батырып, тамағынды тойғызады. Үсти-басың да пүтинленеди. Үйлерден ҳақысын өзим өндирип беремен. Басқалардан зыят болса зыят, бир мысқал кем емес. Кише, пайдаңды ойлап отырман. Жас бала пайда-зыянды биле бермейди.

О-қо апам қумшекердей ерип, демниң арасында оның айтқаны ақыл, усынысы дәрман бола қалды.

— Мақул, шырағым. Өзим де тап солай ойлап отыр едим. Оқып басыма шырақ жақпай-ақ қойсын. Маған ҳәзирги нақ табысы керек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен ол киси анамды әбден көндирип, өзине писентли ҳалда үйден шығып кеткеннен кейин түргелдим. Ҳе, ҳе, апама салса мени ҳеш қайда жибермейди, ылақ-қозы бақтырады. Не ислеўим керек? Бирақ, мен оқыўды питкерместен бурын-ақ апам қарсы болсын, ҳәтте жибермеймен деп қақ маңлайымда қулашын жайып турып алсын, оқыўға кетемен деп өзиме-өзим серт берген едим. Ақыры, өңшең беске питкергенликтен, қайсы техникумға да имтихансыз қабыллайтуғынын еситкен едим. Әтияжы айма-ай стипендия—ақша береди екен.

Апама жасырын ойымды сездирмедим. Ертеңине мектептен жетиншини питкергеним туўралы гүуалыққа қоса мақтаў қағазын алып қайтпаға кеттим.

Бизлер питкеретуғын жылы келген директор мектеп түбиндеги үйинде екен. Меннен бөтенлер қашшан қағазларын алып кетипти. Еки урты ойылған арық директор көгис қағазлардың түп бетине шыйратып қол қойды да, қолыма услатты.

— Ал, бала, мектептиң мөри жоқ. Бундай қәдирли қағаз-документ мөрсиз ҳешқайда өтпейди. Районға барып қайтасаң. РайОНО ға бастырасаң,—деди.

Мен РайОНОның қай жерде екенин билмесем, де енди район орайына барып қайтпағым лазымлығын түсиндим. Ырасында да қол қойылған менен дөңгелек мөр басылмаған қағазға ким исенеди.

Үйге қайттым. Ертеңине аўылдың тусындағы дәрьядан кемеде өттим де, тоғайды ортан белинен кесип шығып, районға жеткеретуғын жолға шықтым. Жолда айырым жерде машинаға минип, гей жерлерде жаяўлап, ақырында түс алдында районға зорға жеттим. Үстибасым аппақ шаң. Даўысым қарлыққан. Қыялымша, қағазларыма мөр бастырып аламан да, иркилместен аўылға қайтаман. Қапылғанда үйге қас қарайғанда жетемен.

РайОНОның кеңсеси поселканың күншығар шетинде екен. Үш-төрт бөлмели жай. Мен сол жерде сыртта



www.ziyouz.com kutubxonasi

жүрген адамлардан қағазларға мөрди ким басып, ким тастыйықлайтуғынын билип алдым. Исим питсин десем РайОНО баслығының алдына кирип барыўым шәрт екен. Ол киси отыратуғын жерди де таптым. Қапысы ашық. Аўызда бир қыз отыр. Басқа адам жоқ. Мен тартына-тартына босағадан атладым. Жаңағы қыздың иши писип отырса керек, маған көзи түскеннен саўалға тутты:

— Неге келдиң бала? Қайсы аўылдансаң? Кимниң баласысаң?

— Баслыққа.

— Баслықтың жайы усы. Не жумысың бар?—Ол мени менсинбеди... Бет-әлпетиме:—«Баслықта не жумысың бар еди?»—деген мәниде қарады.—Не айтажақсаң?

— Ҳеш зат айтпайман. Қағазларыма мөр бастырып аламан. Қол қойылған.

— Онда ертең кел. Бүгин жоқ.

— Қайда кетти?

— «Қумшүңгил»ге... Ертең келип қалар.

— Азанда ма?

— Билмеймен.

Мениң басыма зимистан түскен еди. Бир манатқа жетер-жетпес усақ тийинди бул жерге жеткенше жолда шоферларға үлестирип таўыстым. Енди қалтам муз бетиндей ҳүўлеп тур. Булкәрада таныйтуғын бирде-бир үйим жоқ. Қайтып кете берейин десем, бүгин сонша жерден ҳарып-талып жеттим, күнде-күнде қатнамаға тийин-тебен қайда?

Аяғымды илбиретип басып сыртқа шықтым. Күн батпаға еле недәўир ўақыт бар. Ҳәзирше ҳеш гәп. Ал, усыннан күн батар, оннан кейин қараңғы түсер, ал таң атқанша жалғыздан-жалғыз қалай шыдайман. Қай жерде түнеймен. Қуайы қонақпан деген менен маған ким исенеди.

Әстен жүрип поселка орайына жеттим. Дәл ортадағы кең жолдан бортлы машиналар арман-берман анда-сан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

да сийрек өтип тур. Дукан, шаштәрезхана қасларында бирең-сараң адам бар.

Мениң бир шешимге келип, бир нәрсеге тоқтаўым шәрт еди. Жумысты питкермеге қарамасам өтип атырған машиналардың бирине асылып минип аўылға тартып кетиўим керек. Ал, жумысымның оңғарылғанын қәлесем, басқа тас тийсин, дузде түнеп шығайын, қулласы, пешанаға жазылғанға көнип усы жерде қалмасам болмайды. Азанда ерте және бағанағы кеңсеге зып етип бара қояман.

Үлкен арпалыс, пикирлердиң қырампыш шайқасынан кейин қалай болмасын қалатуғын болдым. Кетпеймен. Бир күн, бир түнлик азапқа көнбесем, бослық көрсетсем, соңғылығында маған қалада оқыўда жоқ, мәллиқ кияўмиддин де жоқ. Аўылдың ылақ-қозысын бағып, жилиншигимди шөп тырнап, табаныма шөңге батып далада күнге сарғайып жүремен. Екиниң бири. Солай етип, ҳешнәрсеге қарамастан бурын келип көрмеген бийтаныс жерде қалдым.

Күн барында үйде жүргендей арқайын едим. Өйткени, ҳәр жерде болса да арман қарай баратырған, бери киятырған адамлар ес болды. Енди болса там мушлары қараңғы, жолда ҳәрекет тоқтаған. Дукан, шаштәрезхана қасында да ҳешким жоқ. Бир жерде қақшыйып тура бергенде қолайсыз екен. Қасыңнан өтип баратырған адам сезикленип қарайды.

Былайырақта ғаңғырлаған даўыс шығып атыр. Сол бетке бардым. Бул кинотеатр екен. Айналасында жан баласы көринбейди. Келгели бери үйренисип, көзиме қалай да ысық көринип қалған бәленттеги шаштәрезхана алдына қайттым. Түбинен батысқа қарай жол кеткен, ол пәсте.

Бир ўақытта көшеде шаўқым молайды. Адамлар бақырысып көше-көше бойлап тарқаса баслады. Мен соларға аңсарым аўып тура берипппен. Дөгерегимде өзим қатарлы балалар шеңбер жасап қоршап алғанын жаңа



www.ziyouz.com kutubxonasi

абайладым. Жүрегим суўылдап, өкпем аўызыма тығылды. Қалалы балалар жабанлы баланы ондырмайды, сабап таслайды деп айтқанларды еситетуғын едим. Сол гәп ядыма оралды да, бойымды көтериңкиреп, геўдемди қоқырайтып турдым. Бирақ, онлаған бала жалғыз мени жер астына сиңирип жибериўи мүмкин. Барлығына дәдимилла айта алмайман. Шарға биреўи шаштәрезхана ишинен түсип турған жарықта ийегимниң астына тақалып келди де басқаларға қолын сермеп:

— Мына биреў бул жерлик емес,—деп бақырып жиберди.—Танымайман.

— Ырас па?

— Усы қаланың баласы шығар десем?...

Мен қурыған жерим усы шығар деп дирилдедим. Хәрқайсысы бир муш дөндире қойса, кесектей унырап кетемен. Дөгереги исип, көзим жумылып қалса, ертең нәхән баслықтың алдына қай бетим менен бараман. Хәй, хәй, оны ойлағанша, тап хәзир қалай бас саўғалап, таяқтан қалай аман қалыўды ойлан. Соған бас қатыр.

— Қайдан келдиң?—Шарға баланың даўысы шиңкилдеп тур. —Не қылып турсаң?

— Аўылдан...

— Қайсы? Бизлер шөпке баратуғын аўылдан ба?

— Жақ, узақтан.

— Не қылып турсаң енди?

— Өзим.

— Қыдырып келдиң бе?

— Жақ.

— Хаў... Тамаша... Онда неге келдиң? Бул жерде не қылып турсаң?

Мен оларға неге келгенимди, бул жерде жалғыздан-жалғыз неге турғанымды айтып бердим. Енди олар маған аяныўшлы қарай баслады.

— Сен былай қыл,—деди ишиндеги ири биреўи.—Мына баланың үйине барып жат.—Шарға баланың қа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сындағы ақ ыштан, ақ көйлекли, басында тақыясы бар баланы көрсетти.—Усы жердиң шопаны. Мал бағады. Еки бастан жалғыз өзи. Қондырады. Қонып шығасаң.

— Жүре қойса жора,—деди шопан бала.—Төсек салып беремен. Бир өзим тураман. Жүре ғой.

Өжетлигим тутты ма, я болмаса арым келди ме, шопан баланың изине ерип кетким келмеди.

— Бармайман! Жақ!—дедим шарта.

— Усы жерде түнейсең бе?

— Аўа.

— Қасарыспа,—деди және жаңағы ири, бойшаң бала. —Изинен пәнт жейсең. Қорқасаң. Өжетлик пайда емес.

Ырасында да өжетлигимнен зыян көрдим. Тис жедим. Айтылған сөз атылған оқ. Оны қайтарып ала алмадым. Олар «өзиң бил» дегендей қолларын силтесип, тарқасып кетти. Изинен жуўырайын деп турдым да, тағы гежирлигим басым келди. Кейнинен барғым келди. Пайдасы жоқ еди. Себеби, шопан баланың үйин билмеймен.

Аяғымнан димар қашып шаршап жығыла жазладым. Бир жерде тикейип тура бергенде еки аяқтың соры екен. Соннан кейин шаштәрезхана айнасы қапталындағы ағаш орынлыққа созылып жаттым. Гедир-будыр қатты ағаш қабырғама, жаўырыныма, бүйириме батып атыр. Басымда жумсақ дастық жоқ. Бирақ, күн узаққа тик аяқта жүргеннен кейин қатты орынлық қус төсектен де жумсақ сезилди.

— Ҳәй, бала не қылып атырсаң?—Басымды әллеким аўырықтай домалатып шайқап атыр.—Тур! Тур!

Көзимди ашып қарадым. Ақтеректей узын милиционер екен. Еки ийни зоррыйып шығып кеткен. Қара мурты тикирейип тур. Көзимди уўқаладым. Азғантай болса да көзим илинип уйқылап кетиппен. Оң қолымды басымның астына дастанып жатсам керек, уйып аўырыңқырап тур. Милиционер бастағы сораўын тағы қайталады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Уйқылап атырман, — дедим.

— Қайдан келдиң?

— Аўылдан.

— Қонақ жериң жоқ па?

— Жоқ...

— Олай болса бул жерден кет. Басқа жерге барып жат. Мынаның ишинде затлары бар. Мен жуўап беремен. Дукан, шаштәрезхана қасында қараўылдан басқа адам жүриў қадаған. Түсиндиң бе?

— Ағажан, усы жерде азанға шекем жатып шығайын. Қорқаман. Ким билип атыр. Ҳешнәрсеге тиймеймен.

— Ҳәй, бала. —Ол енди ашыўланды. —Кет деген соң кет! Болмаса қамап таслайман. Затына тиймеймени несси... Муштай болып... Уры, гәззап болып шықсаң, ертең сени қай жақтан табаман. Кет енди! Меннен жақсылық көрмейсең.

Милиция қамайман дегеннен кейин қамыстай қалтырап сала бердим. Өйткени, бир сапары милицияның күшин көргеним бар. Сонда мен бул дүньяда милициядан күшли, оннан айбатлы адам жоқ екен деп ойлап қалдым.

Ол былай болды. Аўылда дуканшы ағайинимиз бар еди. Соның үстинен затты өйтип сатты, бүйтип сатты деп аўылдың бирең-сараң адамы арза жазыпты. Тексерип көрип қараса көбиси өтирик, ал бирли-ярымы ырас екен. Арадан онлаған күн өткеннен кейин аўылға ғаррылаў милиционер атлы жетип келди. Дуканды жаптырды. Дуканшыны пайыў-пыяда алдына салып айдады кетти. Бизлер сол ўақытта дукан дөгерегинде ойнап жүр едик. Әжағам атлы милиционердиң алдында мойны салбырап кетип баратыр. Аңырайып турған бизлерге де қарамайды. Аяп кеттим дейсең. Соннан үйге жуўыр! Апам нан қатырып атыр екен. Апама албырап айттым. «Әжағамды айдап кетти. Жаңа көрдим... Лардың ишинде баратырған шығар ҳәзир». Апам ып-ыссы еки нанды қолтығыма жаялыққа орап тықты да:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жуўыр балам. Изинен мынаны жеткер,—деди маған.—Ол бийшара аштан өледи. Қамаған жерде не барды дейсең?! Жуўыр! Милиция қуўса қорқып қашпа! Өлтирмейди!

Соннан еки тәрепи бәлент ырашлықлар ишине түсип алдымда, аяғым жер илместен жуўырып отырдым. Ат жәниўар адамнан гөре сезимтал, сергек болады екен. Изинен қуўып киятырған адамның аяқ сестинен сетемленип, мен түбине жеткенде бир қапталға қаймықты. Ер үстинде ерликтей тикейип отырған ғарры милиционер бир қапталына тоқымдай сыпырылып түсе жаздады. Әллеқәсмирде бойын тиклеп, маған бежирейип қарады.

— Ҳәй, оңбаған, кимниң изинен қуўып киятырсаң? Не гәп? Аманлық па?

Мен оның бет әлпетинен бетер жез жағасынан, қоқырайған қып-қызыл бас кийиминен жүрегим суўлап қорықтым. Белиндеги қайыста көзиме суўық және жеркенишли көринди.

— Әжағама?!

— Кимге? Кимге?—Милиционердиң жарғақ-жарғақ даўысы тыныш лар ишин гүңирентти. —Қамалатуғын адамның қасына жантасыўға болмайды. Тыңламасаң өзиңди де қосып айдап кетемен. Қамап таслайман!

Мен алға таслаған қәдемимди толық ата алмадым. Изиме қарай зытып кетпеге сәл қалған едим. Әжағам муртынан күлди.

— Отағасы, кишкене баланың жүрегин жара бер ме? Көп болса мени қамарсаң. Онда не жазық бар?! Маған бир зат әкелеатырма, не билесең. Алмаға неге рухсат жоқ екен. Мен еле сотланған жоқпан ғой.

Милиционер ерге салынған көпшикти дүмпишледи.

— Онда тез. Шаққан. Районға жетемен дегенше иңир түседи. Жол узақ.

Мен қолтығымды күйдирип баратырған ыссы нанды әжағамның алақанына баса қойдым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Апам берип жиберди.

Бир қызығы, милиционер қамап таслайман деген әжағам үш күннен кейин қайтып келди. Қамап тасламаға милиционердиң күши жетпесе керек.

Ал, мына милиционердиң маған ҳәзир шамасы жетеди. Сипседей сүйреп әкетип, тастүнек жайға қамап тасласа не қыламан?! Қолымнан ҳешнәрсе келмейди.

Жолға түсип алып түсликке қарай тартып кеттим. Жаз аспанында жулдызлар жайнап тур. Ийтлер ҳәр ўақта үрип, кейнинен тып-тыныш болады. Күндиз адам, көлик салтылдап өтип турған жолда мениң табанымның сестинен бөтен ҳешнәрсе еситилмейди. Усыннан тынбастан жүрип отырсам, түнниң бир ўағында аўыл тусына жетип шамаласыўым итимал. Бирақ, жол қорқынышлы, әсиресе, тоғай, онда қуў сырығы шошайған, жуллық-жуллық ақ шүбереги желбиреген қойымшылықтан жүрегим жарылады. Тастүнек түнде жалғыз жүрген адамға топарласқан сағал да жаў, егерде қасқырға дуўшакерлессең, сүйегиңди терип алатуғын адам табылмайды. Қулласы, оң жақ ийиним бетиндеги шарбаққа теңескенде, найлаж тоқтадым қалдым. Арқадан қублаға қарай созып салынған ылай пақсаның ҳәр жеринен, орталарында теңдей аралық қалдырып тирепберди берилген екен. Әне, соның бириниң көлеңкели тасасында пақсаға сүйенип турып аламан. Алды бетим жол, арқам пақсада, жаныма жан жақынламайды. Бир түн ҳәпзаматта өтеди кетеди. Мен гә балалардан, гә милиционерден қорқып жүргенде, аш пенен шөлди умытқан екенмен. Ҳәзир кеште тойып тамақ жеп, суўға әбден қанған тоқмейил адам сыяқлыман.

Бирақ, арадан ўақыт өткен сайын ишек-қарным шурылдап, аш болғанымды аңлай басладым. Жүрегим талып баратыр. Қапылғанда бир уртлам суў бола қойғанда, бойыма димар дарып, көзим питегене ашыларма еди, қәйтер еди?! Пай, пай, кеште қарынды тойдырып, шәңгилди толтырып суў ишип, оннан кейин басты



www.ziyouz.com kutubxonasi

дастыққа салып, жумсақ көрпеше үстинде көрпе жамылып жатқанға ҳешнәрсе жетпейди екен. Түнде көрпетөсекте және үйде жатып уйқылап шыққан бейиштен мың есе артық қусайды.

Аспанға қарадым. Япырмай бала, бунындай жулдызлы аспанды өмиримде биринши ирет көрип атырғаным шығар. Жайнап тур-аў, жайнап. Ҳинжи-маржандай сәўле шашып жалтылдайды. Теп-тегис. Гейпара гезлерде аспанға тигилип турсаң, қәпелимде жулдыз ағып түседи. Бундай да үлкенлер «Жулдызым жоқары, жулдызым жоқары»—деп көкирегин ашып түкиреди. Жулдыз биротала ағып түскеннен кейин «Әне, бир адамның өмири қыйылды. Әлемнен өтти»—дейди. Ал, ҳәзир аманшылық, көктеги жулдыздың биреўи түўе, шереги де ағып түсип атырған жоқ. Толық... Мен көктеги жулдызларға ҳәўесим аўып қарай бердим. Бирақ, аяғым, жилиншигим қақсап аўырып шаршадым. Төмен шөгип жүрелеп отырдым.

Мен енди таңның тезирек атқанын тиледим. Тезирек атса екен деймен ишимнен.

Бир ўақытта қораз шақырды. Үлкен адамлар қораз шақырса таң атады дей беретуғын еди. Енди тез таң атады екен деп жүрегим шәўкилдеди. Биресе жулдыз сығасқан аспанға, биресе терекликке бүркелген күн шығарға үмит пенен қарайман. Көк жийек ағарып, соңынан қызарып айналаға жарық сәўле жайылатуғын сияқлы түйиледи маған Ҳаў, қораз шақырды ғой. Сонда неге таң атпайды. Неге әтирап жақты тартпайды.

Мен байғус соңынан есиме түсирдим. Бул еле қораздың биринши шақырғаны екен. Және тағы... Ой-ой, онда еле бирталай емес, ал кәп ўақыт бар. Болмаса таң атқанша силем қатады екен... Әйтеўир де, қоразлар шетинен бақырыспастан, ҳәр жерден дара-дара сес бериаў! Соннан кейин биртегис тыныш бола қойды.

Бир ўақытларда пақсаға сүйенип турып-ақ көзим илинип кеткен екен. Түс көрип атырыппан. РайОНО баслығы кеткен жеринен қайтып келипти, мени кабинетине өзи баслап кирди. Қағазларыма мөр басып берди. Мийирбан адам екен. Биресе балам, биресе иним деп атыр. «Ал,—деди маған,—мийнетиңди күйдирме. Емге төртиң жоқ екен. Техникумға имтихансыз алады. Биринши сентябрьде партасына барып арқайын отыра бересең. Енди табельщик-пабельщик деген ҳәмелге қызып, аўылда қалып қой ма?! Оқыған озады. Бизге оқыған саўатлы адам керек»—деп нәсиятлап атыр.

Шоршынып оянып кетсем, суўық пақсаға сүйенип тик аяғымда жылқыдай мүлгип турған екенмен.

Айналаға, жулдызларға толған аспанға нәзер тасладым. Жулдызлар еле сийрексимеген, сүтилмектиң әшекейиндей ғуж-ғуж. Қайта және толысып, ара-араларында жаңалары жалтылдап сәуле тарқатып турған сыяқлы. Бурынлары ара-тура үрип қойып, маған сүйениш болған ийтлердиң де сестине суў қуйылған. Жым-жыртлық. Қапылғыр қоразларда шетинен қырылған ба, сирә бир шақырайын демейди. Негедур өзимниң мынаў бир бийшара мүшкил жағдайыма жаным ашып, көзиме жас үйирилип жылагым келди. Бағана неге шопан баланың изине ерип кетпедим, ҳаў, бара қойғанымда писирип жермеди деп, Ҳәзир өзиме-өзим қария киби қатты кейидим.

О-хо, енди таң атпай не қылады? Мине, қораз және шақырды. Шамамша, жаңа бирдеги шақырғаны арасындағы ўақыт қалай да қысқалаў. Тегис шақырды... Олай болса енди сөзсиз таң атады. Ешақай... Бул ирет қоразлар өзлериниң түнги хорына көбирек қосылып, әдеўирге шекем шатқаяқлап бақырысты. Тап сол ўақытта шақырып атырған қоразлар маған әке-шешемнен, аменгеримнен бир де кем көринбеди. Мисли қәдирданым, жанашырым сыяқлы еди. Бәрибир ерте қуўанып, ерте толқыған екенмен. Қоразлардың үнине және суў қуйылды. Кеңис-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ликте алды бетине көлеңкеси түскен пақса, оған жабысып турған мен, және жулдызлы аспан қала берди. Және жым-жыртлық жанды жеп, кеўилди бослыққа толтырып, басқа мың түрли қыял, мың түрли жаман нәрселерди нығарлап тығады.

Жаман қыялды күшлеп бир жақларға ысырып таслайман да, кеўилге жағып, еңсени көтеретуғын қыялға берилемен. Өзиме барлығы орынлы-орнына түседи, ҳешнәрсе болмайды, бир күнлик азап өтип кетеди деп тәселле беремен.

Қоразлар тыныш тапқаннан кейин бунысының екинши шақырымы екенин билдим. Ўай-уў және бир шақырымы бар. Қашан таң атады? Бурын ишим қабысып аш болсам, енди денеме суўық дарып тоңа басладым. Япырмай-ә, түн суўық болады екен-аў! Ызғары да баршылық. Не деген менен жарқырап турған күндизге ҳешнәрсе жетпейди екен-аў, бала?!

Жән-жағыма қарадым. Еле сол турысы, қараңғы, тынышлық. Жулдызлар шоқ-шоқ. Жалтылдағанда қыз мойнындағы ҳасыл моншақтан бетер. Қарағанында аспан кеўлиңди көтерип, қыялыңды тастырады, бирақ, мен турған әтирап тунжырап, қараңғы тартып дым қорқытады. Былайырағымда әллеким жөтелледи, кишкене күшик пе, ямаса даўысы жиңишке көпек пе, жағын керип қаңсылады. Тынышлық демде бузылды. Бирақ, мен тәмеленген қоразлар еле тым-тырыс. Үшинши мәрте шақырмай атыр, үшинши мәрте!

Биреўдиң жөтелгени, ийттиң әжептәўир қаңсылағаны уйқымды ашып жиберди. Тоңғанлықтан арман-берман жүре басладым. Усы ўақытта мына хорлыққа басымды шатып, келиспейтуғын нәрсеге шаяндай жабыса бергениме өзим де ҳайран қалдым. Ал, енди оқымағанда не қылады? Азғантай ес-ақылымды жыйғанша ылақ-қозы бағып-ақ тураман... Тамағым тояды, апам қатты ырза болады. Бәрибир ол екиниң биринде «Оқып-шоқып ба-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сыма шырақ жақпай-ақ қой. Өлгеннен кейинги ҳәзликтиң бир тыйынға кереги жоқ. Қайырқомлығыңды тирнде көрсет»—деп қақсап атыр... Ал, сонда оқымадым, қозылақ бақтым. Оннан кейинше? Өмиримше бағып қала беремен бе? Адам баласы алға умтылып, алға талпынбағы, бүгингисинен бетер ертеңги күнинен үмитлениўи тийис емес пе? Ҳаў, ақыры, түн изинен таң атады, күн шығады, бул әлем тастүнектен қутылып, жарыққа шомылып жайнап кетпей ме? Адам да сондай болыўы керек. Ийт түйнектей мүррийип қатып қалса, сонда ол қандай өмир?! Қой, қой, оннанша алға тасландым ба, алға ушқым келди ме, олай болса бир табан изге бәспеймен! Кейинге бәскен нәмәрт. Мен нәмәрт емеспен! Көрерсең еле, табанлығымда, алғырлығым да жетеди, ҳешнәрседен тайынбайтуғынлығымды турмыста ҳақыйқат дәлийллеймен. Тасқын ағыс киби бойым менен санама урылған бул пикир қустай талпындырды, үмитимди жалын киби шалқытты.

Әтирапыма, аспанға, алды бетимдеги тыртым жолға қарайман. Бүйиримнен ызғар өтип баратыр. Ишша-а, тисим сақылдап ийек-ийегиме тиймей атырған жоқ, бирақ, тоңып турман. Тоңып...

«Енди гирттай ўақыт қалды, шыдайын. Шыдайман» —деп өзимди-өзим жубаттым. Қағазларыма мөр бастырып кетемен. Негизинде мөр деген нәрсе қудиретли зат қусайды-аў! Болмаса ҳүжжетлериме директор шыйырып қол қойды... Сонда да ол ҳеш жерге жарамайды екен. Сол ушын күшли болмай не қылсын? Ҳаў, ҳаў, бизиң директор да әнейи адам емес. Аўыл-ел ҳүрметлейди, бизлерге болса бул дүньяда оннан өткир адам жоқ. Соған қарамастан оның қолы да ҳешнәрсеге жарамай атыр. Қудирети күшли мөр деген зат қандай екен-ә?!

Түн уйқысы ийримнен де қудиретли, баўырына симирип тартатуғын күшли екен. Мийимде ой айрандай быжылдап, жилиншигим сырқырап аўырғанлықтан төмен



www.ziyouz.com kutubxonasi

шөгип отырыппан да уйқылап кетиппен. Көзим әдеўир ўақыт илинген қусайды-аў. Көзимди ашып қарасам, жулдызлар сийреп серпилейин депти. Әсиресе, қоразлар уўылдап-шуўылдап шақырып атыр. Бәдшағарлардың ҳәрқыйлы сеслери ҳәзир маған ҳәййиў айтқан анамның жипектей жағымлы ҳаўазына мегзес еди. Шақырың, шақырың аппақ таңды атырың, жер бетине сәўле шаштырың деймен өзимше толқып. Усы сапардағы жүрегим лүпилдеп қуўанғаным барлық қуўанышларымның ағласы еди. Ақыры, бул таң әрманымның жалына жабыстырып, нийетимди небир зилқаратас нәрсени көтерип майыспай туратуғын нигирикке айналдыражақ. Жас баланың аспанға шарықлап, жерди писент етпеген бәлент қыялын қоя бер сирә! Мен енди тап ҳәзир бирден таң атып, әтирап жақты тартып, адамлар арман-берман ерсили-қарсылы жүрип кететуғын шығар деп ойладым.

Бирақ, бирақ, қыялым тегаранда ҳақыйқатлыққа айланбады. Қораздың үшинши шақырымынан кейинде күншығыс бозарып маўжырап турып алды. Қараңғылық жақтыға жол бермеди.

Күте, күте биротала силем қатты. Сонда барып қораздың үшинши шақырғанынан соң да таң ҳәп-заматта атып, ол жер, бул жердеги затлар толайым көринип, жайнап сала бермейтуғынлығына түсиндим.

Қулласы, таң атқан ўақыт пенен көшеге адам жыйналып, кеңселерде жумыс басланатуғын мәҳәл орталығындағы аралықтың узақ екенлигин усы ирет түнеп шығып, оның азабы менен рәҳәтин татқанда жақсы уғындым.

Мен күткен ўақыт жетип келди. Кеңсе бетке бардым. РайОНО баслығы бүгинде келмепти, барған жеринде қонып қалыпты.

— Бала, бүгин де келмейтуғын шығар, шамасы,— деди кешеги қыз.

— Неге?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Билмеймен. Маған айтпайды.

Маған түндеги көрген азабымнан бетер РайОНО баслығының келмей қалғаны, ҳүжжетлериме мөр бастыра алмай қуры қайтатуғынлығым қатты қыйнады. Асықпастан жатып күте берейин десем, булкәрада таныс үйим жоқ, қалтамда көк тийин қалмады. Буның үстине кешеден бери я суў ишип, я бир түйир нан жегеним жоқ. Енди не ислеймен? Кеңсе айналасында жүрген адамларға үмитли қарайман. Ҳешқайсысының мениң менен иси жоқ.

Қайтып кеттим. Бортына асылып жасырынып минген машыннан «Шағал көпир»ге жетип шамаласқан жердеги орпаң топыраққа қарғып түсип қалдым.

Мен район орайындағы кеңсеге қатнап, ҳүжжетлериме мөр бастыраман деп дүзде түнеп бүлинип жүрсем, меннен басқалар қашшан мөр бастырып алыпты. Қай жерден дейсиз ғой!? Ҳаў, ҳаў, қоңсы аўылдағы он жыллық мектептиң дөңгелек мөри бар екен. Соны басса да ҳүжжетлер қай жерге болса да өте береди екен.

Мен жол бойындағы таныс үйден бир шайнек шай ишип ҳәллеңип алдым да, он жыллық мектеп қайдасаң деп тартып кеттим.

Ал, негизинде сол бир күн, бир түнде бастан кеширгенлерим буўынымның қатып, ой-өрисимниң өркенлеп, анаў-мынаў нәрсеге итибарлы қарап, оған әдил баҳа бермеге атылған дәслепки қәдемлерим, ал келешекте гезлесетуғын қыйыншылықлардың ең туңғышы екен.

Ақыры, адам баласының өмири ҳәрқашан тек рәҳәттен, ҳәзликтен ибарат емес, жүретуғын жолы да айнадай тегис ҳәм туппа-туўры болмайды, неге десең бурылыспа, дығырық, айланбалары көп бул өмирдиң.

Әне, мениң ҳүжжетлеримди тастыйықлап беретуғын дөңгелек мөрди қыдырып бастан кеширген ҳәдийселерим усылар еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ГИЛТ

*гүрриң*

Бул пахта отақтың көз аштырмаған ғаўырт күнлери еди. Адамлар күнди азанда атыз басында шығарады. Сонда бизлер еле төсекте уйықлап қаламыз. Күндиз үйди қараўыллаймыз, усақ малларға шөп орып әкелип саламыз, суўғарамыз. Қулласы, бизлерге күн узаққа жетерлик жумыс табылады.

Усы күни дигирман сыпырғыштың астына таслайтуғын үйдиң гилтиниң баўын түлен түртип билегиме орап алдым. Орнына таслап кетпегениме енди пушайман жеп отырман.

Түстен кейин тез ағатуғын насос салманың бойында ҳарламай ойнадық. Бизлер қазған жиңишке салмадан суў ҳарлап ақты. Оның қызығына берилип кетип, күн еңкейип батпаға шамаласқанын аңламаппыз.

Топа-торыстан асығыс тарқастық. Балалардан бөлинип үйге қарай кеттим. Салма бойындағы қурбақа шөплер үстинде гүбелеклер пәлпәллеп ушып жүр. Шөплик арасындағы ыбыр-жыбыр қумырысқалар жәнжаққа жуўырысады. Күниң ашықлығы менен әтирaптағы тамаша көринистен кеўилленип сала бергеним соншелли, гилт баўын балан үйрек бармағыма өткерип алдым да, шыр гүбелек таўлай бердим. Тап трактордың ғыр-ғыр айланған пәррегине усайды. Тамаша. Өзимше қуўанаман және күлемен. Аяғым жер илместен ушып киятырман.

Бир ўақытта қуўанышларым бир пул болды. Бармағымнан жаздырылған гилт ушып кетти. Қай жерге түскенин көзим илмей қалды. Соннан изле келип... Еңкейип ҳәр шөптиң түбине үңилип атырман. Гей жерлерде отыра қалып қалың арасын тинтемен.

Әтирап гүңгирт тартып баратыр. Адамлардың алды жумыстан қайта баслады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қалың шөп арасына ушып түскен гилт табыла қоя ма? Бизлер еле гилтти қырылып-жойылып излеп атырмыз. Ақыры ,маған майда балалар гилт излеспеге көмеклеспеге келди.

Күн батып кетти. Бос ящик жыйналған дуканның қараңғы көлеңкеси насос салма үстинен асырылып өтип, қурбақа шөплерди жаўып турды. Бизлер гә дизерлеп, гә еңбеклеп излеп атырмыз. Айырым жерлердиң шөбин жулып тақырлап тасладық.

Үш-төрт ҳаял насос салманың ағаш паяпылынан абайлап өтти. Арасында апам бар екен. Тоңқаңлап жүрген маған көзи түскеннен:

— Қыршын не излеп жүрсең бүкшеңлеп? Жүўернемек-аў, мен келгенше үйдиң есигин ашып, ошаққа дүмшени басып қоймайсаң ба? Не жойттың? Не? Қыршын, қәне айт!—деп алыстан бақырды.

Ал, керек болса? Өзи шаршап ҳәм шөллеп киятырған адам кимди аяйды? Кимге мийирбан болады? Мен тилинен жалын шашыраған жылан қарсысындағы қурбақа киби жансыз қаттым да қалдым. Тилден сес, бойдан күш қашты. Мыңғыр бас мойынға әйтеўир илинип салбырап тур. Әллеким бармағының ушын тийгизсе, шөллеген ғумша киби төңкерилип түсежақ.

Мениң түримнен және үнсизлигимнен, апам жақпас нәрсе ислеп қойғанымды аңлады.

— Жер жутқыр қыршын. Ата-анасына қол-қанат болайын демесе. Күнде бир затты бүлдиреди. Қәне, не жойттың? Айтсеш,—деп бурынғыдан бетер қатты бақырды.

Мен еле буғып отырман. Усыннан жердиң жүйи ашылып, өзим сыйғандай саңлақ ашылса төмен сүңгип кетежақпан.

— Ҳаў, әўмек саған айтаман! Күн батты. Малдың алдына шық. Жуўыр. Гилтти маған бер...

Гилт қолымда турғанда усылай етип жер шуқылап отыраман ба? Енди не деймен? Жер жутқыр излеген



www.ziyouz.com kutubxonasi

менен табылмаса? Мен түбимдеги шөптиң басын жулып, бармақ арасында сындырдым. Мениң орныма қасымдағы балалар жуўап берди.

— Гилт излеп атырмыз. Бармағынан шығып кетипти. Табамыз, шеше. Табамыз.

Бирақ, мен олардың табатуғынына исенбеймен. Өйткени, қараңғы түскен сайын шөплик арасынан жойтылған затты таппақ мүшкил. Шыжым жип сары баўы көзге түсе бермейди. Көзди алдайды.

— Гилтти! Өйппей, маңлайым қашан жойтқан!

— Жаңа.

— Ҳәй, мен саған айтып турман, қәйтип жойттың!

— Бармағымнан баўын өткерип таўлап ойнап киятыр едим.

Бармағың неге қырқылып түспейди.

— Қолымнан шығып кетти.

— Өзиң неге ушып кетпейсең! Неге өзиң жойтылмайсаң?! Енди дүзде түнеп шығамыз ба? Үй ашылмаса, ишке кире алмасақ?! Гилт табылмаса! Сени ме, сени?!

—Апам арқалаған азымшық отынды салма бойына тартып урды. Аппақ шаң бурқылдап дөгерегине шашылды. Мен истиң насырға шапқанын аңғардым да, қалай қарап қашсам қутылатуғынымды қарастырдым. Усыннан апамның қолына илинсем бас демей, көз демей урады, ҳәтте үйге қамап таслайды. Неге десең, апамның ашыўы жаман. Әкем қайтыс болғанда күйик көтерип еди. Әжағамды ФЗО ға алып кеткеннен кейин бирден оттай жаныл бурқылдап кететуғын болды. Соңғы күнлерде жини маған түсти. Екиниң биринде тоқпақлап сабап, көгермеген жеримди қалдырмайды. Бир-еки айдан берли әжағамнан хат келмей атыр. Буған да ашыўланады. Және тағы мен күн сайын бир затты бүлдиремен. Бүгин болса гилтти жойтып алдым.

— Қаныңды ағызып ғана тынайын! Басыма шырақ жағарман дейсең бе? Қол ушына көтерип жүремен деген әкең де мени отқа таслап о дүньяға өтә кетти. Әке



www.ziyouz.com kutubxonasi

орнын басарма деген ағаңды да қанқусқырлар көп көрди. Сен болсаң маған көмеклесиў орнына, қайтама азап бересең. Өмирим хорлықта өтетуғын болды ғой. Өлтирип-ақ тынайын сени!

Мен апама услатпастан қаштым да кеттим. Ол изимнен жете алмастан бақырынып қала берди.

Сол қашқаннан қашып отырдым. Ҳәзир басыма таяқ тарсылдап тийип, силемди қатыратуғын болғанлықтан, қараңғыдан қорықпастан қашып киятырман. Аманлықта бул жаққа биреў зорлап жибергенде де келмес едим. Себеби, ҳәр жерге салынған дара тамлар түбинен шуқыр ой басланады да, арманырақтағы пахтазарлыққа ушласады. Ара-арасында жүўери атызлар... Дөгерегиндеги қалың кендирден аяқ басалмайсаң. Ол жыллары ҳәзиргидей айдын-айдын кең көлемлер аз еди. Айнала-дөгереги тақырлық. Соплықтан түйир-түйир қызыл туқымлы, алақандай жайылып ашылатуғын мийўеси бар геўрик түп-түп болып ҳәр жерде жайылып жатады. Үсти ғуж-ғуж тикен. Ара-арасында жемиси қап-қара қарамық та ушырасады. Солар жетилип пискенде көзимиз қанша қызса да, ол әтирапқа жалғыздан-жалғыз жақынлай алмаймыз. Биринщиден аўылдан тыста бир өзимиз жүрмеге қорықсақ, екинщиден «тисимизди санайтуғын» гүмгүмнен ҳәм тусыңнан оқ киби зуўлап өтетуғын қарыстай оқ жыланнан қорқамыз. Бирақ, тақырлық, ой, жүўери атызларының арқа-күн батысындағы тутзарға азанлы-кеш жалғыз бара беремиз. Өйткени, ол жер адамсыз болмайды. Қыс күнлеринде үлкен адамлар қыйсық шақасын шаўып сыйдамласа, ала бәҳәрде ишин отайды, қуўрақ шөпти өртейди, ал жазда тут пискенде балалар лолыдай шубырысып терип жеп жүреди.

Бирақ, мен тутзарда түнде адам түнейди деп бир адамнан еситкен жоқпан. Сонда да бир күнше соған паналайман деп туўры киятырман. Тутзарға жақынлаған сайын қорқайын дедим. Даладан ҳәр түрли ҳүрейли



www.ziyouz.com kutubxonasi

даўыс еситилип атыр. Арқа беттеги гөнетамдағы байыўлының шықылықлағаны қуйқанды жуўлатады. Аўыл бетте ҳәр жерде жақты көринеди. Ол үйлер айнасының жарығы еди.

Изиме қайтайын деп турдым. Және ол пикиримнен қайттым. Гилт табылмаса астым жер, үстим тепки болады. Апамның ашыўы тарқағанша көзинен таса болаўым шәрт. Мен соған бел байладым.

Усындайда басына мың сан қыял уялап, мың сан әбеший затлар ойына оралады екен. Ҳәркимнен сорап алып, ертең және басқа китапларды көп оқыйтуғын едим. Бир китапта өзимнен кишкене баланың тас түнек үңгирде жасағаны туўралы жазылған еди. Мына тутзар ол үңгир қасында үйге бергисиз. Мен сонда сол баладан қорқақпан ба?

Және тағы ашыўшақ апама өзимниң қорықпайтуғынымды көрсетип қойыўым керек. Егерде ура берсе жалғыз жасаўға күшим жететуғынын да билип қойсын. Мен кетип қалсам жалғыз өзи қалай жасайды? Оннан кейин қайта баўырына тартып аймаласын келип...

Қараңғыда алға бес-алты адым аттым. Жүрегим дир ете қалды. Әнеқалас, түксийген тутзарға үстибасы шубатылған бир зат жылысып киргендей болды. Кийимлери алабажалақ. Не ол? Адам ба ямаса басқа нәрсе ме? Қорқып турман. Сол турғанда түнде апамлардың әңгимелесип отырғандағы гәплери ядыма келди. Олар гейде көбинесе жин, шайтан, мәмелек ҳаққында айтысар еди. Әсиресе, мәмлекеттен қорықса болады. Ол көзиңди байлайды екен. Бир жерге қайта-қайта айналып келесең, ямаса бир жерге отырғызып қойып айналаңда өзлери аяқ-қолларын сәррең-летип ойнап жүреди.

Әне, атымды айтып шақырды. Табаным асты қозғалып кетти. Тап тереңшуқырға жылысып түсип баратырғандайман. Тура қашқым келди. Енди жаңағы да-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўыс таныс баланың ҳаўазына усады. Айнымаған өзи.

— Қорықпай келе бер! Жин-шайтан емеспен! Аманбайман! Көрип турман... Қорық па? Биреўден екеў жақсы.

Тайдай туўлап турған жүрегим тез орнына түсти. Аяқ-қолыма жан енди. Шеттеги тут түбине қараңғыда сығалап қарадым. Дурыс, үсти-басы аламыш-аламыш екен. Ақ көйлек сыртынан жыртық бир нәрсе кийипти. Жеңи салбырап тур. Етеги тобығына қабады.

Екеўмиз қалың тутлық арасына кирип, ортарағына сиңип бардықта, ғарры туттың түбине төселген қуўрақ шөпке отырдық. Ол мениң бул жаққа не сүргинге түсип келгенимди сорамады. Себеби, оған қасында адам болғаны жақсы еди.

— Ашпысаң?

— Ашпан. Ал, не бар? Апамнан **қашып шықтым...** Гилтти жойтып қойдым.

Аманбай үндемеди. Аздан кейин:

— Ҳеш гәп бала,—деди жубатып.—Бирде тоқ жүрсең, бирде аш жүресең... Мен көбинесе аш жүрмеге үйрениске нмен. Мә!—Ол кишкене тостағанды алдыма ысырды. Төмен үңилип қарадым. Тостағанда тут толып тур. Уўылжып пискен. Қараңғыда түрин ажырата алмадым. Барлығы қарамықтай қара көринди. Аўзыма салдым. Бир шийрин дейсең, ерип сала берди. Әўеле аўзыма биримлеп салдым, соңынан алақанымды толтырып таслап отырдым.

— Мейлиң алғанша жей бер,—деди ол.—Әттегене нан кемис. Үйде ағам жоқ. Нан қайдан болсын?!

Мен де оннан ҳешнәрсе сораған жоқпан. Билип турған нәрсени сорап не қыламан? Анасы былтыр бәҳәрде қайтыс болды. Тойып болғаннан кейин бәрибир:

— Ағаң қайда?—деп сорадым.—Қыдырып кетти ме?

Аманбай көйлек сыртындағы жеңи шубатылған кийимди шешип, бас ушына бүклеп таслады. Тут жа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

пырақлары арасынан мөлтилдеп көринген жулдызларға үнсиз қарап жатты. Бетине қарадым. Оның қыйналып, ямаса қуўанып жатырғанын байқаў қыйын еди. Терең гүрсиниси қыйналғанының белгиси екени анық.

— Аналы жетим зор жетим, әкели жетим хор жетим,—депти бурында,—деди ол жүдә салмақлы.—Сен аналы жетимсең. Зорсаң! Бахытлысаң. Мен әкели жетиммен. Мине хор-зар болып журмен. Ишерге тамақ, кийерге кийим жоқ. Бирақ, сен.—Ол ийнимнен тартты. —Анаңа қуры ашыўланыпсаң. Қашып кетпеўиң керек еди. Урғанда не болыпты. Жылайсаң қоясаң. Ана таяғы май... Ҳәзир анам болып астына басып сабағанда да қыйналмас едим.

Мен оған қарсы сөз айта алмадым. Бирақ, өжетликтен өзимдики өзиме жөн, оның нәсияты мийиме қонбай атыр.

— Әкең бар емес пе?—дедим өжетлесип.—Үйде жалғыз емессең.

— Әй-й.—Ол қолын силтеди.—Билмеген адам не демейди. Билмейсең.—Ол басын былғады.—Билмейсең...

Ол меннен негизинде бир-еки жас кишкене. Сол кишкене бала маған ақыл берип атыр. Айтқанлары дурыс, сөзи салмақлы. Ҳақыйқатында қатты турмыс адамды тез ержеттирип, ақыл-ести тез жыйнаттыра ма деймен.

— Әкемниң барлығы ырас... Жасырған менен журтқа мәлим. Билесең, әзелден питкен ақыл болмаса, сүрткен ақыл ҳешнәрсе болмайды екен.

— Сонда әкеңди?!

— Тур! Тоқта!—Ол мени шалт ирикти.—Гәпти ақырына шекем тыңла. Соң жуўмақ шығармаға пурсат беремен. Билесең бе, дүньяда адамлар көп. Биреўи ақыллы, дана, данышпан. Екиншилери: жарымес, пайдасын билмейди. Қаңғымай. Үйге де, дүзге пайдасы



www.ziyouz.com kutubxonasi

жоқ. Болмаса бундай адамды өзи бар, саясы жоқ деп атайды.

— Ҳаў!

— Ҳаўына шортан. Бала, дүньяда көлеңкеси жоқ адамларда болады. Сондай адамның бири бизиң ағам. Аўа, аўа... Туўған әкем бола берсин, бул сөзимнен тайынбайман. Иретинде бетине айтаман. Мени кишкентай деп ойлама. Ҳәзир бәрин билемен. Бир жыл ишинде есейип қалдым. Анамның өлими есейтти. Бизлер бул аўылға қурыдан-қуры көшип келген жоқпыз. Журт қатары жасағымыз келди, үйли-жайлы болайық дедик. Анам тиричекли еди. Өзин отқа урды, суўға урды. Ал, бийқайғы әкеме бәрибир еди. Үй болсын деп ойламады. Басының аўған жағында қаңғып жүре берди. Бул аўылға келип, аўа, дайымлардан қорқып қаңғығанын қойды. Жумысқа барды. Диййханшылық етти. Енди апамнан айрылғаннан кейин баяғы ески кәрине айналысты. Қаңғырып кеткенине жети күн болып қалды. Мен жалғызбан. Дайымның қатынлары да маған терис қарады. Күндиз үйде болсам, түнде усыкәраға келемен. Үйден гөре жақсы көринеди маған. Мына тутларды ықлас қойып еккен адамларға мыңда бир рахмет... Еле бул қалың тут талай адамларға тамақ, бизлердейге баспана болады.

Мен оның гәплерин тынық тыңлап болдым да, еки өмирди: өзимдики менен оның турмысын қатар қойып салыстырдым. Меники патшалық екен. Дастурхан нансыз емес. Кийим пүтин, тамақ тоқ. Үсти-басыма жамаў түспеген. Мен өзимди өзим гүналадым. Аманбайдың айтқан гәплери апама болған мийрибанлықты молайтып жиберди.

Шынында бул тутзар урыс гезинде балалар менен қатар үлкенлерге аш жүректи жалғайтуғын тамақ болды, жылда суўғарып, жылда тәрбиялап турғанлықтан мийўеси сырғып мол болады. Ағарып писе басла-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғаннан тап таўсылғанша адамлар терип жейди. Бир шақасын сындырмайды. Соңғы жыллары нан азғантай молайып, ел тоқшылық заманға жетискенде, түбине төгилип түскенлери қумырысқаға жем болып жататуғын еди. Бәрибир балалар ертели-кеш тутзардан шықпайды. Ал, анасынан айырылып, әкеси баласын жалғыз таслап қаңғырып кеткен Аманбай бул тутзарды үй-мәканына айналдырыпты.

Мен Аманбайдың сөзине үнлес гәп айттым.

— Тутларды шанышқан адам неде болса келешегин ойлаған ақыллы адам екен. Өзимниң күниме жарамаса, келешекте адамлардың ырысқы-несийбеси болар деп ойлаған.

— Дурыс, дурыс. Бундай адамды саясы түсетуғын адам деп атайды,—деди Аманбай.—Жер үстине көлеңкеси түспейтуғын бизиң ағам өмиринде бир түп нәл тигип көрген емес. Бәҳәрде атызға дайыларым жүўери егип берди. Ҳәзир отағы басына шығып атыр. Шөллегени қашшан. Бизиң ағама ҳеш нәрсе керек емес. Егин түўе, мени де ойламайды. Мениң қолымнан не келеди. Қыста және үйден-үйге тентене болатуғын шығармыз.

Алыс-алыслардан ғаўық қус бақырып атыр. Шөп арасындағы жәнликлер таңлайы тесилгенше шырылдайды. Болмаса түн тыныш. Аспан жулдызға толы. Екеўимиз егиз қозыдай бир-биримизге тығылып жатырмыз. Оның биреўден екеў жақсы дегени дурыс екен. Бир-биримизге ыссылығымыз өтип атыр.

Аўылдың ийтлери үсти-үстине үрди. Биреўлер баласының ба, күйеўиниң бе атын айтып шақырды. Бизлер бул талып жеткен даўысларға қулақ түрместен жата бердик. Арадан бираз ўақыт өтти. Жаңағы даўыслар тап тутзар түбинен еситилди. Бойымды тикледим. Сырттағы сеслерге қулағымды түрдим. Анамның таныс даўысы еситилип атыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өйппей, шырақларым, ол жер жутқыр, тап усы жерде. Басқа ҳеш жаққа кетпейди.

— Апаң излеп жүр.—Аманбай бүйиримнен түртти. —Мениң апам болғанда олда излер еди... Сен апаңды жаман көресең-аў! Бизиң ағам сууға кетсем де излемейди. Ананың аты ана-дә! Оған өкпелеп не қыласаң. Даўыс бер! Апа деп бақыр. Бол! Бол!

Мен тырс етпестен жата бердим... Апам тынышсызланыңқырасын деп ойладым.

— Ҳәй, шырағым қайдасаң? Даўыс бере ғой. Бақырмайман! Урмайман! Гилт табылды. Айналайын. Усы жердесең билемен... Өкпелеп атырсаң. Қарағым, шырағым, бир ашыўыңды бер.

Аманбай қабырғама дүрс еттирип урды.

— Болды! Даўыс бер! Мындаман деп бақыр.

— Апа мындамыз!—Мен даўысым өзгерип бақырдым. Өйткени, жылағым келип кеткен еди.—Мында! Ҳәзир шығаман! Тоқтап турың!

Мен шалт түргелдим. Аманбай сынын бузбастан сулайып жата берди.

— Сен турмайсаң ба?,—дедим оған.

— Жақ!

— Тур! Бол!

— Турғанда қайда бараман?

— Бизиң үйге... Бәрибир ағаң келип турған жоқ. Бизиң үйде боласаң.

Ол мениң даўысымды еситпегендей тым-тырыс жатып алды.

— Тур енди!—Көйлегиниң етегинен тарттым.—Тур! Шаққанлас! Кеттик!

Екеўимиз тут ишинен бирим-бирим шықтық. Апам құшақлап мени баўырына басты.

— Әўмесер не қылғаның! Бир шаппаттан өлесең бе?

Бала ғой, бала. Тентеклиги басым,—деди жан қоңсымыз. —Сени сынаған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Неге?

— Жақсы көре ме, көрмей ме?—деп.

— Мырзаға тамашасаң-аў, қайсы ана перзентин жаман көреди. Жумыстан шаршап киятырғаннан кейин... Болмаса, мен бир тас баўырман ба?

— Тас баўырлар табылып қалады, кише.

— Болды, болды,—деди апам шаққан.—Үйге қайтайық. Неге турмыз. Жоғымыз табылды, ортамыз толды.

Аманбай менен ҳешкимниң иси болған жоқ. Ол терис бурылды. Мен апамның етегинен тартып ириктим.

— Апа, ана Аманбайды да ертип кетейик... Үйинде ағасы жоқ. Тутлықта түнеп жүр екен. Бир өзине қыйын.

Апам сөзимди сындырмады.

— Ал, балам жүре ғой, жүр,—деди оған қайрылып қарап.—Бирге болған мыңға болады. Мен жалғызға тирелип қалып едим. Перзентим тағы жуп бола қойсын.

Жулдызлар арасында қалқыған айдың гүмис сәўлеси түскен жиңишке соқпақта барлығымыз дизилисип аўылды бетлеп жүрип кеттик...

Аманбайдың ағасы сол қаңғып кеткенинен артқа бир айды салып, жаздың ақырында қайтып келди.

## ОЙДАН ТАБЫЛҒАН ЕРТЕК

*гүрриң*

Қысқы демалыс басланғанына ақлықлар егиўлери қулағына жеткенше ыржыйып қуўанса, жым-жыртлықты, пайызды күсейтуғын ғарры керисинше қыйналды. Ўақыт басқаның қыйылшылығына қарамайды екен. Декабрь айы аяқланып, жаңа жылда мурынның астына келип қалды. Дала суўық болғанлықтан тентеклер үйди басына көтерип шаўқым салып, өжиреден өжире-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ге тай қулындай шыпқылады жүрди. Ғаррының мийинен мий қалмады. Қыстың күнинде телевизор деген де, иши пискен кишкенелерге өмирде таптырмайтуғын ермек екен. Ол да қысқы демалысты сарғайып күткен сыяқлы, сүўрети суў болып тайғақ муз киби көгерип қатты да қалды. Айнайы жаҳанның даўысы қулағыңды қақшып ғаңқылдап-ақ тур, ал адам сүлдери түбине таялып үңилгенде де көринбейди. Көк-көмбек, сулыў соқыр.

Көзин ашқаннан сүўрети жайнап турған телевизорға үңилип, мультфильм болса алдында шомпыйысып отыратуғын бәйбәтшелер оған қыйсайып та қарамайды. «Сүўрети көринбегеннен кейин не керек?» деп қайтама ашыўы бетине шығады.

Оқыўдан қолы босаған балаларға не болса да ермек керек. Телевизордан болса пүтин гүдер үзди. Енди олар жасырынбақ, арқаласпақ қусаған шаўқымшыл, бадабатқа батқан ойынды ойлап тапты.

Ғаррыға балалар қапылғанда бир мезгил оқыйтуғын ўақыт маза еди. Олар келе сала сабақ таярлайды, оннан кейин телевизор. Қулласы, тап усы күнлердей өзлерин умытып шаўқым салмайды. Енди мине мийин айландырып, басын аўыртты.

Ғарры адам жастай диңкилдеп қайда барады. Суўық. Ҳешқайда барғысы келмейди. Бирақ, үй-иши алатопалаң, бақырыс, бир майдан тынышлық жоқ.

Ол диванда басын көпшикке көмип жатып, қар жапқанын, онда да мол жапқанын, бир-еки күн ишинде ерип кетпестен жерге төселип жатқанына күседи. Оның өзинше есабы, ойы бар. Ақыры далада аппақ қар жарқырап жатырса, ақлықлары аяғын тусаўлап қойсаңда бир заман үйде турмайды. Әне, сонда бурынғыша тыныш жатып дем алады, басының аўырғаны тоқтайды.

Базда адам баласының жата-дастанып тилеген тилеклери қасық кеппей атырып орынлана бермейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы сапар да тап сонын өзи болды. Ғаррының қыялынша, соңғы ўақытлардағы жыл мәўсимине сирә түсинип болмайтуғын еди. Өйткени, аты қыс демесең, ығалсыз қуўарып, дала бети қараўытып ажарсыз жатып алады. Қоян қулағына шекем сүңгип кететуғын омба қарлар дегениң баяғыларда болған, ал ҳәзир аспаннан ҳеш болмаса қарға уқсаған майда аппақ нәрселер де шашылмайды. Қулласы, қыс қарсыз қуўарып өте шығады. Неге ондай екен-әй. Түсиниксиз. Ҳаўа райы оғыры өзгерип кеткен бе ямаса бултларды жолда биреўлер иркип, басқа тәрепке мурнына сабақ байлап сүйреп кете ме? Түсиниксиз, жумбақ.

Еки-үш күн алманлықта өтти. Төртинши күнге қарағанда телевизорсыз отырған балаларды бирқыйлы ойында зериктирди. Атасының қасынан шықпай айланшықлап, «телевизорды оңлатса, ата»—деп мийине курт болып түсти. Бир-еки көше арыдағы үйлерден қолы епли жигит таўып қайтты. Ол адамға «жан» беретуғын лампочка күйгенлигин, өзинде ҳәзир жоқ екенлигин айтты. Баласы менен келинине айтып еди, екеўи де «өзиң изле, бизлердин қолымыз тиймейди» деп басы айналмады.

Ғаррының өзине салса, өз қәлеўи болса телевизордың мелшийип тым-тырыс турғаны жақсы. Қулақты тесип баратырса пәсейтпеген болатуғын телевизордың сестинен бетер балалардың аспанға шыққан шаўқымы берекетин алды. Соннан қаладағы телевизор сататуғын дүканлардың барлығына барып қайтты. Дүканлар ҳүў-ҳақ деп тур екен. Сататуғын зат қалмағаннан кейин дүканшылар бузық телевизорға қараўыл болып отыр. Барлығы бир сөзди тотықустай алжаспастан қайталайды. «Фонд түўесилди ата. Ондай лампочка жоқ. Бар болғанда да дефицит. Жаңа айдың орталарында келип қалыўы мүмкин. Сонда да исендирип айта алмайман». Ал, ғаррыға демалыс питкеннен кейин бес тийинға кереги жоқ. Тап бүгин, тап ҳәзир керек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Қашан болмасын сондай. Жоқ. жоқ. Жоқта басы қалғырлар. Усы бала қашан бар болады. Қашан бир затты тентенемиз шығып излеп жүрмейтуғын күн туўады екен». Ғарры солай деп тоңқылдап өкпелеп қайтты.

Азанда күн ашық болды. Түс қайта аспанды булт басты. Ғарры тығыз бутларға нәзер таслап қойып, ишинен сүйсинип қоя берди. Негизинде бул қар булт-лары еди. Ғаррының ойынша және тағы күн пышақ арқасы жылытайын деди. Итимал қар жаўады,—деди ол. Усындай суўықта өткен жылдағыдай мезгилсиз жаўын қуйып бир бәле бар ма?

Үйде адам болмағаннан соң баласы түспегирлер өзлерин умытты. Үй-иши әйўан-жәйўан. Көрпешелер ҳәр жерге төбе-төбе үйилген. Көпшиликлерден айландырып қорған соғыпты. Есик бетте дийўалға сүйеп қойылған сипсе төрде жатыр. Әйтеўир есиктеги төрде, төрдеги есикте араласып кеткен еди.

— Ата, таўып қайттың ба?—деди бир шетте бир өзи ойнап отырған ақлығы алдына жуўырып шығып. —Бармекен?

Ғарры тығылып қалды. Оған лимит түўесилгенин, лампочканың қыт екенин қалай түсиндиреди. Басқа ақлықлары да оны айланшықлап қоршап алды.

— Таптың ба? Телевизор көргимиз келди. Оңлата қойса, ата, тез яқшы ма?

Ғарры уст кийимлерин асықпастан шешти.

— Айналайынлар, сизлерге телевизорды жырып жиберетуғын тамаша зат таўып қайттым. Егерде оның менен ойнасаңыз үйди умытып кетесиз. Үйге дарымайсыз.

— Ол не? Хоккей ме?

— Жақ.

— Футбол ма?

— Жақ.

— Шахмат па?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өткен жылы әкелип берген жоқпан ба? Қала саласыз ба өйтип...

Ортаншы ақлығы бети қызарып жүзин алып қашты. Олай болса, түсиникли. Шахматты алаңғасар ортаншы ақлығы «еккен», тасларын сындырған.

— Жоқ!—деди кишкентайы.—Сынып қалды.

— Сынғаны жақсы болған,—деди ғарры нықыртып. —Жақсы болыпты. Сындырың, сындыра бериң, түўе.

Барлығы да айыбын мойынларына алып, енди деми ишине түсип тил қатпастан турып қалды.

— Бүгин бе, бүгин сизлерге тасқа урсаң да сынбайтуғын, суўға батырсаң да шүмбейтуғын ҳасыл зат таўып қайттым. Жойтылмайды. Ойнай бересиз, ойнай бересиз.

— Ата, айта қойса, айт! Ол қандай беккем зат?

— Қар. Аппақ қар! Шананы зытқытып жиберетуғын тайғанақ қар.

— Пай айттын,—да, —деди ортаншысы уртын томпайтып. Сол да зат па екен? Жойтылмас, қайтама бир күнде ерип кетеди.

— Еримейди.

— Ал, еримесе қашан жабады? Быйыллыққа қар жаппады.

— Мен жаптыраман. Тап усы быйыл жаптыраман. Өзиме де, сизлерге де.

— Өзиңе не кереги бар?—деди және ортаншысы.

— Керек. Қар жапса сизлер далада ойнайсыз, мен үйде тыныш отыраман.

— Жаптырарсаң!—деди ортаншысы ерегисип.— Қолыңнан келмейди. Қар саған бағынбайды.

Аңгөдек үлкен ақлығы атасының гәпине бурынғысынша инанып, басқаларға жеңислик бермеди.

— Жаптырасаң ғой ата, я? Күшиң жетеди, солай емес пе?

— Ырас күшим жетеди, жалынаман, өтиниш етемен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кимге?

Ғарры еле мойны жар берместен гәпине инанбайтуғын ортаншы ақлығының мурнынан шертти.

— Ана бар ғой, шашы қырқ гез, бойы қырқ гезден асқан мәстан кемпирден. Аспанда арбасын тасырлатып жүрген ше? Сол арбасын даңғырлатып булт үстинен айдап өткенде жаўын жапты ма, жапты. Енди оннан қар жаптыр, өзи мол болсын, бир айға шейин ерместен жерде мурты шағылмастан шағылысып жатсын деймен.

Ортаншы ақлығы бәрибир басын шайқады.

— Өтирик.

— Ырас,—деди үлкени.—Мен атама исенемен.

— Мен де,—деди ең кишкенеси.—Атам айтса орынлайды.

— Яқшы, ондай болса тап ҳәзир жаптырсын,—
—деди ортаншысы.—Бизлердиң көзимизше. Қәне, мәстан кемпирди шақыр, қалай сөйлесесең? Бизлер қасында еситип турайық.

— Қупыя! Сыр!—Ғарры бултласқан аспанға айнадан қарап қойды.—Сыр балам! Оның менен түнде ярым ақшамнан аўғанда сөйлесемен. Оған егерде Туран ойпатында қар бултлары болмаса, сол анаў узақ-узақтағы Антарктидадан, қай жерде бар болса сол жақтан арбаң менен қуўалап қайт деймен.

— Көремиз ата!—деди ортаншысы.—Алдама бизлерди.

— Алдамайман, балам! Атаң ҳеш ўақытта алдаған емес. Бирақ, қәне үшеўиңизден атаңыздың өтиниши бар. Жаңа мәстан кемпир менен ярым ақшамнан аўғанда сөйлесемен, өтиниш етемен дедим. Сол ушын мен усы бастан дем алажақпан. Болмаса шаршап уйқылап қаламан. Айтар сөзимди де умытып қалыўым мүмкин. Ғарры адам шаршағыш, умытшақ болады, шырақларым!

— Онда бизлер не қылайық ата!—деди ең үлкени



www.ziyouz.com kutubxonasi

екеўиниң атынан.—Не исле десең ислейик. Бирақ, қар жапса болды. Телевизор оңланғанша далада ойнап турамыз.

— Мениң тынышымды алмаң. Бақырыспаң. Тыныш болың, балаларым, ҳәмийше тынышлық жақсы нәрсе!

Жумыстан кеш қайтқан ерли-зайып тентек перзентлериниң жыңқ етпестен тым-тырыс тыныш отырғанын абайлап ҳайран қалды. «Аға, аға деймен. Телевизорды енди қашан оңлатасаң. Оңлатса! Жаңа жылда мультфильмлер үйин-үйин болып атыр! Биреўинде көрмедик. Жумыстан бир күн қалғанда не қылады!—деп мазасын алмады.

Жатарда ең кишкенеси әкесиниң қулағына аўызын басып, әсте-әсте сыбырлады.

— Бизлер тыныш отырсақ, атам азанда қар жаптырады. Қар!

—Қалай?—деди ол да сыбырланып.—Бир жақлардан жетеклеп қайтама?

— Анаў аспандағы арбалы мәстан кемпирге айтады.

Әке мыйық тартып күлди де қойды. Әкесиниң қупыясына түсинди.

Ғаррының аты ғарры, басқалардан бурын жатып қалды. Уйқы қурығыры шала бола берди. Ырасы, бурынғыдай жел «бүркин» тасмийтин уйқылап қалмады. Өйткени, ақлықларының алдында өтирикши болып қаларман деген гүдик оған тынышлық бермеди.

Қарсыма қарсы сыртқа шығып қайтты. Булт тегис болса да, еле ҳешнәрсе себеплеп турған жоқ. Ғарры әбден албырады. Және төсегине жатып қалды. Уйқысы келмеди. Таң алдында ғана қара пальтосын басына бүркенип есикке умтылды.

Сыртқы қапыны ашқаннан бир нәрсениң шытырлап атырғанын еситти. Не ол? Қар ма? Ямаса самал көтерилген бе?

Көзиң жақсылық көрсин, қар жаўып атыр екен. Әл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәббиз, ғаррыны қысыныспадан қутқарған мәстан кемпир саған мында бир рахмет! Егерде сениң атыңнан қар жабады деп айтпағанда, және жаппағанда ғаррының аўҳалы шатақ, өзи өтирикшиге айланып шерменде болар еди!

Ғарры мысқал пайдасы тиймеген мәстан кемпирге, оннан кейин қар таслап турған қалың бултларға ҳақ көкиректен алғысын жаўдырды.

Басқаларынан сергек және кескен жеринен қан алатуғын ғаррының өжет ортаншы ақлығы ыссы көрпеден апыр-топыр шыға сала, пердеси түсирилген айна бетке жуўырды.

— Ҳаў, қар жаўыпты, қар!—деди әсте. Изинен: Турың, турың, қар жаўыпты. Мәстан кемпир атамның өтинишин орынлапты,—деп бақырып бөлме ишинде арман-берман шапқылады,—Енди далада әрмансыз ойнаймыз. Атама рахмет, қар жаптырған!—Рахмет!

Ғарры ойдан тоқыған ертегиниң тилегине сай шынлыққа айланғанына қатты ырза болды.

Тентеклер азанғы шайын шала иштн де, жыллырақ кийинип сағынған аппақ қарға жеткенше биринен-бири қалмастан жуўырысты.

## ХАТ

*гүрриң*

Ол мектепке басқа муғаллимлерден көп бурын келди. Еле бирли-ярым ғана бала келген екен. Муғаллимлер жайындағы аламыш тыслы гөне шүңгил диванда отырып алды. Ўақыттан пайдаланып биринши сааттағы сабақтың темасын тағы бир мәрте көзден өткергиси келди. Өйткени, түнде қонақ күтип, сабаққа шаларақ таярланған еди.

Ақ сумкасынан китапты алып дизеси үстине қойған ўақытта, жабық қапы ашылды. Жақында жумысқа



www.ziyouz.com kutubxonasi

келген сипсекеш келиншек тартына-тартына босағадан атлады.

— Неге қысынасаң? Келе бер,—деди оған Бийбиайым әлпайымлық пенен.—Келместей жериң емес ғой!

Қол алысты. Аманлық-есенлик сорасты. Қолтығына гөне сипсе қысқан келиншек, Бийбиайымға сарғыш тыслы дәптерди созып атырып:

— Партаның астынан тауып алдым. Ийесиниң ким екенин билмеймен. Атын жазбапты. Балалардың қолын таныйсаң ғой... Ийесине тапсырарсаң,—деди.

Ол есикти жапқаннан тағы қапы ашылды. Муғаллимлер изли-изинен жубы үзилместен келе баслады. Биринши сабаққа кириўге қоңыраў қағылды. Бийбиайым жаңағы келиншек тапсырып кеткен дәптерди сумкасына сала қойды.

Оны сабақ арасында оқып көрмекши еди.

* * *

Биреўдиң дәптери деген сабақ жазылған дәптер емес, анасына жазған хат ямаса кишкене болса да бастан кеширген ўақыяларын жүрек тебирентип баянлаған қолжазбалар екен... Ол ер баланың онша ири емес және жүдә өлпең майда емес қолына көзи түсkennен, қол жазба ийесин жазбастан таныды... Неде болса оқып шығайын деп, дәптерди алдына жайып үйдеги өзиниң жазыў столына оңаша отырды.

* * *

Ана! Анажаным! Мени усындай тоқшылық заманда өзиң тири бола турып неге таслап кеттиң? Өзиң менен бирге алып кеткениң де болмас па еди? Меннен ойың бөлек және меннен бөлек жасайтуғын болсаң неге туўдың? Мен перзенттиң емес пе едим? Мени баўыр-етим перзентим, жигерим деп санамасаң, жөргекте аяқ-қолым тырбаңлап жатырғанда неге гүм қылмадың?! Көзимди жоймадың?! Мен байғус тирилей анадан айры-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лып, жетимлик жапасын шекпестен және ауырманшылықты бастан кеширместен сағыйра гезимде жер астында тыныш жататуғын едим ғой?!

Ана! Анажаным! Бул күнде мениң күнимди ҳешкимге бермесин. Мен көрген хорлықты, зомбылықты ҳеш бала көрип атырған жоқ.

Сен усы ўақытқа шекем ҳақыйқатлықты маған айтпаған екенсең. Бәрибир билип алдым. Негизинде шынлық жалғанлық түбинде туншығып жатпастан, бир күнлери қалқып жүзине шығады екен. Соннан кейин журтқа мәлим болады екен.

Айтайын ба? Мениң түсинигимше шынлықты бетке айтқанның айыбы жоқ. Сол ушын тазғарасын ағызып айтаман. Барлығын айтаман. Айтпағаным менен ишиме сыймайды, бир күни болмаса бир күни жол тауып сыртқа атлығып шығады. Сол ушын да айтаман, өзимди жеңил сезип, дүньяға шынлық көзи менен қарап жасаў ушын айтаман. Өтирик, жалған жалықтырды, апа!

Мен жақында билип алған ҳақыйқатлық негизинде былай екен. Батылың жетип, мәртлик жасап өзиң айтпадың, енди мен тартынбастан айтаман. Өзиң жети қулып урып сыр туттың, енди мен оны жәрия қыламан!

Апа-аў! Анажаным-аў! Сен айтқан нәрселердиң барлығы жалған болған менен, ал бул дүньяда жасаў ҳақыйқатлық екен. Усы ҳақыйқатлық адам баласына күнниң күни келгенде өтип кеткен нәрсени, болмаса қашан туўылғаныңды, кимниң зүряды екениңди, ататегиңди мәлимлейди екен. Мен кеш болса да уңқылшуңқылына шекем билип алдым.

Ырасын айтсам, өзиң айтқандай мен ҳәзир жасап атырған ауылда туўылмаппан. Киндик қаным басқа журтқа төгилипти, киндигимди басқа кемпир кесипти. Көзимди бақшыйтып алдап жүрген екенсең. Қырқымнан шықпаған гезимде туўған әкемнен безип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ананның үйине қайтып келипсең. Билип алдым, туўған әкем де бар екен. Тири екен. Сен болсаң өшпенлик пенен тири адамды тирилей өлтирип жүрген екенсең. Әкемди тирилей көмипсең! Әкем сен ушын өлген болса, ал мен ушын тири... Көкирегимде жасап атыр... Еле бет-әлпетин бир көрип тойынбаған болсамдағы, оның ысық дийдарын түсимде көремен. Бармақларына, билеклерине бетимди үйкелеп еркелеймен. Жиңишке саўсақларым қашан өсип толысар екен деп, оның бармақлары менен өлшестиремен... Маған өзи түўе, түкли билеклери, күс-күс бармақлары да қымбат! Ақыры, ол мени дүньяға келтирген әкем!

Яқшы, яқшы... Мен бул хатты саған неге жазып атырман?! Неге жазаман?! Оның да мәниси бар. Перзентке анасына жүзбе-жүз ашшы ҳақыйқатлықты және аўыр гәп айтпақ аўыр. Қыйналады адам. Сол тәреплерине өзимше түсингенликтен, ақырында саған өкпемди айтып, ҳәзирги қыйын турмысым, жағдайымды хат арқалы жеткермекши болдым.

Ана! Анажаным! Мени туўғаның ырас еди ғой! Мен сениң перзентиң едим ғой! Усыннан қурсағыңда тоғыз ай, тоғыз күн қыйналмастан көтерип жүргениң шын болса, мен дүньяға келгенде балалы болдым деп қуўанып жүрегиң шәўкилдеп урған болса, сонда неге мен ержетип аўзыңа ас салайын деп турғанда меннен бөлекленип, тағы биреўдиң жетегине ерип кете бердиң?!

Бәлким, бундай нәзик нәрселерди, ерли-зайыплы арасындағы қатнасықларды мен еле түсинбейтуғын шығарман. Буған ақылым алыспайтуғын шығар? Сол ушын сени гүналап, айып тақпақта қыйын.

Бирақ, мен бирнәрсеге ҳайранман. Егерде усындай ойың бар екен, бурыннан неге ойланбадың. Мен еле ҳешнәрсени билмейтуғын гезимде неге жаңадан турмыс қурмадың. Сонда мен усы үйде туўылып, усы үйде, өскен болып, соған көнлигип қала бермеспедим?! Ҳә-



www.ziyouz.com kutubxonasi

зиргидей хорлығым, арым келмес еди ғой.

Жасырмастан айтайын. Сен күйеўге шығып кеттиң. Басым түўе шекем де аўырған жоқ. Қуўанғаннан қыйналыўым көбирек болса да, өзимди-өзим жубатып ақылға жеңдирдим. Маған еки үй ортасында қатнап, еки үйдиң еркеси болып жасаўдай бахыт несип етер деп ойладым. Жыртық кийимлеримди жаңалап, кеште не ишемен, не жеймен деп бас қатырмаспан деп пәмледим. Бирақ, «үйдеги саўданы базардағы нырқ бузғанындай», мениң қыялый ой-пикиримди турмыс ҳақыйқатлығы бузды.

Өзиң кишкентайымнан қулағыма қуйып зинҳарлап үйретип әжағаң деп атап кеткен, негизинде мениң туўысқан дайым, сениң туўысқан иниң маған неге екени қәйдем дым салқын еди. Усы ўақытқа шекем иниси ретинде яки туўған жийени сыпатында бетиме жыллы шырай берип қараған емес. Муштайымнан ҳәр нәрсеге төзип қалған көмпи емеспен бе? Бул қылўаларына да көндим. Мына нәрсени өзиң менен мың есе жақсы билесең, апа. Соңда да айтпаға туўра келеди. Арыстай азамат бола турып, үйдеги өлеси анасын, изине ерген мени бағып-қақпаға басы айланбағаны жөнсизликтиң барған басы емес пе? Бир тапқаны екинши тапқанына жетпесе де, сол әжағам үйленбеге шебер. Оны да өзиң билесең. Жылына үш-төрт үйленеди. Үйлениў, кишкене той бериў өзлигинен болмайды, және тағы ҳәр сапары алып келген келиншеги түйиншик арқалап келмейди, қайта кетеринде еки-үш түйиншик көтерип кетеди... Бурыннан қалған жуқна ҳәркимниң аўзына илинип кете бергенен кейин үйде не қалып жырайды. Тамақ суйылып, кийимлерге жамаў түседи. Жаңаланбайды.

Онда өзиң де бар един. Әжағам тағы үйленди. Ырасында ең болмағанда кеште ыссылаў бир нәрсе жеп уйқылайтуғын болдық деп дәслеп қуўандық. Ерте қуўанған екенбиз. Ойсырап таяққа жығылмасақ та, гәптен, тоңқылдыдан диңкемиз қурып атыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзи ҳеш затты парықламайтуғын есерсоқ болғаннан кейин бе, болмаса абыйға бабый дус бола ма, үйленген сайын апамыз екеўимизди мушқа қамап көзимизди мәшшийтип таслайтуғын есаўанды табады. Соңғы үйленгени де сондай болып шықты. Есиктен атлағанына үш күн толмай атырып, биз байғус екеўимизди ғайбар таўық киби шоқымаға қарады. Көбинесе маған күн бермейтуғын болды. Буның үстине екеўимиздиң я тамағымызға, я кийимимизге қараса болмайма?

Апа! Апажаным! Негизинде мен анадан туўылған адам едим. Инсан едим. Мени балам дегениң де, адам дегениң де отқа таслап өтә кетермедиң?! Бул күнде я үйде берекет жоқ, я мен мектепке қатнап жарытпайман! Мийиме сабақ қонбайды. Ақпа қулақпан. Ешейин затқа ашыўланып, көзиме көринген адамды ғашырлатып шайнағым келип турады. Муғаллимлериме шекем мениң минезиме түсинбей ҳайран.

Апа! Апажаным! Мен кишкене ўақытымнан баслап урыс пенен кейиске және қарғысқа көмпис болып өстим. Адамлардың кемситкенлерине де шыдадым. Бирақ, адам бойындағы шыдам да таўысылып, бир күнлери жип киби үзиледи екен.

Барлығына шыдасамдағы, енди мына нәрсеге өмирим-өмиримде шыдамайман. Бүйтип хорланғанша дүньяға шықпағаным, бул дүньяда жасамағаным жақсы еди.

Ол не нәрсе, саған хорлық көрсеткен ким өзи деп сорарсаң! Туўры, сорайсаң, Өйткени, сен қаншама тасбаўыр болсаң да, балаға бүйири бурып аяйтуғын арзыўлы анасаң.

Жумбақлай берместен оның не нәрсе екенлигин баянлайын. Соннан кейин өзиңе хат жазып отырғанымның түп мәнисин түсинип аларсаң!

Мен бул күни мектепте едим. Соңғы сабақ еле питкен жоқ еди. Класста аўылдағы Жумырбайдың мектепке қарай жедел жүрип киятырғанын айнадан көрип



www.ziyouz.com kutubxonasi

отырдым. Қолындағы сабы келте, тыны узын гөне қамшысын етигиниң қонышына шырп-шырп урады.

Бир ўақытта оны естен шығарып жибердим. Дәптериме бир нәрселерди жазып атырғанымда, класс қапысы салта ашылды да, ишке жаңа айнадан көрип қалған Жумырбай апыр-топыр кирип келди. Муғаллим отырған жеринен түргелип оған қарсы жүрди. Ал, Жумырбай болса оған қараған жоқ. Еки қатар дизип қойылған парталар арасынан из бетке жүрип келе берди. Кимди шөкелеп киятырғаны биймәлим еди. Мен ойымда ҳеш нәрсе жоқ бийғам және қәўетерленбестен отыра бердим. Жақынлай сала маған пәнже урды. Шеп қолы менен жағамнан услап турып, оң қолындағы қамшы менен жалаңаш етиме, болмаса көйлектиң сыртынан тартып-тартып жиберди. Қамшының ушы тийген жер уўдай ашып, көзимниң алдында көгис жалын жалтылдап турды. Сес шығармастан шыдадым. Шыдағаным бар болсын, бул ўақытта мен шаңғытып атырған еденге уясынан қулаған палапан киби шыйратылып түскен едим. «Қой, қой, ағажан»—деп бақырған муғаллимге қосыла балалар бирден шуўлап қоя берген еди. Ешейинде мени жаман көрип, өзин аўлақ тутатуғын ашыўшақ қызларға шекем жылап жиберди. Жазықсыз таяққа жығылған мени аяп жылап атыр еди, апа! Буннан кейин өзиме не болғанын билмеймен. Есим аўып қалыпты.

Быйыл келген жас муғаллим басымды дизесине жатқарып, самал келсин деп бетимди желпипти. Қоңсы үйден суў алдырып ишкизипти. Көзимди ашып жән-жағыма қарасам, айналамда бир класстың емес, ал мектептиң барлық баласы жыйналып анталап тур екен. Қамшысынан қан тамған жаўыз Жумырбай қашшан кетип қалыпты.

Таяқ етим былай турсын, сүйегиме де қатты батқанба деймен аяғымды басып жүре алмадым. Балалар қолтығымнан сүйемеллеп жүрди. Көмеклесип үйге әке-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лип таслады. Таяқтан силейип исим питкеннен кейин қыбырлаўға шамам келместен үш күн жатып турдым.

Жинли Жумырбайдың маған неге жини түсип, мени неге сабаған дейсең ғой. Оның себебин көптен кейин билдим. Өзиң билесең, ол жинлиниң көргени, билгени, маңлайындағы ҳасыл мүлки, бар дүньясы аўылларға қыдырғанда минип кететуғын аты бар еди. Сол атын жазда аўыл арқасындағы даланлыққа күндиз арқанлап байлап қояды. Түнде үйиниң қасына әкелип байлайды. Бир оңбаған балалар атты арқанлаған жеринен шешип алып минип кетипти. Басқа аўылға апарып босатып жиберипти. Биреўлер меннен көрип, маған силтеген екен. Мен ол күни сизиң үй бетте едим. Атын көргеним жоқ. Бирақ, ол жинли сен бармедиң, жоқпедиң деп сорап дәлиллесип турмады... Әне, мен усы хорлыққа шыдамай атырман. Егер де өзиң болғанда ол кисини таўып алып қолында қан болар едиң. Баланның өшин алар едиң! Ҳәзир мен ушын өш алатуғын бул үйде бир адам жоқ. Апам өлеси адам, қолынан ҳеш зат келмейди. Оныки тик тықырлаған тил. Кишеме мениң таяқтан жығылып, қумыран қапқаным жақсы. Әжағамның мени өлтирип тасланғанда басы айланбайды.

Ана! Анажан! Ол неге мени себепсиз сабайды, сонша баланың көзинше неге хорлайды. Билемен, билемен! Сол жинлиге шекем мениң қорғанышым жоқ екенин, мен бир әменгерсиз-дағысыз қалған жан екенимди биледи. Ҳәтте, сениң мени таслап кеткениңе шекем биледи. Улыўма, сабап атырғанда қолына асылғандай сыйқы дүзиў адам жоқ екенин биледи. Сол ушын журттан айырып алып мени сабап отыр. Апа айтшы бундай хорлық-зорлыққа арланбайтуғын адам бар ма? Неге намыстан өртенбеймен. Сөзсиз өртенемен.

Усындай хорлықтан кейин мен енди үйге және сонша кең дүзге сыймайтуғын болдым. Жылағанда етегим жасқа толады, апа!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ана! Анажан! Мени енди бала, ҳешнәрсени аңғармайды, билмейди деп ойла ма? Онда қәтелесесең! Барлығын билемен! Билгенде қатырып билемен. Сениң оңысығың да мен билсем оқып турған жоқ. Маған сездиргиң келмейди. Бирақ, сезип жүрмен. Өкинесең, бирақ енди пайдасы жоқ. Бармағыңды шайнағың келеди, бирақ, бир мүшең болғаннан кейин ауырып жаныңа батады.

Мениңше жамғырдан қашып қутыламан деп, майдалап жаўып силеңди қатыратуғын силпиге тап болғансаң. Көрип жүрмен, ҳәзирги ериң бул дүньяны тек ҳәзликтен қуралған деп ойлайтуғын келтепәм адам. Оның үстине мәскүнем болғаннан соң оған дүнья бир пәлек. Бәрибир енди пайдасы не? Зәҳәрди абайсызда уртлап алып, енди шалт түкирип таслай алмай атырсаң. Сонлықтан бойыңа жайылып, мүшелериңди толық зәҳәрлеп баратыр. Мени умытып, мени есиңнен шығарып баратырғаның да соннан.

Ана! Анажан! Саган ақыл берип, нәсият айтаман деген сирә ойымда жоқ. Оннанша хат арқалы әңгимелесейик, бул жүзбе-жүз сөйлескеннен гөре жеңил деп ойладым. Кел, қәнекей, ашықтан-ашық сөйлесейик.

Апа! Баста айтқанымдай, сени ҳасла гүналамайман. Ойлансаң, еле де кеш емес. Ҳештен кеш жақсы деген бар.

Оннанша екеўлеп ес жыйнайық. Ақылға ақыл қосайық! Мен сени ана дейин сен мени балам де, кишкентайымдағыдай және баўырыңа бас, мийримиңе тойдыр. Мен балаң иретинде сени баўырманлығыма, ғамхорлығыма тойдырайын. Ақ сүтиңди ақлайын! Усыннан бир сөзим жалған болса, ўәдемнен тайсам мени перзентим деп сана ма?! Қарға?! Қарғысқа батыр! Қарғыстан жығылайын! Бәддиўаға ушырайын!

Егерде қайыл болсаң, иплас болсын, мәскүнем болсын туўған әкемди таўып алайын. Туўры, перзентке ана шийрин, ал әке сырттан топылыстан қорғайту-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғын бәлент мықлы қорған! Мәртебе! Оқ өткермес қалқан! Жаўға атланарда қолға тутар кескир семсери!

Апа! Мен ойлағанларымды, кеўлиме түйгенлеримди бирқатар хатқа түсирдим «Сырым да, шыным да усы».

* * *

Бийбайым кең пешаналы маңлайына сүйрик саўсақлы қолын тиреп ойланып отырды. Екинши бөлмеде күйеўи, шийрин-шийрин балалары уйқылап атыр. Тым-тырыслық. Тынышлықты дийўалдағы сааттың тықылдап жүргени ғана бузады. Ол саатқа қарады. Он екиге таялып қалыпты. Балаларымды ойнатаман, ери менен сөйлесип отыраман деп сабақ таярлаўға кеш кирискенин енди билди. Кеш болып қалсада ертеңги сабақларды көзден бир өткермесе келиспейди. Сонда да ойын оқыўшы баланың хаты бөле берди.

«Билмеген уў ишеди» деген дурыс екен. Ырасында көпшилигимиз уў ишиппиз. Көп нәрселерге мәни бермеген екенбиз. Нургүл жаслық еткен. Баланы класс балаларының көзинше сабатып қойып, неге қарап қалады. Ақыры үлкен-кишиниң намысы бир, я үлкен, я киши емес. Гәпине қарағанда бизлерден де жәрдем күтетуғын қусаған. Айып өзлеримизде де бар. Директор дурыс айтады екен. Класста сабақ бергенди жумысқа санаў жеткиликсиз. Жумыс бунын менен питпейди. Хәр бир бала менен жеке ислесиў керек дей беретуғын еди. Мине, балалар менен жеке ислеспегеннен дөреген нәтийже. Барлығын муғаллимлерге айтыўым керек. Педсоветке қойсам да болады. Өйткени, адамның тәғдири ойыншық емес. Бүгин туўры шешип алмасақ, әлбетте, ертең кеш болады. «Бармақ тислеп, бас шайқаймыз»—деп ойлады.

Ол хат ийесин ертеңине тәнепис ўақтында классқа шақырып алды.

— Бир нәрсе жойтқан жоқсаң ба?—деди оған.

— Жойтқан затым көп, деди ол.—Тапқаным аз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қой буйтип, өмирден түңил ме,—деди устаз жыллы сөйлеп.—Алдыңда еле талай сәўлели жарық күнлер күтип тур. Билесең бе, хатың менде. Класста қалып қойған екен... Басқалары да жақын арада аңсат табылып қалар.

— Оқыдың ба? Оқыдың ба?

Устаздың бет-әлпети қызарды.

— Рухсатсыз оқып қойдым...

— Ҳеш гәп. Оқый ғой. Жасыүлкен бир адамға оқытып алармаң деп жүр едим. Қайта жақсы болған.

— Дурыс ойлағансаң.

— Туўры жазыппан ба, муғаллим?

— Шынлықты жазғансаң. Иште букленген дәрт қағазға толайым түскен. Бул туўры жол. Өйткени, туўған анаңа туўрыдан-туўры айта алмас едиң.

— Жибере берейин бе, муғаллим?

— Ирикпе. Жибер. Түйин ерте шешилсе өзиңе жақсы.—Муғаллим бизлерге де шеп болмайды деп айтпады. Қысынды.—Жибер.

— Рахмет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ


Қайтып келиў . . . . . . . . . . 3

Қарлығаш палапаны . . . . . . . . . . 9

Жағал ешки, ақтырнақ ҳәм сағал. . . . . . . . . . . 18

Өш . . . . . . . . . . . . 24

Жасыл таўға барамыз . . . . . . . . . . 30

Мешелдиң мөлдир ойы, саўдың сайыз санасы. . . . . . 44

Қызыл қозы. . . . . . . . . . . 62

Мөр . . . . . . . . . . 70

Гилт . . . . . . . . . . . 87

Ойдан табылған ертек . . . . . . . . 97

Хат . . . . . . . . . . 104




www.ziyouz.com kutubxonasi

**Әбдимурат Атажанов**

**ҚАЙТЫП КЕЛИЎ**

*(Гүррицлер)*

Қарақалпақ тилинде

«Қарақалпақстан» баспасы

Нөкис—1996

Редакторы *А. Қощанов*
Қарап шығарған *Г. Төремуратова.*
Художник *И. Қыдыров*
Тех, редакторы *Г. Ақназарова*
Корректоры *Г. Турымова*

ИБ—1850

Териўге берилген ўақты. 22 II. 96. ж. Басыўға рухсат етилген ўақты. 10. IV. 96. ж. Қағаз форматы 70х108$^1/_3$. Газеталық қағаз Әдебий гарнитура. Кегль 10. Жоқарғы баспа усылда басылды. Көлеми 3,625 б .т. 5,07 ш. б. т. 5,12 есап т. б . Жәми 3000 нусқада басылды. Буйыртпа 183. Баҳасы 15 сўм 60 т.

«Қарақалпақстан» баспасы 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

ҚР Баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты 742000 Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.



www.ziyouz.com kutubxonasi